МАХ ДУГ

Индекс 73247
12+

7
2020

“Сæрмæт æмæ йæ фырттæ”. Сæрмæт – ТÆБÆХСÆУТЫ Бало

ТÆБÆХСÆУТЫ Балойы ингæн Ирон аргъуаны кæрты

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

МАХ ДУГ

7
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

НОМЫРЫ ИС:

КАДГÆНÆНТÆ
ГÆЛУАТЫ АКИМ: 100 азы 5
ГÆЛУАТЫ АКИМ. Сагты уæзæг. *Новеллæтæ* 6
НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ
ФИДАРАТЫ Руслан. Æваст рухс 14
РÆМОНТЫ Геор. Æвдадз 16
МЫСИНÆГТÆ
ДЖИМИТЫ Анжелæ. Ивгъуыд дуджы хур 17
КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ
ТОКАТЫ Асæх. Æртæйæ. *Радзырд* 56
АИВАД, КУЛЬТУРÆ
ТÆБÆХСÆУТЫ БАЛО: 110 АЗЫ 77
ДАУЫРАТЫ Харитон. Ирон театры тырыса 78
«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ 81
НОГ ТÆЛМАЦТÆ
ФАИНА Раневская. Рæстдзинад – мидбылхудгæйæ 101
НÆ УИДÆГТÆ
МАМИАТЫ Таймураз. Æхсарджын хохаг 109
ПОЭЗИ
КОКОЙТЫ Эльзæ. *Æмдзæвгæтæ* 120
АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД
Хæйрæджыты хабæрттæ 129
НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН
МÆРГЪИТЫ Венерæ. *Æмдзæвгæтæ* 142
ПЛИТЫ Таня. Сырх зырзырæгтæ. *Аргъау* 147
ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ
ТОМАЙТЫ Мисурхан. *Радзырд* 151
МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 159

КАДГÆНÆНТÆ

ГÆЛУАТЫ АКИМ: 100 АЗЫ

(1920 – 1994)

ГÆЛУАТЫ Аким

САГТЫ УÆЗÆГ

Новеллæтæ

САГ АМАР

Мæ цыды сæр уыдис Хъобангомы хъуыстгонд кадæггæнæг Санаты Варийы фенын æмæ базонын. Уымæй размæ бирæ хабæрттæ фехъуыстон нырыккон куырм Бибойы тыххæй. Иу-цалдæр хатты йемæ ныхас кодтон тилифонæй, кастæн йæ æвæджиауы аив уацмыстæ, фæлæ мæ фæндыд, йемæ хæстæгдæр куы базонгæ уыдаин. Йæхæдæг дæр мæ цалдæр хатты хуыдта сæхимæ.

Куыддæр кауæйæхгæд кæрты дуармæ бахæццæ стæм, афтæ нæ размæ рауад хæрзæрыгон чызг. Æз ын «дæ бон хорз» загътон, мæхи бацамыдтон æмæ, йæ къаннæг фæлмæн къухыл ын хæцгæйæ, фæрсæджы каст кодтон йæ цæстыты хъамбул гагуытæм: чызг фембæрста, цæмæн гæдзæ кæнын уый, æмæ йæ ном загъта:

– Тамаридæ!

– Хорз амонд дæ хай, Тамаридæ! Уари уæхимæ ис?

– О, нæхимæ ис. Мидæмæ рацæут, – загъта чызг æмæ йæ сæрæй хæдзары 'рдæм ацамыдта.

– Чи сты, чи? Цæуылнæ сæ рахоныс? – райхъуыст хæдзарæй фæсусгомау хъæлæс.

Æз уайтагъд базыдтон Варийы хъæлæс æмæ, къæсæрыл хизгæйæ, бахъæр кодтон:

– Уазæг нæ уадзут, хæдзаронтæ? Фарн ам уæд!

– Уазæг – Хуыцауы уазæг! Фæрнæйдзаг у! Фæлæуу-ма, дæ хорзæхæй, уый мæ хæлар куы дæ, уайтагъд дæ дæ хъæлæсæй базыдтон, – мæ къух мын хъæддых нылхъивгæйæ, загъта фысым æмæ ма йæ ныхасыл бафтыдта:

– Саг амар, мæ хæдзар, саг. Æгайтма мæ бабæрæг кодтай.

– Бæргæ, бæргæ! Дæ арфæ баххæст кæнын мæ къухы куы бафтид, фæлæ уый тыххæй Сыбырмæ ацæуын хъæуы. Ам сагтæ нæй.

– Ныр нæй, фæлæ раджы уыдис, – загъта Уари. Æрбадын мæ кодта йæ фарсмæ тъахтиныл æмæ биноныг райдыдта:

– Саг амар... Хуымæтæджы нæ баззад ирон адæммæ уыцы ныхас. Кавказы хæхты, бæрзонд уæлвæзты кæддæр тезгъо кодтой сагты дзуггæ. Цуанæттæ сын сихсийын æнхъæл нæ уыдысты æмæ сæ цагътой æнауæрдонæй. Фæстагмæ сагты мыггаг скуынæг ис æмæ ма æрмæст æмбисæндты, таурæгъты баззадис сæ кой…

Иры бæсты кæддæр сагтæ бирæ кæй уыдаид, уымæн бирæ æвдисæнтæ ис. Æфсатийы зарæджы ис ахæм дзырдтæ: «Саджы урс сыкъатæй – 'Фсатийæн сынтæг».

Нарты кадджыты иу æмæ дыууæ хатты нæ цæуы ныхас саджы тыххæй.

«Сослан æмæ Гуымаг лæджы» кадæджы Сослан, цуангæнгæйæ, Гуымы æфцæджы ссардта саджы фæд. Саджы фæдыл цæуынтæ байдыдта – иу æрдузы йæ баййæфта. Саг уыйбæрц рæсугъд уыдис, æмæ йæ Сосланæн йæ цæст фехсын нæ уарзта.

Ноджы уыцы кадæджы Гуымаг лæг Сосланæн балæвар кодта иу диссаджы саджы царм, ахæм царм, æмæ хъисæн хъуытаз æмæ æрдуйæн мыр-мыраг уыд, æмæ-иу æй æрмæст чысыл базмæлын кæн, уæд-иу алы æвзæгтæй суасыд.

Æз кастæн кадæггæнæджы нуарджын цæсгоммæ, раст тæнæг былтæм, æнцъылдтæ фæтæн ныхмæ, размæгонд цыргъ роцъомæ, æдзæстыг цæсты къуырфытæм æмæ хъуыды кодтон мæхинымæр: «Куыд хорз зоны ацы цæугæ энциклопеди нæ адæм, нæ хæхты истори, цæй бирæ мысинæгтæ дары йæ зæрдыл? Æвæццæгæн, дунейы рухсæй цæйбæрц æнæхай фæцис, уыйбæрц ын æрдз балæвар кодта судзгæ хъуыдытæ, зæрдæйы цæстытæ, æмæ уыдоны руаджы афтæ тынг æнкъары хуры тынты тыбар-тыбур, дидинджыты кæркæ-.мæркæ, мæргъты рог базырты змæлд, æрдзы æнæнымæц ивгæ хуызтæ».

– Ныр дæр ма бирæ хæдзæртты къултыл фенæн ис саджы сыкъатæ ауыгъд, – дзырдта дарддæр уый. – Уыдон, бирæ æнусты дæргъы фыдæй-фыртмæ лæвæрд чи цыдис, ахæмтæ сты…

Намæ, Цъæйы комы уæвгæйæ, рагон Рекомы кувæндон æнæ бабæрæггæнгæ чи фæлæуудзæн. Кувæндоны фыдæлтыккон агъуысты дæлбазыр дзæбидыры æмæ фыры здыхт сыкъатæ, галы æмæ цæуы сыкъарæдзæгъдты æхсæн фенæн ис сычъийы къаннæг æмæ саджы пæлæхсар егъау сыкъатæн дæр. Нæ хæхбæсты ма æрæджы дæр тезгъо кодтой æнахуыр рæсугъд сырдтæ. Фæлæ, æвæццæгæн, хъыримæгтæ куыд арæхдæр кодтой, афтæ куынæгдæргæнгæ цыдысты æвæлмон

фос æмæ фæстагмæ сихсыдисты.

Хъыримаджы коймæ зæрдыл æрбалæууыдисты Уарийы уацмысты æвæджиауы фæлгонцтæ. Хъустыл азæлынц Бæтæйы фырттæ Будзи æмæ Аслæнбеджы æртхъирæнтæ фыдзæрдæ æлдармæ, ирон хæсмæ тындзæн нæй, зæгъгæ.

Зæрдыл æрбалæууыдисты номдзыд Чермены хæтæнтæ. Цæстытыл уайынц, бонджынты фыддæрадæн Хъобаны хуымзæххы фæлмæндæрты йæ гутон куыд адардта, фæстæдæр йæ марджыты кардæй фæйнæрдæм куыд цъыкк ласы, хъыримагæй куыд гæрах кæны, уыцы нывтæ.

Аив, рæсугъд æвзагæй куыд дзæбæх сныв кодта куырм кадæггæнæг канд хъуыстгонд фыдæлты нæ, фæлæ Фыдыбæстæйы сгуыхт партизанты сурæттæ дæр.

Кæнæ йæхи цард та?! Æгасæй дæр – кадæггæнинаг! Кæцæй йæм гуыры уыйбæрц тых, уыйас ныфс, куыд хъуыды кæны уыйбæрц хабæрттæ, кæцæй исы уыйбæрц уырзæвзæрст ныхæстæ?! «Ехх, æмæ ныр уый уæззау æмæ рухс хъысмæтыл аккаг роман ныффыссын бафæраз» – бабæллыдтæн мæхимидæг.

Чысыл æфсин фынг арæвдз кодта. Фæйнæ анызтам, фысым фæцырддæр, æмæ йын ныхас бацайдагъ. Уый дзырдта рæстæджы æмæ царды æууæлтыл, адæймаджы нысаныл, фыссæджы бæрнон хæстыл, йæхи фидæны егъау фæндтыл.

Æз цымыдисæй ахстон йæ алы ныхас. Афтæ мæм кастис, цыма рагон дугты арфæй гуыргæ рæстæджы суадоны раз бадын æмæ уый зæлланггæнаг уылæнты хæл-хæл уайы мæ хъустыл. Афтæ мæм кастис, цыма уыцы иунæг фембæлдæй фæирддæр мæ царды нысаниуæг, фæхъæздыгдæр сты ме ’взаджы æвæрæнтæ. Цыма никуы бафсæдин Уариимæ дзурынæй, афтæ мæм кæсы...

САГ ДÆР ДÆ РАЗÆЙ НÆ ФЕХСДЗЫНÆН…

Хъæды арфы дæргъæццон æрдуз зыны денджызы уылæнтыл егъау науы хуызæн. Йæ иу кæрон дæрдтыл цы стыр тулдз бæлас ныззылдис, уый зæрдыл лæууын кæны науы пæлæз. Бæласы бын фынæй кæны бæзæрхыг адæймаг.

Къабузты æхсæнты цы хуры тынтæ æрирвæзы, уыдон, кæрæдзи ивгæйæ, кафынц йæ цæсгомыл. Рог уадымс змæлын кæны фынæй-

гæнæджы сæрыхъуынтæ, йæ зачъетæ. Чи у ацы лæг? Æфсати? Æмæ, æцæгдæр, уый хуызæн у.

Ноджы уæртæ царциаты диссаг! Хъæды арфæй лæгмæ рацыд сæрыстыр гуырвидыц саг. Лæджы цæсгоммæ басмыстытæ кодта, стæй йын йæ уадулыл йæ бырынкъæй бандзæвыд. Лæг гæзæмæ базмæлыд, æвæццæгæн, йæ фыны йæхи сырдты бардуагæй уыдта. Ногæй та саджы бырынкъ андзæвыд йæ русыл. Лæг райхъал. Хионау скасти æвæлмон рæсугъд сырдмæ æмæ йын йæ фæлмæн бæрзæй адаудта:

– А-а, мæхи «Тæрхъус», мæ сагты тæппуддæр. Цы дыл æрбамбæлд? Гæды хъæдау куы ризыс? Бирæгъæй Хуыцау бахизæд.

Лæг йæ цæстæнгас дардыл ахаста æмæ, лæзгъæрæй хъæды бæрзæндмæ сæртт-сæртгæнгæ чи фæхæрд кодта, уыцы арсы гæзæмæ ауыдта.

– У-у, уæлæ джауыр, дæ амонды дзыхы..., мæрдты ’рдыгæй фæдæн, уыййедтæмæ дын дæ бындз бæргæ атæхын кодтаин, – бæласы цонгыл ауыгъд дыууæхстонмæ ацамонгæйæ, арсмæ бадодой кодта лæг.

Уалынмæ ныллæг сарайæ рацыд аргъæутты архайджыты æнгæс рæсугъд сылгоймаг, йæ дæларм сыхырнайыйас сивыр, афтæмæй. Цæстыфæныкъуылдмæ йæ алыварс иу-цалдæр саджы амбырд, æзфæраздæронæй сæ хæмхудтæ тæбæгъы фæцавтой. Сылгоймаг сæ иргъæвы, тындзы тæгæнамæ, куы иу, куы иннæ саджы фарсыл йæхи скъуыргæйæ.

Чи у уый? Фосы бардуаг Фæлвæра? Æмæ уый адæмон æмбисæндты нæлгоймаг куы уыд? Уæвгæ, рæстæг ивы, ныр æндæр заман у...

Ахæм нывтæ айтынг сты мæ цæстыты размæ, ахæм хъуыдытæ фегуырдысты мæ сæры, куыддæр Мыдджын комы паддзахадон сагдоны кæрты дуармæ бакастæн, афтæ.

– Базонгæ ут, уæ хорзæхæй, нæ фæдзæхт бынаты кусджытæ Валикъо æмæ Зоя, – загъта ме ’мбæлццон Гери, æрдæбон мæм Æфсати æмæ Фæлвæрайы хуызæн чи фæкаст, уыцы дыууæ адæймагмæ куы бахæццæ стæм, уæд.

Мах базонгæ стæм. Кæрæдзийæн райдыдтам дзурын нæ хабæрттæ. Мæн фæндыд дард хъæды цæрджытæн дунеон уавæр, бæстæйы цард æмæ нæ партийы куысты ахъаззагдæр цауты тыххæй радзурын. Фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй уыдон сæ радиоприемничы фæрцы зонынц тæккæ ногдæр хабæрттæ.

Уыдон нын радзырдтой, сагты дыгай-æртыгай бондзыдтæй фæстæмæ куыд зынтæй схастой, тугдзых сырдтæй сæ куыд фæхъахъхъæдтой,

сагты дзугтæй кæуыл цы ном сæвæрдтой æмæ дзы суанг йæхи чи куыд дары, уыдæтты тыххæй.

– Цом, кæд уæ фæнды, уæд уын фенын кæнон не 'нахуыр «уазджыты» хизæнуæттæ, сæ фидæны хæтæнтæ бæлвырддæр, – загъта Валикъо, топп йе уæхскмæ баппаргæйæ, æмæ нæ разæй араст.

Мах цыдыстæм бæрзонд бæлæсты 'хсæнты. Схизын нæ хъуыдис Гæмæх хохы фахсы 'рдæм хъæды сæрмæ.

Гæрæнæй куы рацæйхызтыстæм, уæд мæ разæй ауадзынмæ хъавыдтæн Валикъойы. Уый нæ бакуымдта æмæ загъта:

– Уанцон нæу, уазæг, æз дæ разæй саг дæр нæ фехсдзынæн.

– Куы фæцæйлидза, уæд та? – фæцырд æм дæн æз.

– Уæд дæр нæ. – Æмæ ма æцæгхуызæй бафтыдта:

– Ныртæккæ Кавказы рæгътæм уагъд цы сагтæ цæуы, уыдонмæ æвналæн нæй, сæ марæг цæуы карз æфхæрд паддзахады 'рдыгæй...

Схæццæ стæм бæрзонд гæмæх рагъмæ. Фæстæмæ разылдыстæм, Хъобаны хæхты 'рдæм. Райстон бинокль, æгæрон бæрзæндтыл афæлгæсыдтæн æмæ загътон мæ мидныммæры: «Раджы кæддæр Ирыстоны хæхтыл тезгъо кодтой æвæджиауы гуырвидауц сагтæ, фæлæ сæ мыггаг скуынæг. Ныр та ногæй фæзындысты адæймаджы фæрцы æмæ та ноджы тынгдæр сфидауын кæндзысты нæ рæсугъд хæхбæстæ»...

САГ ЛÆГ

Хуры фæлурс сырх къори стылд арвы астæумæ. Мах ныххæццæ стæм Хуымæллæджыхъæумæ чындзхæссæг. Æхсызгонæй нын «æгасцуай» загътой нæ фысымтæ. Иу автобус æмæ цалдæр рог машинæйы рæнхъ-рæнхъ ралæууыдысты нарæг уынджы. Ме 'мбал чындзхæссæг сыл йæ цæст ахаста æмæ бафиппайдта:

– Æгæр бирæйæ рацыдыстæм, æмæ худинаг у нæ фысымтæй.

– Ницы кæны, ныртæккæ фæлхасæй ничиуал тæрсы.

– Нæ фæлæ-иу файтонты æмæ бричкæты куы цыдысты чындзхæссæг, уый ма хъуыды кæныс? – йæ цæстæнгас машинæтæй ратонгæйæ, йæ ныхасыл бафтыдта ме 'мбал.

– Ай-гъай, хъуыды кæнын. Æмæ дæм уый цы диссаг кæсы? Искуы хæдтæхджыты дæр цæудзысты чындзхæссæг, – хъазгæмхасæн сдзырдтон æз.

– Куыннæ стæй!

– Бауырнæд дæ. Айразмæ Дзаттиатæ сæ чындзы хæдтæхæджы схастой Мæскуыйæ Дзæуджыхъæумæ. Æниу, уæдæ, цасдæр рæстæджы фæстæ дуне куы сиу уа, иу цардыуаг куы æрфидар уа æппæт бæстæты, æмæ кæрæдзийæ чызджытæ курын куы райдайой, уæд хæхты, денджызты сæрты машинæтыл згъордзысты чындзхæссæг!

Уалынмæ нæ фысымтæ ахуыдтой мидæмæ, æмæ фынгтыл æрбадтыстæм. Иу-фæйнæ уал нын ануазын кодтой уазал хæринагимæ. Фæстæдæр рахастой кувинæгтæ. Сæр æмæ бæрзæйы цур æртæ чъирийы æмæ даргъ уæхстыл физонæг сæ хусысымагæй хъыдзы-хъыдзы кодтой сулæфæнтæ. Кæстæртæ къæрцхъусæй æнхъæлмæ кастысты бæгæныйы кувæггагмæ æмæ базыгмæ. Фæлæ цæмæдæр гæсгæ уæлебадæг зæронд лæг скувынмæ нæ тагъд кодта. Бæрæг уыд, кæмæдæр ма æнхъæлмæ кæй кастысты.

Æз, кæд ацæргæ нæ уыдтæн, уæддæр æгъдаумæ гæсгæ бадтæн æртыккаг хистæрæн, æмæ нын ныхас бацайдагъ.

– Нæ героймæ æнхъæлмæ кæсæм. Фехъуыстаис Харитоны кой. Нæ мыггаджы хуыздæр у, саг лæг. Æнæ уый нæ нæ фæнды райдайын, уазæг, бахатыр кæн, – мæ хъусы мын æрбадзырдта зæронд лæг йæхи растгæнæгау.

– Табуафси, цæмæн зæгъыс? Афтæ æмбæлы, – загътон æз, æмæ мæ цæстытыл ауад Харитоны сурæт.

Цæвиттон, цалдæр боны размæ æз фыццаг хатт ныфтыдтæн хъуыстгонд звеноводы зæххытæм. Дардæй куы бакастæн, уæд мæм нартхоры хуымтæ тархъæды хуызæн фæкастысты. Бæзджын пæлæхсар сыфтæрджын зайæгойтæ æмвæтæнæгæй бæрзонд фæцыдысты, сæ астæумæ бæхджын лæг куы бацыдаид, уæд дзы никæцæйуал разындаид.

Адæмæн салам куы радтам, уæд мæхи нал баурæдтон æмæ афарстон:

– Уæ хорзæхæй, ацы сæрд къæвдатæ куы нæ уыдис, иннæ рæтты нартхор афтæ бæрзонд куы никуы фæцыд, уæд сымах кæцы дæсныйы бафарстат?

– Нæхи дæсныйы. Уый нын бацамыдта, кæцы дзуæрттæм кувын хъæуы, уый, – дзуапп радта сырхцъар бæзæрхыгтæ лæг æмæ дыдагъ нымæтхудæй йæ ныхы хид асæрфта.

– Уагæры чи у уыцы дæсны? Стæй уын цавæр дзуæртты бацамыдта?

– Куы дын загътон, дæсны нæхи дæсны у, нæ раздзог. Фæдзæхсгæ та нæ бакодта доны дзуæрттыл. Уыдоны хорзæх, дам нæ кæд уа, уæд,

дам, нæ хъуыддаг рæстмæ ацæудзæн. Кæннод... Гъе, æмæ нæ доны дзуæрттæ феваст кодтой. Къæвдаты бардуаг арвæй иу æртах дæлæмæ нал рауагъта, дæлæмæ æрхауа. Доны цыма кæфхъуындар ныббадт, уыйау ныккадавар. Æмæ уæд мах нæхæдæг нæ дыстæ басчъил кодтам æмæ дауджыты хæстæ нæхимæ райстам, – дзырдта дарддæр уыцы цардхуыз зæххусæг.

Æмæ уæ хуымтæ донæй хъуаг нæ бауагътат, нæ? Бахатыр кæн, уазæг. Зынг зæгъынæй ком нæ судзы, фæлæ уый, мæнæ иуæй-иутæм куыд кæсы, афтæ æнцон нæ уыдис. Мæнæ сылгоймæгтæн сæ фарн фынæй кæнæд, нæ Харитон иу-цалдæр хатты йе ’ддаг дзаумæттæ раласта æмæ-иу ауазæны бæсты доны цæхгæрмæ кæфау ныххуыссыд, цæмæй къанæуттæм дон фылдæр раздæхтаид, – йæ ныхас баппæрста, фыдхъазаг чи уыдис, ахæм лæппулæг.

– Цхалтубæмæ ласинаг дæр нын уымæн фæцис, йæ уыргтæ фæсахъат сты æмæ.

– Дæ уыргтæй макуы фæсæй, мæнг куы зæгъай. Уалæ Атто цæргæцæрæнбонты йæ къух уазал доны никуы атылдта, æмæ уымæн дæр рыстысты йæ уыргтæ, – уайдзæфгæнæгау загъта фыццаг дзурæг.

Уалынмæ фæзындис дон æмæ хоры «бардуаг» Харитон йæхæдæг дæр. «Æгасцуай» загътам кæрæдзийæн, стæй йе ’мбæлттæм бадзырдта:

– Цæйут, бон махмæ нæ кæсы. Гал, дам, бастыгъд æмæ кард йæ къæдзилыл асаст. Февналæм æмæ кæронмæ ахæццæ кæнæм нæ куыст.

– Диссаджы хъæздыг у дæ зæхх, Харитон. Цы нартхор дзы ныззæбул ис ныридæгæн, – раппæлынмæ йын хъавыдтæн йæ хуымтæй.

– Хорз у, фæлæ йæ фидæнмæ нæ зæрды ис ноджы хуыздæр фæкæнын, – загъта уый.

– Минералон хъацæнтæй?

– Минералон хъацæнтæ иу хъуыддаг сты. Фæлæ сыхаг хъæугæрон, кæддæр сæ фермæ кæм уыд, уым æз федтон æвæджиауы мæр. Куыд фехъуыстон, афтæмæй уым дæс азы размæ уыдис стыр дзыхъхъ æмæ йæм фаджыс фæкалдтой. Гъе, æмæ мын уыцы мæрæй фæззæджы æнæ æрбаласгæ нæй нæ хуымтæм, кæд сæрæгас уон, уæд...

– Цæй-ма, Аксо, кæдмæ æнхъæлмæ кæсдзыстæм, кувинæгтæ барст фæуæнт, æвгъау сты уазджытæ дæр æнцад бадынæн, – æрбадзырдта фынджы хистæрмæ лæуджыты хистæр, æмæ мæ мысинæгтæ æрдæгыл фескъуыдысты.

– Фæгæдзæ кæн, мæ хур, фæгæдзæ, чысыл ма йæм банхъæлмæ

кæсæм, – сабыр æй кодта хистæр.

– Уæд та уал хуын акувæм, уый хъуыддаг раздæр кæнинаг вæййы, – нал æнцадис сыкъадзæф фысым. Фæлæ дзырд нæма фæцис, афтæ мидæмæ æрбайхъуыст кæйдæр ныхас, æрбацыдис, зæгъгæ.

Бæрæг уыд, æнхъæлмæ кæмæ кастысты, уый кæй фæзынд. Æз æй уымæй размæ уынгæ иу хатт йеддæмæ нæ фæкодтон, æмæ мæм ныр цæмæндæр фæкастис чысыл интеллигентарæзт адæймаг, йæ риуыл тæмæнтæ калдтой Сызгъæрин Стъалы, Ленины орден æмæ æндæр хæрзиуджытæ. Адæм сыстадысты. Æрбацæуæг райста уазджыты къухтæ æмæ фæсвæд алæууыд.

– Æрбалæуу хæстæгдæр æмæ æрбад мæнæ мæ фарсмæ, Харитон, – фæдзырдта йæм бадты хистæр.

– Мæныл ма тыхс, Аксо. Мæнæ нæ уазджытыл бацин кæнæм. Хатыр бакæнут, кæй афæстиат дæн, уый тыххæй, – дзуапп радта Харитон.

Бирæ рахат-бахат æм фæкодтой, уæддæр уæлæуæз бадын нæ бакуымдта æмæ йæхи æруагъта астæуæй.

Бадт ахаста изæрмилтæм. Гаджидæуттæ дыууæ мыггаджы, цыппар æфсымæры æмæ сæ фæрныг хо, бæлццæтты цæрæнбонты тыххæй, рæстæджы тыххæй æмæ æндæр хорздзинæдтыл уагъд цыдысты. Фынгтæ ногæй-ногмæ ивтой, кæрæдзи фæдыл хастой къуыдырфых дзидза, лывзæ, карчы фыд, фыдджынтæ æмæ алыхуызон æндæр минас.

Æз аивæй мæ цæст дардтон Харитонмæ. Уый архайдта уазджыты бабуц кæныныл, лæвæрдта сын йæ нуазæнтæ, сæ размæ сын æвæрдта хæринаджы дзæбæхтæ. Уырдыглæуджытæй-иу исчи искæмæ тыххатыд куы кодта, уæд та-иу ын Харитон бауайдзæф кодта: «Уайых фæуай, цæмæн тыххатыд кæныс, уазджыты сæхи бар уадз æмæ сæ куыд фæнды, афтæ фæбадой».

Фæлæ йæ йе ’мкусджытæ афтæ бирæ кæй уарзынц, йæ хъæубæстæ йын ахæм стыр аргъ кæй кæнынц, уый нæ зыдтон, æмæ мæ зæрдыл æрбалæууыдысты зæронды ныхæстæ, саг лæг у, зæгъгæ. Æцæг уæздан æмæ саг лæг у Харитон...

НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ

ФИДАРАТЫ Руслан

ÆВАСТ РУХС

* * *

Нæ хорзы хицæнтæ –
Хæлиу фосау…
Нæ фосы хизæнтæ –
Хæмпæл хосау.

* * *

Куыд цæры адæймаг –
Цъыфы æфсæрст.
Цъæх арвы адæй ма
Вæййы æфсæст.

* * *

Таксий цæуджытæ –
Джиппы уагъд цыма.
Дзаг кæны рæуджытæ
Артаджы хъылма.
М.Ри-йæн

* * *

Талынджы гуыффæйы
Арухс дæ æваст.
«Уый ды дæ?» – куы вæййы
Уæд мæнæн мæ фарст.

* * *

Цыма уæрдон кæмдæр ныссагъд, –
Ныссагъд мæ хъуыды.
«Уæрдоныл уæд – нæ уыди загъд –
Ысхæцын хъуыди».

* * *

Кæны, кæны, кæны йæ куыст
Æнæнцой сахат…
Цыдæр уынæр, цыдæр æнкъуыст –
Тæлфы та сахар.

* * *

Ивæзынц ныхæстæ,
Бон тæдзы мыдау…
Фидинаг, фыст хæстæ –
Кау æрдæгбыдау.

* * *

Ды дæ сæрды цахъхъæн,
Ды дæ царды кар.
Уалдзæджы цин хъахъхъæн,
Даргъ зымæг æнкъар.

* * *

Уæззаудæр нæ зынтæй –
Нæ бæллицты рог.
Йæ фыццаг фæзындæй
Мæ уаргъ дæр фæрог.

РÆМОНТЫ Геор

ÆВДАДЗ

* * *

Мæ фыдцардыл нæ дзурын,
Хъаймæт мæм уый нæ кæсы...
Уынын: рыгъд-къæдзæй дурыл
Бæрзы тала дæр рæзы...

Зын у, æмбарын, бæрзæн,
Фæлæ хæсдзынæн дисæн, –
Æвæрæзæй дæр рæзæн
Кæй ис, уым бæрз – æвдисæн.

* * *

Ч.Ф.

Кæныс мæ бардуагау æууæндын,
Фæдзæхсыс мæ – цы амал ис:
Цыма ныллæууынæй мæ фæндыл
Дæ хæрзтæ доны бакалис...

Дæ фидауцæй кæй уд фæхъæстæ,
Хæрам нæй уымæй разынæн;
Цы доны бакалис дæ хæрзтæ,
Æвдадз уаид уый нуазынæн.

2012

* * *

О, диссагдæр цы фенæн и нæ цардæй ма!
Куы урс, куы сырх, куы саухъулон – йæ хуыз:
Куыдзы хъуыды дæ кæм нæ кæны адæймаг,
Кæм дæ æмбары адæймагау куыдз.

2016

МЫСИНÆГТÆ

ДЖИМИТЫ Анжелæ

ИВГЪУЫД ДУДЖЫ ХУР

Уыдис ахæм рæстæг, мæ амæлыны онг рох кæнæн кæмæн нæй. Мæ цæстытыл уайынц ахæм цаутæ, æмæ ныр фынты дæр кæй нæй фенæн. Уыдис-иу афтæ, æмæ чидæр нæ кæрты дуæрттæ байтыгъта. Кæртмæ-иу гуыффæджын уæрдон батардтой æмæ-иу æй, се уæхсчытæй схæцгæйæ, сфæлдæхтой кæрты астæу. Лидзынмæ-иу фесты, цалынмæ сæ мæ фыдымад, кæнæ мæ мад нæ раййæфтой, уæдмæ.

Фыццаг хатт æркалдтой харбызтæ æмæ неситæ. Дыккаг хатт калынмæ куыд хъавыдысты, афтæ сæ мæ мад раййæфта æмæ сæ фæстæмæ арвыста. Бирæ лæгъстæ сын фæкодта, афтæмæй. Æрбаластой къабускатæ æмæ уырыдзытæ. Иннæ хатт та æрбаластой картæфтæ. Рацыдис сæм мæ фыдыфыд æмæ сын гуыффæ фæлдахын нæ бауагъта. Йæхæдæг сæм рахаста дыууæ чыргъæды æмæ иу кæфой, уыдон, дам, мын байдзаг кæнут æмæ цæут, уæдмæ нæхи картоф бафснайдзыстæм, зæгъгæ.

Мæныл цыдаид уæд фондз-æхсæз азы. Алы райсом дæр цыдтæн нæ сыхы лæппутимæ рæвдауæндонмæ. Уым нын уыд диссаджы цард. Æвдыстой нын алыхуызон нывтæ æмæ хиконд дзаумæттæ. Фылдæр кодтам хъазгæ. Ныр уыцы хъæзтытæн сæ кой дæр нал ис. Боны дæргъы нын æртæ хатты хæрын кодтой. Мах тынгдæр æнхъæлмæ кастыстæм сихоры хæрдмæ. Уæд нын-иу лæвæрдтой дыргътæ æмæ адджинæгтæ, уæлдайдæр та-иу иуæй-иутæн лæвæрдтой фылдæртæ, адонæн, дам, абон сæ Райгуырæн бон у, зæгъгæ. Фæссихор-иу нæ нæ хъомылгæнæг Личкæ (афтæ йæ хуыдтой, æмæ ма фæстæдæр бирæ хæттыты уыдзæн йæ кой) кæрæдзи фæдыл слæууын кодта æмæ-иу нæ акодта иу километр æмæ æрдæджы бæрц къуыбыртæм. Къуыбыр хаста Болиаты Чонкыры ном. Уыдис дзы дыргъ бæлæстæ сагъд, сæ бæрзæнд

уыд ссæдз метрæй фылдæр. Мах сыхгай æвзæрстам бæлæстæ æмæ-иу суанг изæрмæ хъазыдыстæм уым. Уыдыстæм хъæлдзæг æмæ æнæзивæг. Нæ мадæлтæ æмæ нæ фыдæлтæ куыстой колхозы. Куыстой, кусынхъом чи уыди, уыдон иууылдæр æнæмæтæй.

Уыцы рæстæг райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст гитлеронты ныхмæ. Хъæуы цæрджытæ, кæмæн куыд æмбæлд, афтæ цыдысты хæстмæ. Цæугæ та кодтой махмæ хæстæг бынатæй, æмæ-иу мах сæ бричкæты фæстæ, нæ фадхъултæм рыджы, афтæмæй згъордтам. Нæ рæвдауæндон уæддæр йæ куыст кодта, фæлæ, иубон Чонкыры къуыбырмæ куы ссыдыстæм, уæд дзы федтам салдæттæ, бæлæстæ калгæйæ. Личкæ семæ ныхас кодта æмæ, дам, ам уыдзæн салдæтты пъалаткæтæ.

– Дæлæ ма акæсут, цас цатыртæ дзы сæвæрдтой, уымæ.

Изæрæй нæ сыхаг лæппу Тамуимæ, нæхи раз цы къуыбыр уыд, уырдæм ацыдыстæм. Æмæ Гыдтойы куырой уым нал уыд, фæлæ йын йæ фæйнæджытæй скодтой бынат, уым сосайы фæзилæны цы сылгоймæгтæ фæзынд, уыдонæн. Уыдон тырысатимæ лæууыдысты фæзилæны æмæ машинæтæн фæндаг амыдтой.

Куыд изæр кодта, афтæ-иу куы иу къордæй, куы иннæ къордæй цыдæр хъæртæ райхъуыст, куы та – зарын. Куы æрталынг ис, уæд та хæрз диссаджы хъæр хъуыстис хъæумæ. Стæй мах фыццаг хатт федтам, къуыбырыл уæлмæрдты кæрон цы пъалаткæтæ уыд, уырдыгæй зæххæй иу-дыууæ метры бæрзæндæн хæдтæхджытæ судзгæйæ бынмæ куыд хаудтой, уый. Мах цалдæрæй суадыстæм уыцы урс кæттаджы размæ. Зæххыл цы салдæттæ бадтис, уыдон нæ сæ хъæбысты сбадын кодтой æмæ, дам, киномæ кæсут. Кæттагæн йæ чъылдымæй та нывтæ зындысты суанг хъæумæ. Сыхæгтæ та уырдыгæй кастысты киномæ.

Рæвдауæндон нал скуыста. Мах киномæ цæуын райдыдтам хъæуы астæумæ. Уым стыр дуканийы къулыл кæрæй-кæронмæ æвдыстой кино, æмæ дзы алцыдæр зынд хорз, стæй сæ ныхæстæ дæр бæрæг уыдысты. Бонæй та-иу уыдтæн, мæ мадыхо хæринаг цы адæмæн цæттæ кодта, уыдонимæ. Мæ мадыхо-иу райсомæй галуæрдонæй нæ дуармæ æрлæууыд, æмæ-иу æз йæ фарсмæ сбадтæн галтæрæгæй. Мæнмæ уый хорз кастис, фæлæ-иу мæ иуæй-иу хатт дон ласынмæ цæуын бахъуыд. Дон та уыд Беслæныхъæуы кæрон,

тракортæ-иу зымæг кæм цалцæг кодтой, МТС* æй хуыдтой, уый дуармæ. Адæм-иу дзы бирæ уыд бедратимæ, гогонтимæ, æмæ æнхъæлмæ кæс дæ радмæ. Бирæхатт-иу мын сылгоймæгтæ фæйнæ бедрайы ныккалдтой мæ боцкъайы æмæ-иу, адæм танкты ныхмæ цы æрх къахтой, уый был балæууыдтæн.

Иухæмы лæууыдтæн рæнхъы, фæзынд цавæрдæр машинæ, йæ фæстæ – гыццыл уæрдон. Уæрдонæн йæ фæздæг калд. Машинæйы гуыффæйæ салдæттæ рагæппытæ ластой сæ бедратимæ. Сылгоймæгтæ фæйнæрдæм фесты кърантæй. Салдæттæ сæхæдæг дон анызтой, стæй, худæгæй мæлгæйæ мæ боцкъамæ рæгъ алæууыдысты æмæ йæ донæй йæ былтæй акалдтой. Бирæ мæ нæ хъæуы, зæгъгæ, фæлæ сæ худын нæ урæдтой.

Ныццыдтæн бынатмæ, æмæ мæм уымы хицау хæцыд, боцкъа афтæ дзагæй цæлхытæ нæ уромынц, зæгъгæ. Мæ мадыхо йын загъта:

– Сывæллоны ма ‘фхæр, фæлæ адæмæн зæгъ, цæмæй дон ахæссой æмæ дæ цæлхытæ аирвæзой.

Ам мæ бирæ кусын нæ бахъуыд: æрх уайтагъд къахт фæцис.

Уалынмæ нæ сыхæгтæм æрбынат кодтой дохтыртæ. Иу кæрты уыд дыууæ хæдзары, æмæ хæстонтæ бауынаффæ кодтой, цæмæй дзы иу хæдзар суæгъд кæной рынчындон саразынæн. Хицау дзы уыд лæг – капитан æй хуыдтой, дохтыр та уыд йæ бинойнаг. Уыдис сын ме ‘мгар лæппу. Семæ ма цард цалдæр салдаты урс дзаумæтты. Рынчынты ластой кæцæйдæр машинæты æмæ дзы-иу ам райстой иу кæнæ дыууæйы, иннæты ластой дарддæр хъæуы мидæмæ.

Кæд уыдис, уый нæ зонын, фæлæ иубон капитан йæ лæппуимæ рацыд йæ машинæмæ – виллис æй хуыдтой. Йемæ фæархайдта, стæй мæм йæ къух фæтылдта. Æз æм бацыдтæн, æмæ мæм радта цыдæр дзæкъул, йæ мидæг – æртæ литры авг. Машинæ скусын кодта æмæ мæ йæ лæппуйы фарсмæ сбадын кодта. Цæуынмæ куыд хъавыд, афтæ йæм йæ лæппу сдзырдта. Лæг ахызт машинæйæ æмæ бадзырдта иннæ лæппутæм. Æз кæм бадтæн, уым сæ фæсте сбадын кодта. Æз дзæкъулимæ бадтæн разæй дыккаг бандоныл. Араст стæм сосайыл хъæуы астæумæ, æмæ баурæдта, дуканийы раз цы иунæг цæрæн хæдзар уыд, уый дуармæ. Капитан рахызт

* МТС – машинæ-тракторон станцæ, – (Ред.)

æмæ мæн мидæмæ бакодта дзæкъулимæ. Иу сылгоймаг рацыд æмæ дзæкъул мидæмæ бахаста. Уайтагъд фæстæмæ рацыд уыцы дзæкъулимæ æмæ мæм æй радта. Капитан та йын æхца радта, ус сæ нæ куымдта, фæлæ, дам, тæригъæд дæ, зæгъгæ йын сæ йæ тæрхæгыл æрæвæрдта. Дзæкъул уыд уæззау. Авг уыдис арахъхъæй йедзаг æмæ йæ тæф калд. Афтæ цыдыстæм бирæ хæттыты. Фæлæ иубон йæ лæппу, къоппыл бадгæйæ, йæ разы цы хæцæнгонд уыдис тымбыл къоппаимæ, уый йæ къахæй размæ асхуыста, æмæ машинæ афæлдæхт, фæстагмæ иу хæдзары сисыл бафæлдæхт, йæ цæлхытæ уæле, афтæмæй. Фæсте чи бадт, уыдон акалдысты, фæлдæхгæйæ, иуæй фæстæмæ. Уыцы лæппу уыд, дохтыртæ кæй хæдзары цардысты, уыдоны. Йæ къах ныффидар зынгхуыссынгæнæны æмæ бандоны æхсæн. Æз та, бадгæйæ, рахиз къухæй хæцыдтæн, уæле цы хætæл уыд, ууыл, æмæ йæ машинæйы уæзæй мæ бон нæ уыд суæгъд кæнын. Капитан машинæ бæргæ разил-базил кодта, фæлæ йæ бон ницы бацис. Уалынмæ фæзындысты сыхаг лæг æмæ мæ мадыфсымæр. Уыдон капитанимæ машинæ рафæлдæхтой. Æз, мæ къухыл хæцгæйæ, фæгæпп кодтон, фæлæ мыл уæддæр мæ мадыфсымæры цырыхъхъы цæф ауад, ам цы агуырдтай, зæгъгæ. Иннæ лæппу, цингæнгæйæ, «мæнæн ницы уыд» кæнгæйæ, сæхимæ азгъордта. Мæнæн мæ къух барæсыд æмæ абон дæр у афтæ къуыпп æмæ бæрæг дары. Исчи мæ куы фæфæрсы, уæд фæзæгъын:

– Хæсты рæстæджы, рынчынтæн хостæ ласгæйæ, фæцæф дæн.

Мæ бæллæхтæ ууыл нæ ахицæн сты. Иубон мын дæлæсыхаг лæппу Барис афтæ: мæнæ, дам, ацы машинæйы гуыффæйы сбадæм æмæ уæртæ фæзилæны сылгоймæгты раз рагæппытæ ласдзыстæм. Сбадтыстæм, æмæ нæ шофыр федта. Мах слæууыдыстæм, цæмæй нæ сылгоймæгтæ дæр феной æмæ машинæ бауромой. Уромгæ нæ, фæлæ ма сæ тырысатæ дæр тылдтой, æмæ полуторкæ йæ цыд фæтагъддæр кодта. Рагæпп кæнæн нын нал уыд, фæлæ разæй ауыдтам соса хæлдæй. Нæхи фæсте æруагътам бынмæ æмæ уыцы дзыхъхъы куы бацыд, уæд феуæгъд кодтам машинæ, æмæ нæ тъæпп зæххыл фæцыд. Уый нын фаг нæ уыд. Цалдæр боны фæстæ та Барис сæумæрайсом мæ разы алæууыд æмæ мын лæгъстæ кæнын байдыдта, мæнæ, дам, ацы салдæттæ разы сты мах ласыныл магаричыл. Уый та, зæгъын, цы у? Уый мын загъта:

– Уæртæ сын иу агуывзæйы дзаг тамако ратт, æмæ фæцис.

Æз нæхимæ смидæг дæн æмæ, раззаг бон цы тамако бацæттæ кодтам, уымæй иу агуывзæйы дзаг хæцъилы атыхтон æмæ сын æй ахастон. Барис та сын схаста дынджыр хæндыджы цыхт. Шофыр бахудт æмæ, дам, уæ «прокачу». Мах æй фарстам, уый цы у, æмæ дам æй фæстæдæр фендзыстут, æмæ та бахудт.

Иубон дыууæ цæф салдаты сæвæрдтой гуыффæйы. Мах дæр сбадын кодтой сæ фарсмæ, æмæ араст стæм. Тигъыл сылгоймæгтæ сæ тырысатæй цыдæртæ амыдтой, фæлæ мах тырындзæй-тырындздæр кодтам. Дзыхъхъы размæ куы схæццæ стæм, уæд уыцы тырындзæй комкоммæ нал ацыд, фæлæ иувæрсты цæуынвæнд скодта. Мах куы æрзæбул стæм фæсте, уæд уый зилын райдыдта. Мах зæххыл аззадыстæм. Машинæ ма иучысыл ауад æмæ фæфæлдæхт. Цæфтæ дæр ахаудтой.

Уæдмæ махæн дæр не 'ртæ цæрæнуатæй дыууæ æфсæддонтæ сæхи бакодтой. Мах иуыылдæр иу уаты æрцардыстæм: мæ фыдымад, мæ мад, мæ фыды лæппу æндæр усæй æмæ мах цыппарæй. Иннæ цæрæнуат уыд гыццыл, æмæ уым æрцард иу афицер, майор æй хуыдтой. Иннæ цæрæнуат уыд мах уаты хуызæн, æмæ дзы æрцардысты æхсæз салдаты æмæ старшина. Стыр агъуысты сæвæрдтой стыр æфсæйнаг пец даргъ трубаимæ. Арт дæр дзы кодтой мæнæ гæрстæхсæн сапоны къæртты йас, стæй уый хуызæнтæй – тавод æй хуыдтой. Иу къæртт-иу дзы сыгъд нæма фæцис, афтæ та-иу дзы бавæрдтой æндæр. Салдæттæ радыгай лæууыдысты, кæрæдзи ивгæйæ æхсæвæй-бонæй кæртмæ æрбацæуæны гыццыл дуары раз. Æнæ афицеры бафæрсгæйæ, бинонты йæддæмæ никæй уагътой мидæмæ. Иуæй-иу хатт-иу æхсæвыгон майор æмæ иннæтæ, дуармæ лæууæгæй фæстæмæ, ацыдысты кæдæмдæр. Иухатт та дыууæ суткæйы нæ фæзындысты. Уыцы бонты-иу нæм дуармæ лæууæг салдат фæдзырдта, стæй сыхæгтæм æмæ-иу нын байуæрста, дуармæ-иу цы уæрдон æрлæууыд – къухни йæ хуыдтой, – уый цы хæринæгтæ æрласта, уыдон. Майор йæ салдæттимæ куы фæзынд, уæд дыууæ боны уагътой сæ фæллад. Майоры агъуысты-иу æрæмбырд сты афицертæ, къуыбырыл цы къордтæ уыд, уырдыгæй дæр. Цалдæр боны фæстæ нæ кæрты бирæ хæстонтæ æрæмбырд сты сæ хæцæнгæрзтимæ. Бирæ фесты кæрты, стæй сæ майор акодта

дæлæмæ нæ уынджы. Уыцы æхсæв нæ сыхаг уынгæн йæ дæллаг кæронæй хъуыст хæцæнгæрзты гæрæхтæ.

Райсомæй хур дзæбæх куы æртавта, уæд фæзындысты. Семæ æрбакодтой дыууæ лæджы пырхытæ дзаумæтты æмæ сæ стыр уаты кæрæдзийыл бабастой. Сихор нæма уыд, къуыбыртыл цы къордтæ уыд, уыдоны рупортæ æртæ ранæй хъæуырдæм радзырдтой:

– Æртæ уынджы цæрджытæ гыццылæй-стырæй, райсом 12 сахатыл къуыбыртыл стыр сыджыт къахæны раз куыд лæууат, афтæ. Чи нæ баххæст кæна ацы уынаффæ, уый баййафдзæн æфхæрд хæстон рæстæгмæ гæсгæ.

Мах, сывæллæттæ, рагацау уым балæууыдыстæм æмæ федтам: сыджыт къахæны къул уыд иу-цыппар-фондз мерты бæрзæндæн. Уыдис дзы къулыл фидар дыууæ даргъ хъилы акъаци бæлæстæй. Дыууæ хъилы бын стъол, стъолы фарсмæ бирæ хус пыхс, нартхоры куыристæ бастæй. Адæм æрæмбырд сты, æмæ сæ æфсæддонтæ слæууын кодтой æрхæн йæ иннæ фарс, пъалаткæтæ кæм уыдысты, уым. Фæзынд æхгæд машинæ, рахызтысты дзы майор йæ салдæттимæ, сæ фæстæ дыууæ афицеры æндæрхуызон дзаумætты. Уыдоны фæстæ раргъæвтой дыууæ лæджы, æцæг бызгъуырты нæ, фæлæ æрмæст мидæггаг хæдæтты æмæ хæлæфты. Майор фæныхæстæ кодта дыууæ афицерæй иуимæ æмæ старшинайæн цыдæртæ ацамыдта. Уæд старшина йæ салдæттимæ дыууæ лæджы систой стъолмæ æмæ сæ сæ къубæлттæй бæндæнтæй хъилтæм бабастой. Майор цы афицеримæ ныхас кодта, уый бацыд стъолы размæ æмæ бакаст тæрхон. Раздæр фехъусын кодтой, цалынмæ тæрхон æххæстгонд фæуа, уæдмæ тæлфгæ дæр æмæ ныхас дæр куыд нæ райхъуыса, зæгъгæ.

Куыддæр афицер бакаст, афтæ майор старшинайæн цыдæртæ ацамыдта æмæ уый йæ салдæттæм фæдзырдта. Уыдон, старшинайы бардзырдмæ гæсгæ, стъолы алфамблай цыдæриддæр судзинаг уыд, уыдон стъолы алы фарс самадтой дыууæ дезертирыл. Майоры къухсист æмæ старшинайы судзгæ æхсидавы бадарын баиу сты. Цæсты фæныкъуылдмæ нал баззад хæмпæл дæр, лæг дæр. Адæм ма цавдау лæууыдысты. Цалдæр боны фæстæ майор салдæттæн æрбахаста газет, къуыбыртыл кæй рауагътой, ахæм. Уым фыст уыд: «Дыууæ дезертиры уыдысты сыхаг уынгæй. Уыдысты цып-

пар æфсымæры, фæлæ сæ хæстмæ иу дæр нæ ацыд æмæ æмбæхстæй цардысты. Майор, æхсæвы зилгæйæ, йе 'мбæлттимæ царæй ауыдта рухс, æмæ хæдзары алыварс фæбадтысты дыууæ суткæйы, цалынмæ базыдтой, хæдзары цал адæймаджы ис уый, уæдмæ. Сæ фæллад куы суагътой, уæд, цы æфсæддонтæ хъавыдысты семæ баныхас кæнын æнæ хæстæй, уыдоныл цыппарæй царæй æхсын райдыдтой æмæ дзы амардтой аст хæстоны. Сæхицæй дæр фæмард дыууæ. Иннæ дыууæмæ та нал уыд гилдзытæ, æмæ уацары бахаудтой. Хæсты рæстæджы закъонмæ гæсгæ сын тæрхонгонд æрцыд.

Майор æмæ йе 'мбæлттæ махмæ æвзæр цæстæй нæ кастысты. Иу салдат фыццаг бонæй фæстæмæ мæныл узæлыд. Æппæты фыццаг салдæттæн скъахын кодта, цæрынмæ чи бæззыд, ахæм акъопп. Уыдис дзы стъол, стъолы æртæрдыгæй – хуыссæнтæ, къулы цырагъæн бынат. Æхсæв-иу фæдис куы уыдис, уæд-иу уыцы салдат æппæты разæй мæн балæууын кодта акъоппы, старшина та йæ хъæбысы хаста нæ кæстæр лæппуйы. Мæ мад та архайдта чызджытимæ. Хистæр лæппу куыста колхозы бæхтыл, уыдис æм, бричкæ кæй хуыдтой, ахæм цыппарцалхон дыууæ бæхы æмæ иу байрагимæ.

Иубон нæ сыхаг йе 'мгар лæппуимæ ацыд хъæуысæрмæ нартхоры хæтæлтæм, æмæ сын уым хæстонтæ сæ бæхтæ акодтой, сæ бричкæ та сын судзгæ бакодтой. Æрмæст ма изæры сæ байраг нæхимæ æрцыд. Схаста йæ æмæ дзы колхозы куыстытæ кодта. Алы бон дæр цыд кусынмæ. Изæры-иу куы бахордта, уæд-иу къуыбыртæм ацыд æмæ-иу æмбисæхсæвмæ нæ хæдзармæ не 'рбацыд. Хуысгæ дæр кодта акъоппы, иуæй-иу æхсæвæй фæстæмæ.

Зæгъæн ис, сыдæй нæ мардыстæм. Иуæй нын салдæттæ хай кодтой сæ хæринæгтæй, иннæмæй, хъæуы уыд нартхорыссæн куырæйттæ, хуыдтой сæ къада куырæйттæ. Уыдысты ссæдзæй фылдæр. Гыдтойы куырой къуыбырыл салдæттæ фехæлдтой. Уыцы куырой къуыбыры кæроны иннæты хуызæн куыста донæй. Дон та калд, уæлмæрдты уæле агуыридургæнæн завод цы донæй куыста, уырдыгæй. Хицауады уынаффæмæ гæсгæ алы куырой дæр лæвæрд цыд хæдзæрттыл, æртæ сывæллонæй фылдæр кæмæн уыд. Мах нæ мадæн уыдыстæм цыппар, æмæ-иу цыппар суткæйы

куырой уыд нæ бар. Нартхор-иу бедрайы дзаг чи æрбахаста, уый-иу бедрайы дзаг сæвгæдта ссад æмæ-иу нын арфæтæгæнгæ ацыд. Фæлæ ссад вæййы иу цыппæрæмхай фылдæр, æмæ-иу уый та баззад махæн. Цыппар суткæмæ-иу æрæмбырд голладжы дзагæй фылдæр. Уыцы тыхст заман нæм рад æрхаудта æртæ хатты, уымæн æмæ уыдис ахæм бинонтæ, æмæ-иу дзы уыдис авд, аст сывæллоны. Иухатт нæм рад æрхаудта зымæгон, æмæ цардыстæм куыройы. Уазалæй нæ тарстыстæм, фæлæ уырытæй. Нæ хистæр хо нæ хъахъхъæдта уырытæй, нæ мад та, дон цæмæй нучы ма ныссæла, ууыл архайдта æмæ ихтæ саста. Нæ мад-иу скодта кæрдзыны гуылтæ бирæ, уымæн æмæ-иу салдæттæ дæр ног фыхтæм æнхъæлмæ кастысты. Нæхимæ та нæм доны хабар уыд хорз. Кæрты дуарæн йæ рахизæрдыгæй сисы æмрæнхъ уыдис цъай къахт. Йæ ныууайæны уыдис æртæ къахæвзæрæны, æмæ салдæттæ мæ мады куы федтой дон исгæ, уæд ын фæтарстысты, æмæ, дам, афтæмæй, бедра исгæйæ, у тæссаг ныххауынæй. Иу райсом майор салдæттимæ цъай сыгъдæг кæнын райдыдтой, хæфсытæ, дам, дзы ис, зæгъгæ. Ссыгъдæг æй кодтой æмæ дзы æрцахстой фондз хæфсы, æмæ, уынджы цы дон калд, уым сæ баппæрстой. Цъаймæ ныууайæны та скодтой фондз къахæрæвзæрæны. Уый нæ, фæлæ ма майор фæкомкоммæ, сæ рудзгуыты акомкоммæ цы цыппæртигъон арæзтад уыд, уымæ. Райхалын æй кодта. Уый та уыд хæсты хæд размæ мæ фыд йе 'фсымæр Гыдтоимæ цы цъай къахын райдыдтой, уый; нæ мад, дам, базæронд æмæ, дам ын æнцон исæн куыд уа, афтæ. Уый та Гыдто кæмдæр федта ахæм цъай, фæлæ хæст райдыдта, æмæ йæ Гыдто иунæгæй, ноджы ма йæ иу къухæй куыд къахтаид... Майор старшинаимæ ацыдысты къуыбырмæ, æмæ æрхастой цыдæр дыууæ æнахуыр белы, стæй дыууæ æфсæйнаг къоппы, иу-фынддæс литры кæм бацыдаид, ахæмтæ. Уыцы гыццыл белтæй къахын байдыдтой, сыджыт та истой уыцы къоппыты цыдæр бæндæнтæ æмæ цæлхыты руаджы. Сыджыт хæлиу кодтой бæлæсты бын. Сихор куы бахордтой, уæд ма иугыццыл акуыстой, æмæ дон фæзынд. Майор æнхъæл уыд, æмæ къахын бахъæудзæн бирæ, æмæ дисæй мард. Цъайы арф рауад æртæ метрмæ хæстæг. Дуаргæрон цы цъай уыд, йæ арф ын уыимæ сбæрæг кæнын кодта, æмæ сæ арф, уæлбылæй баргæйæ, рауад иухуызон. Йæ сисæн

лæууæн бынаты йын скодтой бедрайы æрæвæрæн бынат бандоны хуызæн. Дыккаг бон ме 'фсымæр, цыппæрæм аз ыл цыдаид, афтæмæй уыцы фæйнæгыл хурмæ бадæгау кодта, йæ къухы та – кæрдзыны гуылы æрдæг. Уый дзы гæбæзтæ-муртæ æппарын райдыдта, йæ разы йæхи йас чи уыд, уыцы куыдзæн. Хорз æм каст, æмæ сæ уæд зæхмæ нал калдта, фæлæ комкоммæ куыдзæн йæ дзыхмæ. Афтæ рауад, æмæ йæ гуылæй ратыдта къæбæр æмæ йæ куыдзы бæсты йæхи дзыхы баппæрста. Йæхи фæцæйбын кодта, салдæттæ йæм рудзынгæй куы нæ кастаиккой, уæд. Куыдз ын йæ дзыхмæ фæлæбурдта къæбæры фæстæ æмæ йæ зæхмæ æрæппæрста. Уыцы минут æй салдат рудзынгæй автоматæй амардта. Лæппуйы старшина нæ сыхæгтæм аскъæфта æмæ йын уым йæ уæллаг был æмæ роцъойы скъуыдтæ бахуыдтой урс æндæхтæй. Изæры майор салдаты цъайы раз слæууын кодта æмæ йын цыдæр æрттиваг гæххæтт радта, стæй йын ахъæбыс кодта. Иннæтæ дæр ын хъæбыстæ кодтой. Изæры хæрдмæ сын мæ мад йæ æвæрæнтæй иу стыр графины дзаг арахъъхъ радта. Майор дзы старшинайæн йе 'рдæг æркодта йæ хæрæнгарзы, котелок æй хуыдтой, æмæ йын æй пецыл сæвæрын кодта. Майор сын бамбарын кодта, арахъхъ нуазыны размæ тæвд кæй хъæуы кæнын, водкæ та – уазал, цæмæй, дам, сæ градустæ сæмхуызон уой. Салдæттæ бацин кодтой, хъæбæр нозт нуаздзысты, зæгъгæ.

Иуизæр та иууылдæр кæдæмдæр ацыдысты æд хæцæнгарз. Райсомæй майор йæхи æхсынмæ куы рацыд, уæд йæ уатæй райхъуыст лæгты хъæлæс. Дзырдтой иронау. Мæ хистæр хо дуар базыхъхъыр кодта æмæ, æцæгæйдæр нæлгоймæгтæ дзырдтой сыгъдæг иронау. Сæ ныхасæй базыдтам, ома майор кæцæйдæр базыдта, хъæуы доны фале дыууæ афицеры кæй фæзынд, уый. Æхсæвы ацыдысты æмæ сæ ссардтой, семæ сæ æрбакодтой. Уый фæстæ нæ хистæр лæппу сæ иуимæ, салдаты дзаумæтты хуызæн кæуыл уыд, уыимæ ныхас кодта æмæ, дам, у нæхи хъæуккаг лæппу, Куыдзи йæ ном. Иннæ, сау дзаумæтты, у моряк. Дыууæ дæр уыдысты хистæр лейтенанттæ. Сæ ныхæстæм гæсгæ, майорæн зæгъдзысты, сгарджытæ кæй сты, æмæ цыдысты немыцы фæдыл Кæрдзыны хъæды онг. Фæстæмæ раздæхтысты, æмæ сæ майор æрцахста. Майор сæ бирæ фæфарста, фæлæ уыдон дзырдтой, сæ

фæндагыл нæдæр Архонкæйы, нæдæр иннæ рæтты никуы федтой немыцы. Уæд старшинамæ фæдзырдта æмæ йын цыдæр дзæкъул йæ бар бакодта. Радта ма йын иу салдаты æмæ, дам сæ сæ бынатмæ акæнут. Уырдыгæй æрхæсдзыстут, цы баисты, уый тыххæй гæххæтт. Афицертæ цыдысты разæй, æмæ æцæгдæр, Архонкæйы немыц нал уыдысты. Куы сæ скодтой бынатмæ, уæд куыддæр загътой, немыц никуыуал сты, зæгъгæ, уæд арвыстой виллис машинæ, æмæ, цалынмæ уый фæстæмæ зынд, уæдмæ бæстæ фæдис ссис. Уыцы изæр сержант йе 'мбалимæ фæстæмæ æрхæццæ сты. Старшина диссæгтæ дзырдта, мах та сæ дезертиртæ хуыдтам... Уый фæстæ кæддæр базыдтой, æцæгæйдæр. Куыдзи нæ хъæуккаг кæй уыдис, уый. Иннæ та уыд Майрæмададжы денджызонты командир Бета. Æппынфæстагмæ базыдтон æгæр хорз дæр ма уыцы Бетайы, æмæ йæ æрымысдзыстæм фæстæдæр.

Майор уыдис диссаджы лæг. Иубон нæ дуармæ тарвазы фарсмæ хурмæ бадтæн, салдат та мæ фарсмæ лæугæ кодта. Цыдæр афицер йæ рæзты мидæмæ цæуынмæ хъавыд, фæлæ салдат йæ хъыримаг цæхгæрмæ авæрдта, æмæ афицер хорзау нал фæцис. Мæнмæ дзуры:

– Æхсар, дæ мадмæ ма рæвдз бадзур.

Уый салдат куы фехъуыста, уæд, майор йæ разæй, афтæмæй афицеры раз алæууыдысты. Уыцы афицер та уыд мæ мадыхойы лæппу Гугуц. Майор æм фæлæбурдта æмæ йæ йæ хъæбысы хæрдмæ фелвæста ахæм ныхæстимæ:

«Хæстон афицер, хæстон афицер!» Æмæ йæ, зæхмæ не 'руадзгæйæ, йæ агъуыстмæ нæ, фæлæ салдæтты агъуыстмæ бахаста. Салдæттæн дæр бамбарын кодта, мæнæ уын хæстон афицер, зæгъгæ. Майор фæдзырдта старшинамæ æмæ йын, цыдæртæ дзургæйæ, йæ уатмæ ацамыдта. Старшина рахаста цыдæр къоппытæ, стæй нозт. Рауадзын кодта нозт кружкæмæ, фæлæ Гугуц нозтмæ нæ бавнæлдта, фæстæмæ мæ цæуын хъæуы, зæгъгæ. Майор ма йын иу хъæбыс акодта æмæ йын, мæнмæ ацамонгæйæ, фæндараст загъта. Бацыдыстæм нæ агъуыстмæ, Гугуц, йе 'ккойы цы дзæкъул уыд, уый стъолыл æрæвæрдта æмæ дзы систа цыппар стыр сæкæры къæртты æмæ сæ махæн айуæрста. Систа ма дзы сæрбæттæн æмæ йæ мæ мады уæхсчытыл æртыхта ахæм ныхæстимæ:

– Ацы лæвар дын у, Мæздæгмæ хæстæг хъæу Пседахы цы цæцæйнаг усмæ цæрын, уымæй. Амбырд кодта йæ дзæкъул, æмæ, ныр та цææуын мæ мады цæгатмæ, зæгъгæ, ацыд. Мæ мад мын уæд куы зæгъыд:

– Лæппу, згъоргæ æмæ хæдзармæ раздæр фæу хæрзæггурæггаг, æмæ дын исты хæрзиуæг ратдзысты. Бæргæ тагъд кодтон, фæлæ уым уæдмæ бадгæ баййæфтон сыхы зæронд лæгты фынджы уæлхъус. Уалынмæ фæзынд Гугуц дæр. Хистæртæм бацыд, æмæ йæм нуазæн радтой. Уый сын арфæ ракодта æмæ йæ лæгтæй иумæ авæрдта, æз цæугæ кæнын æмæ мын нуазæн нæй, зæгъгæ. Фæцин ыл кодтой сыхæгтæ. Йæ мадыфсымæримæ цæуылдæр ныхас кодта, ома, дам, мын мæ дзæкъулы нывæр арахъхъ æмæ æртæ кæрдзыны гуылы. Рахастой йын йæ дзæкъул, æмæ ацыд фистæгæй Пседахмæ. Уыцы æхсæв Гугуц фæмард æмæ, куыд фæмард, уый тыххæй – дæлдæр.

Ууыл нæ ахицæн сты майоры хорздзинæдтæ бинонтæн. Иу бон нæ цæхæрадонмæ æрбацыд иу стыр машинæ, студебеккер æй хуыдтой салдæттæ, цыдæр даргъ телтæ йæ фæдыл ласгæ. Салдæттæ йæ, стырдæр цы фæткъуы бæлас уыд, уырдæм батардтой. Дуармæ лæууæг салдат майормæ базгъордта фæдисау. Майор уымæй тагъддæр азгъордта машинæмæ. Тынг бирæ фæныхас кодта,студебеккеры цы лейтенант бадт, уыимæ. Æмæ уый бардзырдмæ гæсгæ иууылдæр сбадтысты гуыффæйы æмæ ацыдысты. Афтæ рауад цалдæр хатты. Фæлæ уæддæр нæ бæлæстæй цалдæр фæхъуыд. Нæ сисы æмрæнхъ задис бал бæлæстæ æмæ уыдысты бæрзонд. Уыйадыл дзы фондз бæласы сæ бындзартæй алыг кодтой. Фермæйы кæрты алыварс уыд къанау къахт æмæ уым æвæрдтой цыдæр æнахуыр сармадзантæ, сæ хæтæлтæ уыдысты иу-фæндзгай метртæ, сæ хъæлæстæ арæзт уыдысты Заманхъулы 'рдæм. Балты зæнгтæ сæ бахъуыд уыдоны цæлхытæ къанаумæ ныттæрынæн. Иу æхст дæр дзы никуы фæкодтой, сæхи та сын æхстой Заманхъулы рæгътæй.

Æхстой стыр скъола, госпиталь кæм уыд, уый, почтæ, дукани. Диссаг та уый уыдис, æмæ æхст цалдæр хатты баййæфта, нæ фарсмæ цы сых уыд, уый. Уым цард нæ рæвдауæндоны хицау Личкæ. Куыд дзырдтой, афтæмæй, дам, немыц сæ сармадзантæ кæдæм арæзтой, уый сын амыдта йæ фырт. Личкæ уыд

большевиктæй æмæ æртынæм азты архайдта «адæмы знæгтимæ».

Сæ сыхы цард хорз лæг æмæ, дам, уый уыд йæ къухылхæцæг, æгъдаумæ гæсгæ – йе фсымæр. Иу изæр Личкæ уыдоны дуæртты æрцæйцыд, æмæ йæ уыцы лæг фæрсы: «Дæ хорзæхæй, мæ хо, дæхи цæй арæзт скодтай, мæн дæр ма акæн демæ æмæ уæ фенон, цы кусут, уый».

Личкæ æнкъардæй бацыд бынатмæ æмæ уым радзырдта, уыцы лæг мæ рахуыдта кълeнц, стæй, дам, арæзтæй кæдæм цæуыс, æмæ йын уый фыццаг хатт нæу, зæгъгæ. Уыцы ‘хсæв лæджы сæ хæдзарæй аластой, бинонтæн та загътой, Ростовы бынмæ, дам, поездæй агæпп ласта æмæ фæмард. Личкæйы хæдзар немыц куы ‘хстой, уæд иу нæмыг тигъыл цъымырайы æрхауд, æмæ не схæцыд, йе ‘мбис зынд хæрдмæ. Тигъыл цы хæдзар уыд , уым цард капитан. Уый адæммæ рацыд æмæ сæ æрвыстæ сæ хæдзæрттæм, ам тæссаг у, зæгъгæ. Уыцы тæккæ рæстæг æхситгæнгæ нæмыг æрбатахт, æмæ капитан дзыхъмард фæцис. Дыккаг бон æй сыхæгтæ, къуыбырæй цы хæстонтæ æрцыдис, уыдонимæ баныгæдтой, кæм фæмард, уым. Ахæм æнæнхъæлæджы цаутæ æрцыд цалдæр хаты… Уый фæстæ се 'ппæт дæр ныгæд æрцыдысты иу ран.

Ахæм зиантæ ма цыд æхсæвыгæтты, немыц бомбæтæ къуыбыртыл куы калдтой, уæд. Бæрæг-иу уыд, æхсæв бомбæтæ æппардзысты, уый. Бон раздæр-иу арвы бæрзондæй хъуыст хæдтæхæджы уынæр. Хуыдтой йæ «Рама», æмæ зæххæй зынд, цыма æнцад лæууы. Уый та уыцы рæстæг тахт сабыр, хæдтæхæджы хуызæн дæр нæ уыд. Цыма дыууæ хæдтæхæджы кæрæдзи фарсмæ тæхынц, афтæ зынд. Йæ бынмæ цы уыд, уыдоны къамтæ-иу иста æмæ-иу æрбайсæфт. Нæ къуыбыртыл ис уæлмæрдтæ хъæуы æртыккаг хайæн, стæй хæстонты пъалаткæтæ. Æхсæв-иу хæдтæхджытæ æрбатахтысты æмæ-иу бомбæтæ æркалдтой, стæй цыдæр гыццыл гæххæттытæ – салдæттæ-иу сæ æмбырд кодтой. Райсомæй-иу майор старшинайы цармæ схизын кодта æмæ-иу ын æфсæйнаджы схъистæ æрæмбырд кæнын кодта. Цы дуртæ асаст, уыдоныл-иу мелæй цыдæр бæрæггæнæнтæ скодта, цæмæй иннæ хатт бæрæг уа, цал схъисы агурын хъæудзæн, уый. Цас æппæрстой бомбæтæ, фæлæ дзы иу дæр уæлмæрдты не ‘рхауд. Мах нæ зыдтам, цы зиантæ хастой æфсæддонтæн, уый. Фæлæ-иу

сæхи рынчындонтæй уæлдай, нæ сыхæгты дохтыртæ дæр куыстой æхсæвæй-бонæй. Стæй нæ цурты ластой скъолайы госпитальмæ дæр цæфты. Иу æхсæв бирæ бомбæтæ æркалдтой, æмæ дыккаг бон майор акодта се ‘ппæты дæр белтимæ, дуаргæсæй фæстæмæ. Мах дæр цалдæрæй семæ ацыдыстæм. Ссыдыстæм, уæлмæрдты мидæг йæ цæгатварс цы тымбыл къуыбыр уыд, уырдæм. Уым хъæуæй никæй ныгæдтой. Майор уым цæгат-скæсæн фарсыл скъахын кодта цыппæрдигъон дзыхъхъ. Старшинайы арвыста кæдæмдæр. Æмæ уайтагъд фæзындысты цалдæр машинæйы фермæйы кæрты 'рдыгæй æмæ æрлæууыдысты уыцы къуыбыры бынмæ. Машинæйæ рахызтысты салдæттæ: иутæ топпытимæ, иннæтæ музыкалон гæрзтимæ. Райстой асыкк æнæ цъар æмæ æнæ сæрæй. Схастой йæ дзыхъхъы размæ. Мах фыццаг хатт федтам зиан асыччы ныгæнгæ. Майор бакаст цыдæр гæххæтт æмæ салдæттæ бæндæнты руаджы асыкк бынмæ ауагътой. Уыцы рæстæг салдæттæ хердмæ цалдæр хатты фехстой, иннæтæ та музыкæ стырындз кодтой. Цыртæн ын ныссагътой тымбыл бæласы лыггаг, цæхгæрмæ йыл бахостой фæйнæг цыдæр фыстытимæ. Æвæццæгæн, цырт уыди акъаци бæласæй, уымæн æмæ æрæджы дæр ма уыдис уым æнæ фæйнæгæй.

Цалдæр æхсæвы кинотæ дæр не ‘вдыстой. Афтæ мæ æнæмæт цард фæцис…

Иу изæр мæ мад куыстæй куы ‘рбаздæхт, уæд нæм иу сылгоймаг æрбацыд æмæ мыл цинтæ кæны. Раздæр мæ бафарста, ды Æхсар дæ, зæгъгæ. Мæ мадимæ бирæ фæныхæстæ кодта æмæ загъта: «Абонæй фæстæмæ æз дæн дæ ахуыргæнæг Маниф».

Уый куы аивгъуыдта, уæд мæ мад мæты бацыдис, цæмæй дæ бацæттæ кæндзынæн, зæгъгæ.

Фыццæгæм сентябрь уайтагъд æрлæууыд. Цалдæр боны скъоламæ цыдтæн æнæ тетрад æмæ æнæ чиныгæй. Уый фæстæ нын æхсæнæй-æхсæнмæ байуæрстой зæронд чингуытæ. Мæ хистæр æфсымæр ацыд сахармæ æмæ мын афтид иугай цъæрттæ, тетрадæй кæй сыскъуыдта, ахæмтæ æрласта. Мæ хо та мын дзы сарæзта æртæ дæсцъарон тетрады, стæй мын скодта чернилæ, уæлмæрдты кæрон цы бæрæзе задис, уый дыргътæй.

Цал боны рацыд, нæ зонын æмæ нæ цæхæрадоны кæрон, къанауы фале æвæрд æрцыдысты гуыффæджын машинæтæ-«шевролеттæ»

сæ хуыдтой. Сæ дуæрттæ уыдысты гом, фæлæ афтæ хæстæг лæууыдысты кæрæдзимæ, æмæ дыккыг машинæйы дуарæн байгон кæнæн нæ уыдис. Нæ цæхæрадоны кæрон уыд æвæрд кæройнаг машинæ, æмæ уымæн йæ дуар æхгæдтой дæгъæлæй. Шофыртæ уыдысты дыууæ, æмæ сæ къухтæ куы ныхсадтой, уæд дзы иу байгом кодта, машинæйы фæсте гуыффæйы бын цы асыкк уыд, уый æмæ дзы райста чиныг. Чиныг уыд алырдæм дæр иухуызон, æнæуый чиныгæй бирæ стырдæр. Сыскъуыдтæ дзы кодта цалдæр сыфы, æмæ дзы сæ къухтæ сæрфын райдыдтой. Сыфтæ атымбыл кодтой æмæ сæ басыгътой. Мах куы федтой, уæд ныл схъæр кодтой, æмæ ралыгъдыстæм. Бауынаффæ кодтам афтæ: райсом скъолайæ куы ʻрбацæуæм, уæд уыцы чингуытæй фæйнæ нæхи бакæндзыстæм – федтам æй, кæм сæ бафснайдтой, уый. Дыккаг бон агайæм нæ сисы рæбынты æмæ сисы рæбынæй куы акастыстæм, уæд федтам фермæйы хъомдон. Машинæтæн сæ кой дæр нал уыд. Цал боны рацыд, нæ зонын, фæлæ та дзы ахæм машинæты рæгъ æвæрынц. Сисыл сбадтæн æмæ сæм кæсын. Дыууæ машинæйы ма дзы бацыдаид, афтæ дыууæ лæджы кæройнаг машинæйы дуар сæхгæдтой, æмæ мæм дзы иу лæг къанауы мидæгæй мæ номæй дзуры:

– Æхсар, рæвдз нæхимæ ныууай æмæ Аминæтæн зæгъ, уæлæ мæ уырдыгæй Раман рарвыста, арахъхъ æмæ, дам ын æртæ кæрдзыны гуылы рарвит. Йæхæдæг ардæм ма рацæуæд, ды сæ схæсдзынæ.

Æз афтæ бакодтон æмæ уайтагъд сæ разы уыдтæн. Уыдон бацин кодтой, æмæ æз дæр фæныфсджындæр дæн æмæ Раманмæ бауырдыг дæн, уæртæ къоппы цы нывджын чиныг ис, уый мын ратт, зæгъгæ. Уый йе мбалимæ аныхæстæ кодта æмæ мын уæд загъта:

– Кæройнаг машинæйы къопмæ ма бавнал, æндæр иннæтæ дæу фæуæнт. Болт æнцон суæгъдгæнæн у, дæгъæл дæр дзы нæ хъæуы.

Уыдон ацыдысты. Æз къанауы ныггæпп кодтон. Ссыдтæн дыккаг машинæйы бынмæ æмæ сæвнæлдтон къопмæ. Ссардтон уыцы болт æмæ йæ фæхицæн кодтон. Къопп уыдис йæ тæккæ дзаг алыхуызон дзаумæттæй. Чиныг разынд æппæты бынæй æмæ дзы цыдæр дзаумæттæ зæххыл æрæвæрдтон. Чиныг куы райстон, уæд фæкомкоммæ дæн: дæлæсыхы лæппутæ нæ цы пырхгæнæнтæй

хуылыдз кæнынц, уый ахæм разынд. Æз æй райстон æмæ йæ нæ нартхоры хуыммæ фехстон. Чиныг нæхимæ æрбахастон дуаргæсы сусæгæй æмæ йæ бамбæхстон хъомдоны. Бирæ нæ бафæрæзтон, æмæ йæ мæ хомæ куы равдисин! Уый мыл мæсты хъæр скодта:

– Дæхи майорæн марын кæныс, давджыты удæгасæй куы судзы!

Уæддæр мын дзы скодта чиныджы æхсæз цъарæй дыууадæсцъарон тетрæдтæ цыппар. Скъолайы мын сæ куы федтой, уæд иууылдæр фарстой, кæцæй дæм æрбахаудтой, зæгъгæ. Æппæты разæй мæ бафарста мæ ахуыргæнæг Маниф. Æз ын дзуапп нæ радтон, фæлæ йын загътон:

– Райсом дын æрбахæсдзынæн иу-фондз ахæмы.

Гæххæтт уыдис лæгъз, мæнæ ныры нывджын журналы куыд сты, афтæ. Никæй дзы фæхъулон кодтон, уымæн æмæ Раман загъта, кæройнагæй фæстæмæ дæу фæуæнт, зæгъгæ. Барисæн æй загътон, æмæ мæ уый нал ныуагъта æнцад. Акодта мæ, æмæ чингуытæй æхсæз-авд рахастам. Уымæй уæлдай ма æрæфснайдтам нæ сыхы лæппуты фаг пырхгæнæнтæ. Уый фæстæ-иу дæллаг сыхы лæппуты ныххуылыдз кодтам. Скъолайы та нын нæ кълас дыууæ дихы акодтой, бирæ кæй уыдыстæм, уый тыххæй, стæй дзы ног ахуыргæнæг фæзынд. Дих нæ кодтой азтæм гæсгæ, фæлæ ахуыры бæрæггæнæнтæм нæ кастысты. Мæн Маниф йæхимæ ныффыста, кæд гыццыл уыдтæн, уæддæр. Нæ тетрæдтыл нын ныффыста: дыккаг кълас. Мах цы зыдтам уымæн, базыдтам æй фæззæджы. Мах уыдыстæм æртыккаг къласы. Иннæтæ та дыккаг.

Цыдæр бæрæгбон уыд, æмæ скъолайы кæртмæ иу æхгæд машинæ æрбацыд, æмæ дзы равдæлон кодтой бирæ алыхуызон къоппытæ. Уыцы къоппыты уыд, фæсарæнтæй æххуысы хуызы цы уæлæдарæс æрвыстой, уыдон. Лæвæрдтой сæ мæгуыртæн, стæй, хорз чи ахуыр кæны, уыдонæн. Мæнмæ дæр дзы æрхаудт, хуыдтой йæ «шорт», уыд мæ мады хуыд цыбырфадыг хæлафы хуызæн. Æз æй хæлафы мидæг скодтон, æмæ мыл худæгæй мардысты. Иннæтæ сæ сæ уæлæ скодтой æнæ хæлæфтæй, æмæ, дам, афтæ даргæ сты, уымæн æмæ фидыдтой рæсугъд…

Уылынмæ хæстæй здæхын райдыдтой фæстæмæ. Нæ сыхæй æппæты фыццаг ссыд Азиаты Цъиби. Цыдис ыл цыппар æмæ ссæдз азы. Колхозæй йæм æрбацыдысты, æмæ сæм цыдæр гæххæтт

равдыста, кæцыйы уыд фыст, æхсæз мæйы йын кусын мачи кæнæд, инвалид у, зæгъгæ. Æцæг уынджы хæдзæртты æфсинтæ цин кодтой, нæ чъиритæ кувæг, дам нын фæзынд, зæгъгæ. «Марадз, цу Цъибимæ бадзур, æмæ нын нæ чъиритæ скува», –уыд сæ фылдæры ныхас.

Скъолайы ма ахуыр кодтам, афтæмæй нæ цалдæр боны нæ хæдзæрттæм рарвыстой, æмæ, дам, алчи йæ хæдзары уæд, хæст кæй фæцис, уый тыххæй. Уый фæстæ ма дæс боны цыдæр ацахуыр кодтам, æмæ нын загътой:

– Ахуыры аз фæцис, æмæ уæ фæллад уадзут.

Ног ахуыры азы æнхъæлмæ кастыстæм, уæдæ нын ныр алцыдæр уыдзæн, зæгъгæ. Фæлæ ницы аивта скъолайы цардæй. Æрмæстдæр нын, цыппæрæм кълас каст куы фестæм, уæд загътой:

– Каникулты рæстæг уæ хъæудзæн баххуыс кæнын колхозæн йæ зын уавæры.

Уый нын куы нæ загътаиккой, уæддæр дзы нæ аирвæзтаиккам, уымæн æмæ мæ фыд уыд колхоз арæзджытæй иу. Ныр хæстæй ссыд æмæ нæм дзургæ дæр не скодта, афтæмæй, уæззау хаст кæй кодта, уыцы чумæданимæ смидæг йæ уаты. Майор кæм цард, уым. Йæ фæстæ дуар сæхгæдта, ма мæ хъыгдарут, зæгъгæ. Мах та йæм æхсæвæй-бонæй æнхъæлмæ кастыстæм. Мæ мад дæр дисы бацыд, махимæ куыд æнæдзургæ уыд, афтæ сыхæгтимæ дæр. Йæ уаты дуар æнæхгæдæй нæ уагъта. Райсомæй-иу раджы ацыд æмæ-иу æмбисæхсæв æрбацыд. Мæ мад æй æфхæрдта, æмæ йæ дзуапп уыд: «Цы колхоз арæзтон, уым ницыуал ныууагътат, æмæ мæн сымахмæ не ʻвдæлы».

Радтой йын бидаркæ æд бæх, æмæ йæм хорз базылд, бæхæн йæ дзаумæттæ ногтæй баивта. Кæмдæр ссардта, цигантæм цы бæхтæрæн ехсытæ уыд, ахæм æмæ дзы иннæтæн æппæлыд. Бригадир нæм цалдæр хатты æрбацыд æмæ мæ мадæн бамбарын кодта, мæнæйуый, дам, кусынмæ куы нæ цæуа, уæд æй скъоламæ нал бауадздзысты. Уæд мын нæ сыхаг лæппу дзуры, знон, дам, уыдтæн быдыры Личкæйы звенойы, зæгъгæ. Æз æй бафарстон, цы куыста, уымæй. Уый мын загъта:

– Мæнæн Личкæ бафæдзæхста, цæмæй дæуæн зæгъон æмæ дæ мемæ акæнон.

Бригадир дæр бацин кодта. Ацыдтæн, æмæ нын цалдæр лæппуйæ нæ къахыдарæс раласын кодта. Зæхх уыд фæлмæн хуымгонд æмæ дзы уыдис уæлæнгай къанæуттæ кæрæй-кæронмæ. Личкæ нæ алы къанауы дæр слæууын кодта афтæ: чызг разæй бедрагонды къабускайы рæзинæгтимæ, æз йæ фæстæ, мæ фæстæ та лæппу кружкæимæ. Нæ куыст нын бамбарын кодта: чызг æппардзæн къабускайы рæзинаг къанауы, æз-иу ын йæ уидæгтæ къахæй зæххы бын фæкæндзынæн, иннæ лæппу та йыл кæндзæн дон.

Сихормæ куы бакуыстам, уæд, мæ разæй цы чызг уыд, уый сæхимæ ацыд. Уæд Личкæ иу лæппуйы æрбакодта йæ бæсты. Лæппу дæр æппæрста чызджы хуызæн, æмæ йын рæвдздæр æппар, зæгъгæ, загътон. Афтæмæй уайтагъд нæ рæнхъ фестæм. Личкæ нæ раппæлыд æмæ лæппуйы къухты фæсагъта бел ногæй. Мах хорзау нал фестæм, фæлæ уыцы рæнхъ дæр бакуыстам. Уый нæ, фæлæ ма мыл дыккаг бон сæумæрайсом мæ фыды ехсы хорзæх дæр сæмбæлд.

Рагацау быдырмæ ацæудзыстæм, зæгъгæ, дуармæ хурварс лæууыдтæн. Салдат-иу кæм лæууыд, уым. Æз нæ федтон, мæ фыд куыд фæзынд, уый æмæ мæ лæугæ куы федта, уæд мæ ехсæй иу цæф ныккодта, æмæ ехсæн йæ калмæвзаг, æндæр æй цы схонон, мæ астæуыл атыхст. Мæ бæгънæг къухыл иунæг ран андзæвыд, æмæ иуварс алыгъдтæн. Уый мыл схъæр кодта:

– Гусалты къæбылатæ, æз уæ хъуамæ хæссон, уæхæдæг кусут ныр.

Ацыдтæн кусынмæ, æмæ мæ иууылдæр фарстой мæ къухы цъæхтæй, ехсы фæдтæй. Цы сын хъуамæ загътаин? Афтæ фыццаг хатт фехъуыстон «Гусалты къæбылатæ, дам, стут.» Ома, Гусалты хæрæфырттæ уыдыстæм… Уымæй фæстæмæ, нæ фыдæн гæды митæ чи кодта, уыдоны иууылдæр афтæ хонын райдыдтой, уæлдайдæр сылгоймæгтæ.

Мæ фыд мæ ныццавта, уымæн æмæ йын фыццаг бон Личкæ раппæлыд, дæ лæппу, дам йæ рæнхъ асагъта æппæты разæй, фæлæ, дам, æй кусын нæ фæнды. Къабуска цы бонты сагътам, уыцы рæстæг амардис Маниф, нæ ахуыргæнæг. Æмæ нæ уырдæм нæ ауадзын фæнд скодта. Чызджытæ быдыры фæкуыдтой. Йæхæдæг

дæр нæ ацыд зианмæ.

Мæ мад куы базыдта мæ къухы хабар, уæд мæ фыдæн кæйдæрты руаджы балæгъстæ кодта æмæ мæ арвыста йæ хотæм цæрынмæ, стæй, дам дын скъоламæ хæстæгдæр уыдзæн уырдыгæй.

Мæ мадыхойы кой кодтон. Йæ фырт Гугуц Пседахы фæмард, зæгъгæ. Гугуц махæй ацыд йæ мадырвадæлтæм æмæ уым дæр нæ бафæстиат ис. Сæхимæ дæр нæ фæлæуууыд. Æмæ уыцы бон йæ мадыл дæр цæцæйнаг сылгоймаджы лæвар сæрбæттæн бабаста æмæ ацыд Пседахмæ. Бахæццæ изæры талынгты. Иу зæронд усмæ цард йæ хъæуккæгтимæ, баййæфта сæ фынæйæ. Æрбадт письмо фыссыныл йæ мадмæ. Письмо æрдæгфыстæй æрбацыд мадмæ æмæ адæм дис кодтой, фæлæ сæ дис бирæ нæ ахаста. Æбацыд æм сау гæххæтт. Писмойы та фыст уыд: «Сыхæгтæ æмæ хæстæджытæн салам. Мæнæ мæ фарсмæ хуыссынц нæ сыхæгтæ Борыхъуатæ: Мæцыхъойы фырт Мæирбег æмæ Дæхцыхъойы фырт Сослæнбег, фæлæ сты фынæй. Нæ…» ууыл фæцис писмо, уымæн æмæ уыцы рæстæг рудзынгæй немыцаг бакаст æмæ, афицеры куы федта, уæд ыл гранат баппæрста. Гугуц мард фæцис, Сослæнбегæн та йæ синтæ æмæ къах хъыгдæрд баййæфтой. Маирбег та стыр цæфты фæстæ йæ сæрæй не схорз зæрондмæ дæр.

Сау гæххæтт куы æрбацыд, уæд дыккаг бон Пседахмæ ацыдысты мыггаджы хистæртæй иу, бæхтыл куыста, æмæ уый бричкæйæ, стæй мæ мадыфсымæр иу кæстæримæ, уырыссагау чи æмбæрста, ахæмимæ. Уым ссардтой хæстонты иумæйаг ингæн. Ингæн уыд хъæуы мидæг иу-цыппар-фондз метры дæргъæн æмæ, цалынмæ хъуыды кодтой, уæдмæ сæ размæ æрбацыд иу сылгоймаг. Уый уыдис цæцæйнаг, Гугуц кæмæ цард, уый. Дардмæ мыггаджы хистæрыл бухайраг худ куы федта, уæд сæ фæстæ цыд. Куы йын бамбарын кодтой, кæцæй сты, уый æмæ сæ цыды сæр, уæд кæуын райдыдта, хъарæггæнгæ, уый мæ пысылмон лæппу уыди, зæгъгæ. Æз æй иннæтимæ ныгæнын нæ бауагътон, стæй йæ сымахæн дæр нæ ратдзынæн, цомут æмæ йын йæ ингæн фенут. Акодта сæ, кæм цард, уырдæм. Æмæ сын, мæнæ нæхимæ цы ингæнтæ ис, ахæм бацамыдта, æрмæст ыл цырт нæ уыдис. Бирæ диссæгтæ сын радзырдта уыцы ус:

– Гугуц уыд лейтенант. Взводы командир, æмæ йæ скодтой

МАХ ДУГ

хистæр лейтенант æмæ пъолчы командир. Радтой йын 10 боны сæхимæ цæуынмæ. Дæс бонмæ ацыд, фæлæ уыцы бон фæстæмæ ам æрбалæууыд. Куы ацыд, уæд йæ салдæттæ æмæ ма иннæ ирæттæ æрæмбырд сты мæнæ ам мæ кæрты. Мæнæ ам мæ лæппуимæ чи цардис. Йæ синтæ кæмæн ныппырх сты, уый сын бирæ фæлæгъстæ кодта. Уый уыдис ахуыргонд æмæ, дам, худинаг у, Гугуц нæ ам куы нæ æрбаййафа, уæд. Нæ йæм байхъуыстой æмæ, хъæуы чи уыд, уыдон ииуылдæр ацыдысты æд хæцæнгарз, мах, дам, Сталин нæ ракодта, 25 азы гуырдты. Ничи, дам, нын ницы кæндзæн. Гугуцы æрбацыдмæ немыц уынгты рацу-бацу кодтой æмæ йæ бабын кодтой.

Скъахтой мард æмæ сагъдауæй лæууыдысты йæ разы. Æртæ нæлгоймаджы дæр Зилгæйы фондз боны размæ федтой æндæр æрыгон хæрзконд лæппуйы. Ныр та йын йæ цæсгом куы байгом кодтой, уæд федтой хъуынджынцæсгом адæймаг, уæд та уыд булкъдаст. Ус бамбæрста сæ катай æмæ сын загъта, уый йæ пысылмон лæппу кæй у. Бирæ арфæтæ йын фæкодтой æмæ мард Зилгæйы сæмбæлын кодтой. Нығæд у хъæуы уæлмæрдты, мыггаджы рæгъы. Уый уыдис 12 июлы 1942 азы…

Иумæйаг ингæн æфсæддонтæн фæзынд афтæ: фæндзæм къласмæ куы бацыдтæн, уæд алы предметæн дæр уыд хицæн ахуыргæнæг. Хæстон хабæртты тыххæй дæр уыд ахуыргæнæг, хæстæй чи ссыд, ахæм афицер – Мелыкаты Бедот. Йæ уроктæ йын арæзтой фæстæгтæ, кæнæ фæндзæм, кæнæ æхсæзæм. Дзурын-иу куы райдыдта хæсты хабæрттæ, уæд-иу æй бауромæг нæ уыд, æмæ йын 45 минуты нæ фаг кодтой. Бедот уыдис нæхи хъæуккаг æмæ уыдта хæстонты ингæнтæ алы уынгты, – зылд сæм нæ цыд. Бедот сæ, хицауады бафæрсгæйæ, æрæмбырд кодта стыр скъоламæ бацæуæны рахиз фарс. Æрмæст ын нæ бауагътой скъахын, дыккаг уынджы цы капитан нығæд уыд, уый, стæй къуыбырыл цы афицер нығæд уыд, уый. Иннæты баныгæдтам иумæ æвдисæндартимæ. Бирæ азты фæстæ сæ æндæрхуызон баныгæдтой æмæ сын сæ мыггæгтæ ныффыстой цыртыл, стæй йын скодтой æфсæйнаг быру. Ныр та сæ кæнынц ногæй. Рæсугъд плиткæ æмæ бетонæй…

Куыд Бедотæн, афтæ иннæ афицертæн дæр лæвæрдтой куысты бынæттæ, чи цæмæ арæхст, уымæ гæсгæ. Хæстæй ссæуæг адæм

сæхи иухуызон нæ дардтой, стæй сæм адæм дæр иухуызон цæстæй нæ кастысты…

Уыцы рæстæг куы фæци, уæд та здæхын райдыдтой, уацары чи бахауд, уыдон. Уыдысты æфхæрд адæм, фæлæ се ’хсæн уыд, йæхи схъæлæй чи дардта, ахæмтæ дæр. Хицауад, æвæццæгæн, уыдæттæм кæсгæйæ, рахастой уынаффæ, уыдонæй спайда кæнын ног арæзтæдты. Бадзырдтой-иу, йæхи схъæл чи дардта, ахæммæ, æмæ йын-иу загътой:

– Демæ чи уыдис цагъары, уыдонæй нын-иу дыууæйы зæгъ, æмæ уæгъд дæ.

Уымæн цы уæлдай уыд, фæлæ-иу йæхицæй лæгдæр чи уыд, уыдоны арвитын кодта, æцæг-иу ын йæхи дæр дæс азы æмгъуыдмæ фæдæлæ кодтой. Ахæмтæ дæр дзы уыд, æмæ уацары уæвгæйæ, кæрæдзи чи æфхæрдта.

Хъæуы æрцыд ахæм цау. Уыдис иу стыр мыггагмæ чындзхаст æмæ, адæм куы æрæмбырд сты, уæд, фынгæн хистæрæн цы лæджы равзæрстой, уый йæ сыхагимæ, стæй ма йын хæстæггонд дæр чи уыд, ахæмимæ фæцæйцыд фынгмæ. Уыцы сыхаг æм дзуры:

– Цы цæсгомæй цæуыс уыцы бынатмæ?

Уый йæ цыд кодта, æмæ уæд лæг дæр йæ хæдон фæхæрдмæ кодта, æмæ йын адæм федтой йæ буары тæлмытæ: адон мын, уацары уæвгæйæ, иронау кæй сдзырдтон, уый тыххæй йæ ехсы фæдтæ сты, бæхæй мæ мæнæ ай афтæ ныппырх кодта!

Уыцы лæг уæддæр сбадт хистæрæн, æфхæрд адæймаг та ацыд сæхимæ, æз уыимæ иу фынгыл нæ бадын, зæгъгæ.

Ахæм змæстытæ уыд арæх, ома, дам, мах базыдтам цардæй цыдæртæ æмæ хъуамæ æвдисæм демократи. Иу дзырдæй, адæмы сæртæ зилын кодтой. Æфсарм цы уыд, уый иуæй-иутæ нал æмбæрстой. Мах та сын сæ митæм кастыстæм. Уыцы уавæры бахаудысты хистæр кълæсты ахуырдзаутæ, стæй ахуыргæнджытæ дæр. Цæмæй ацы ныхæстæ фæбæлвырддæр кæнон, уый тыххæй иу чысыл дæнцæг æрхæсдзынæн.

Æртæ уаты кæм уыд, уым ахуыр кодтам дыууæ къласæй: мах æмæ æхсæзæмкъласонтæ, иннæ уат та уыд ахуыргæнджыты. Уроктæ уыдысты афтæ конд: стыр скъолайæ-иу ссыдысты дыууæ ахуыргæнæджы æмæ дзы сæ иу урок скодта иу къласы, иннæ та

дыккаг къласы, ома, сæ бынæттæ баивтой. Уый зонгæйæ, мæ фæстæ цы æртæ лæппуйы бадт, уыдонæй мын иу тынг хъæбæрæй бамбарын кодта, æз, дам дын цы зæгъон, уый куы нæ кæнай, уæд, дам дæ силосы дзыхъхъы ныппардзынæн. Мах дæр æртæ лæппуйæ бадтыстæм ахуыргæнæджы стъолы раз, æз бадтæн астæуæй. Сылгоймаг ахуыргæнæг æрбацыд æмæ фæйнæгыл цыдæр хынцинæгтæ афыста, стæй къласæй ацыд, ме ‘рбацыдмæ скæнут ацы хынцинæгтæ, зæгъгæ. Уыцы рæстæг мæ фæстæ чи бадт, уый мын мæ фарс æрбасхуыста æмæ мын ахуыргæнæджы чингуытæй бæзджындæр бацагуырдта. Æз æм æй алæвæрдтон, кæд дзы, зæгъын, хынцинаг кондæй агуры. Уыдон чиныг рафæлдах-бафæлдах акодтой æмæ мæм чиныг фæстæмæ радтой, йæ бынаты йæ сæвæр, зæгъгæ. Æз æй йæ бынаты сæвæрдтон, ахуыргæнæг æрбауад æмæ уыцы чиныг йæ дæлармы акодта æмæ та ацыд. Урочы фæуынмæ фæзынд тарстхуызæй æнæ чиныгæй. Уыцы дыууæ ахуыргæнæджы уыдысты нæхи хъæуккæгтæ, уыдис нæм бирæ æрцæуæг ахуыргæнджытæ дæр.

Мах æхсæзæм кълас каст фестæм мæй раздæр, скъола, дам, æхгæнгæ кæнынц, æмæ уый тыххæй. Бацыдтæн кусынмæ, нæхицæй хуссарырдæм дыууæ километры дарддæр цы гæны завод ис, уырдæм.

Августы кæрон нып æрзылдысты, скъола дам, сæхгæдтой, фæлæ æрмæстдæр æвдæм къласæй уæлæмæ. Сæрд фæцис, æмæ æвдæм къæлстæ ахуыр кодтой нæхи гыццыл скъолайы. Афæдз нæм уæлдай змæлд нæ уыд нæдæр скъоладзауты, нæдæр ахуыргæнджыты 'рдыгæй.

Фестæм ахуыр, æмæ нын радтой æвдисæндартæ нæ бæрæггæнæнтимæ. Уый нын бар лæвæрдта техникуммæ бацæуынæн, æмæ мæ мæ сыхаг сцырын кодта, мах техникуммæ цом, зæгъгæ. Дæ бæрæггæнæнтæм гæсгæ, дам дæ айсдзысты æнæ экзаментæй. Уый ахуыр кодта æфсæнвæндаджы техникумы, æмæ йын æрмæст йæ дзаумайы фæлыстмæ дæр адæймаг хæлæг кодта. Æз ме ‘мбæлттæн уый фехъусын кодтон, æмæ изæры хъæуы астæу æнхъæлмæ кастыстæм уыцы студенты æрцыдмæ. Лæппутæ йæ куы ауыдтой йæ дзаумæтты, уæд ыл худæгæй мардысты, уый, дам, ФЗО-йы чи ахуыр кæны, ахæм куы у. Куы нæм æрбахæстæг ис, уæд бацин

кодта, уал æмбалы мын уыдзæнис, зæгъгæ. Радзырдта нын, тепловоз скъæрæг, дам, уыдзынæн. Уæд тепловозтæ Ирыстоны нæма уыдис, фæлæ сын ахуыр кодтой скъæрджытæ цыппар азы. Авд лæппуйæ ацыдыстæм дыккаг бон. Уым ныл тынг бацин кодтой æмæ нæ бакодтой мидæмæ. Уым бадт æртæ лæджы. Сæ хистæр нын нæ гæххæттытæ федта æмæ сæ иннæ дыууæмæ алæвæрдта. Йæхæдæг нæ бакодта рудзынджы цур фæйнæгмæ. Фæйнæгыл астæуæй зынд цыдæр къобола. Уый æрлæууыд къоболайы комкоммæ æмæ йыл рахизæрдæм ахæцыд, æмæ уыцырдыгæй цырагъ ссыгъд, галиуæрдæм æй акодта, æмæ галиу рудзынгыл цырагъ ссыгъд. Уæд гæххæттытæй иу райста æмæ, кæй уыдисты, уымæн загъта:

– Рахиз, цырагъ ссудзын кæн.

Лæппу къоболамæ бавнал-бавнал фæкодта, фæлæ йæ бон ницы бацис. Уыцы лæг æй сбадын кодта ахæм ныхæстимæ:

– Цалынмæ ды афтæ бавнал-бавнал кæнай, уæдмæ тепловоз ацæудзæн километрæй фылдæр æмæ бæллæхтæ сараздзæн. Нæ авды дæр афтæ бафæлвæрдта, æмæ мæнæ скъолайы мæ фæстæ чи бадтис, уыдонæй дыууæйы гæххæттытæ радта, цы лæгтæ дзы бадтис, уыдонмæ. Махæн та загъта, уæ фæндаг раст, зæгъгæ.

Ныр цы кусдзыстæм, зæгъгæ, нæхимæ мæтгæнгæ æрцыдыстæм. Стыр скъола куы сæхгæдтой, уæд скъоладзаутæ ныххæлиу сты алы рæттæм. Уæд Беслæныхъæуы уыдис иу скъола, æмæ дзы цалдæрæй уырдæм ацыдысты. Цалдæр чызджы та ацыдысты Хуымæллæджы скъоламæ, сæ хæстæджытæм цардысты. Беслæны маисон комбинаты уыд скъола, æмæ дзы уырыссагау ахуыр кодтой æмæ мах нæ истой. Куыд æй ферох кодтон: иууылдæр уроктæ иронау ахуыр кодтам, уырыссаг æвзаг, литературæ æмæ немыцаг æвзагæй фæстæмæ.

Сæрды куыстам гæны заводы, фæлæ алы изæр дæр хъæуы астæу æмбæлдыстæм. Нæ сагъæс уыд равзарын, кæцы скъоламæ цæудзыстæм, уый. Бирæтæ разы уыдисты Беслæныхъæумæ, иннæтæ та – Хуымæллæгмæ. Лæппутæй иу – Мурик – кæцæйдæр базыдта, Беслæныхъæумæ фæндаг у аст километры, Хуымæллæгмæ та, комкоммæ цæугæйæ, дыууæ километры йеддæмæ нæу. Мурик ныццыд æмæ, дам, директор тынг бацин кодта. Баныхас кодтам,

МАХ ДУГ

æмæ ма нæ æртæ боны куы хъуыд, уæд æрæмбырд стæм хъæуы астæу æхсæз æмæ ссæдзæй. Ныццыдыстæм Хуымæллæгмæ, æмæ нæ иу стыр уатмæ бакодтой тæккæ дуаргæрон. Ницы дзы уыд, æрмæстдæр дидинджыты къоппытæ рудзгуытыл афтидæй. Уый нын бамбарын кодта уыцы уат нæ кълас кæй уыдзæн, уый. Бацагуырдта та нæ уый тыххæй, цæмæй йæ зона, цал партæйы сæвæрой. Ныр нæ куы федтой, уæд иу сылгоймаг, Мæдинæт æй хуыдта директор, цыдæртæ хæххытæ кодта йæ тæтрады, цæмæй партæтæ раст æвæрд æрцæуой, уый тыххæй.

Фыццаг бон куы ныццыдыстæм, уæд нæ хицæнæй слæууын кодтой æмæ нæм уæд бафтыдтой, дуаргæрон ма чи лæууыд, уыдонæй, иннæ сыхаг хъæутæй чи ‘рбацыд, ахæмты. Махæй къаддæр уыдисты æмæ сæ махимæ иу къласы сбадын кодтой. Æдæппæт уыдыстæм цыппор цыппар. Стæй нæ бакодтой уыцы стыр уатмæ. Уат уыд партæтæй йæ тæккæ дзаг, æмæ нын загътой, чи куыд стырдæр у, афтæ фæсте сбадæд, зæгъгæ. Мæнæй дзы ныллæгдæр нæ уыд, стæй азтæм гæсгæ дæр. Иууылдæр ныххæлоф кодтой æмæ партæтæ бацахстой. Æз æмæ ма иу чызг, мæнæй къаддæр чи уыд, ахæм, дуаргæрон лæугæйæ баззадыстæм. Мæдинæт кæй хуыдтой, уый къласæй ацыд æмæ æрбахæссын кодта иу ныллæг партæ æмæ йæ æрæвæрын кодта иунæгæй æнæ рæнхъæй дуары цур. Уым нæ сбадын кодтой дыууæйæ, иннæтæ та бадтысты æртыгæйттæй. Мæ фарсмæ кæй сбадын кодтой, уыцы чызг уыд уымы районы тæрхонгæнæджы хо, Мичуриныхъæуæй. Нæ ахуыргæнджытæ нæ фыццаг уроктæй нæ фарстой, фæлæ нæ бинонтæй æмæ хæстæджытæй. Нæ кълас кæй бар бакодтой, уый Динæ хуынд, мæ мадæн цыдæр хæстæг разынд æмæ мыл-иу цинтæ кодта. Мæ фарсмæ цы чызг бадт, уый та разынд мæ хæрæфырт, ома мах мыггаг æмæ йæ мад цы мыггагæй уыд, уыдон уыдысты æрвадæлтæ.

Ахуыр кодтам фæссихор æмæ-иу рагацау рацыдыстæм нæ хæдзæрттæй. Доны фале чи цард, уыдон-иу æрæмбырд сты хъæуыбын æмæ-иу иумæ фæраст стæм Хуымæллæгмæ. Хизын нæ хъуыд цыппар доны сæрты, æцæг дзы иу доны сæр дæр хид нæ уыд. Уыцы дæттæ цыппар баисты гæны заводы раз. Куыроймæ дон цыд Теркæй Беслæныхъæуы астæуты, уым та йыл куыста Гуытъиаты

куырой. Сæ дыууæйæн дæр уыд иухуызон дыджыр цæлхытæ, зылдысты доны руаджы. Цæлхытæй та зылдысты куыройыссæн хæйттæ. Беруаты куыройы фæстæ уыцы стыр дон кодта цыппар дихы, æмæ калдысты Хуымæллæджы донмæ. Нæ фæндагыл алы донил дæр сæвæрдтам дуртæ æмæ уыдоны руаджы хызтыстæм сæ сæрты. Уарынты рæстæг-иу дзы ацæуæн нал уыд, уæлдайдæр уалдзæджы, æмæ-иу уæд цыдыстæм соса фæндагыл, ома нæ дуæртты.

Нæ къласы бæрæггæнæнтæ уыдысты хуыздæр иннæ кълæстæй. Ахуыргæнджытæ нын-иу кодтой тæригъæд, хуылыдзæй нæ-иу куы федтой, уæд, фæлæ нын сæ бон цы уыдис...

Иу цауæн æнæ 'рхæсгæ нæй, цаутæ та уыдысты бирæ. Иу бон Таму æрæгмæ цыд, æмæ йæм сæхимæ ссыдтæн. Йæ мад мæ мидæмæ бакодта, кæрты уазалмæ ма лæуу, зæгъгæ. Бацыдтæн мидæмæ, æмæ Таму стъолы уæлхъус бады. Йæ мад ын хæринæг æрæвæрдта æмæ мæнæн дæр, стæй дыууæ кружкæйы. Таму анызта, фæлæ æз мæ хæринаг тагъд-тагъд ахордтон æмæ, стынмæ куы хъавыдтæн, афтæ мæм сылгоймаг дзуры, ануаз æй ды дæр, зæгъгæ. Æз дон нæ нуазын, зæгъгæ, загътон. Уый мын афтæ:

– Ануаз æй, уый уæ ацы уазал кæнын нæ бауадздзæн. Æз æй банызтон – уыдис арахъхъ. Таму бадт ахуыргæнæджы стъолы цур. Уыцы бон нæм фыццаг урок уыд немыцаг æвзаг. Ахуыргæнæг та уыд уырыссаг сылгоймаг. Йæ уæлæдарæс дæр хицæн кодта иннæтæй. Дардта сау костюмтæ, йæ риуыл Сырх Тырысайы Орден, афтæмæй. Уыцы бон бацыд къласмæ æмæ йæ пъартфел стъолыл куы æрæвæрдта, уæд, цыдæр цыма агуры, афтæ йæ сæр радав-бадав акодта, стæй Тамумæ фæкомкоммæ æмæ йæм йæ мыггагæй дзуры:

– Хуымæллæджы тæф кæныс æмæ далæ фæсте сбад. Ома арахъхъ банызтай æмæ афтæмæй мæ разы сбадтæ. Фæсте бынат нæ уыди, æмæ йæ махимæ сбадын кодта. Оля, æз кæимæ бадтæн, базыдта, æз дæр хуымæллæджы тæф кæй кæнын, уый, æмæ мæ изæры йе 'фсымæрыл сардыдта.

Дыууæ азы фæцыдыстæм, фæлæ йæ уыцы ахуыргæнæг никуы никæмæн схъæр кодта. Иннæ кълæсты хуызæн цыдыстæм колхозы быдыртæм нартхор æфснайæнты дæр. Уыцы рæстæг сагътой сосайы дыууæ фарсы дæр, мæнæ æрæджы калд цы бæлæстæ

æрцыдысты. Мах кълас ныссагътой сосайы Хуымæллæгмæ базилæнæй Бруты 'рдæм иуæрдыгæй дыууæ рæнхъæй 300 метры.

Хуымæллæджы скъолайы куы райдыдтам ахуыр кæнын, тухитæ-гæнгæ цæугæйæ, уæдæй фæстæмæ тох кодтам, цæмæй скуса нæхи скъола. Фыстам газеттæм, хицауадмæ, фæлæ никуы æмæ ницы.

9 къласы куы уыдыстæм, уæд цалдæр лæппуйæ бадтыстæм хъæуы астæу библиотекæйы къæсæртыл, æмæ нæм рацыд, йæ акомкоммæ цы хæдзар уыд, уырдыгæй зындгонд лæг, Габотти йæ хуыдтой, Æлбегтæй. Уыд ыл булкъоны уæлæдарæс. Нæ хабæрттæй нæ лæмбынæг фæфарста. Мах ын нæ зындзинæдтæ фæдзырдтам. Уый дæр нын йæ хабæрттæй цыдæртæ радзырдта:

– Æз ныртæккæ дæн Пхеньяны комендант, æмæ ам уыдзынæн дæс боны, цæмæй уын баххуысс кæнон, уый мын зæгъут?

Мах ын загътам, цæмæй нæ фервæзын кæна нæ тухитæй, æмæ нæхимæ скъола скуса. Уый нын бамбарын кодта афтæ:

– Уæ писмотæ Беслæнæй дарддæр нæ цæуынц, æмæ ныр ныффыссут ног писмо, уæ мыггæгтæ дзы ныффыссут, стæй кæцы хъæуæй стут æмæ йæ мæнмæ æрбахæссут. Æз Мæскуыйы уыдзынæн Ворошиловмæ æмæ йæ уымæ ратдзынæн.

Мах æндæр ницыуал бакуыстам æмæ йыл нæ писмо сæмбæлын кодтам. Уый ацыдис, æмæ мæй дæр нæма рацыдис, афтæ обкоммæ ссыд ахæм уынаффæ: «Кæд хъæуы мидæг ацы аз авд къласы аст-дæс скъоладзауы фæуа, уæд сын байгом кæнут æстæм кълас æнæмæнг».

Ног ахуыры аз махæн райдыдта фарæстæм къласы, фæлæ нæхимæ авд къласы чи фæцис, уыдонæн байгом кодтой æстæм кълас. Уыцы аз махæн рауад зындæр, стæй нын дзурджытæ фæцис, зæгъгæ, дам, Хуымæллæджы фараст къласы куы фæуат, уæд уæхи хъæуы та фæуыдзысты аст къласы. Уыдон ног ахуыры азы уыдзысты фарæстæм кълас, сымах та – дæсæм кълас. Цыма уыд уымæй хуыздæр æрхъуыды. Иууылдæр фестæм фараст къласы æмæ фæраст стæм Хуымæллæджы скъоламæ нæ гæххæттытæм. Цингæнгæ бæргæ цыдыстæм, фæлæ нæ Мæдинæт – ахуырады хицау – æрсабыр кодта. Дыууæ районы ахуырады хицæуттæ нæ фидыдтой æмæ нын нæ гæххæттытæ нæ лæвæрдтой. Уæд та Мурик

æрхъуыды кодта, æмæ мах дæр сразы стæм йемæ.Уый загъта:

– Æз бацæудзынæн Мæдинæтмæ, мæ гæххæттытæ мын ратт, ФЗО-мæ цæуын, зæгъгæ.

Мурик уыд фыдуаг, стæй ноззтуарзаг, æмæ Мæдинæт, цингæнгæ, йе скъапп фегом кодта. Куыддæр нæ къласы гæххæттытæ стъолыл æрæвæрдта, афтæ сæ Мурик фелвæста æмæ дуарæй федде. Раздæр нын загъта, æз, дам, раскъæфдзынæн къопп дзагæй æмæ гæххæттытæ пъолмæ калдзынæн, сымах-та алчи йæ гæххæтмæ лæбурæд.

Афтæ бакодта æмæ иууылдæр, дыууæйæ фæстæмæ, ссыдыстæм нæхимæ. Бацыдыстæм нæхи скъоламæ æмæ хæлиудзыхтæй аззадыстæм. Директор нын бамбарын кодта, хицауад ын кæй нæ уадзынц дæсæм кълас гом кæнын, ахæм ахуыргæнджытæ нæм нæй, зæгъгæ. Мах нæ гæххæттытæ ныууагътам скъолайы æмæ августы кæрон базыдтам, дæсæм къла дзы нæ уыдзæн, фæлæ дзы дыккаг фарæстæм къласæн гæнæн ис æмæ, дам уæ кæд фæнды, уæд ахуыр кæнут. Мах сразы стæм æмæ фыццæгæм сентябры иу къласы æрæмбырд стæм æртын цыппарæй, æцæг нæ дыууæйы акодтой æфсадмæ. Ахуыргæнджытæ нын уыдысты, æвдæмты нæ чи ахуыр кодта, уыдон, цалдæрæй фæстæмæ. Ног дзы уыд ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг. Уый иу ныхас дæр нæ зыдта иронау, фæлæ тынг архайдта, цæмæй фыссын хуыздæр райдайæм. Уый тыххæй нын кæсын кодта чингуытæ, уæд, дам, дæсны уыдзыстут уырыссагау хъуыдыйæдтæ фыссынмæ. Алкæмæн дæр скæнын кодта хицæн тетрæдтæ æмæ, дам, дзы фыссут уырыссагау, суткæйы дæргъы цы цаутæ федтат, уыдон. Бæргæ райдыдтам боныгтæ дарын, фæлæ ныр сæ койтæ нал ис. Ахуыр рæстæг нæ æфсадмæ акодтой цалдæр лæппуйæ, æмæ ма дзы уæддæр фæстагмæ баззад фараст æмæ ссæдз.

Лæппутæн фылдæрæн сæ аттестаттæ нæ радтой, военкомат, дам сæ ахастой. Уалынмæ нæм бадзырдтой военкоматмæ. Уым нын бамбарын кодтой:

– Æфсады афицертæ нæй фаг, фаг та уымæн нæ кодтой, æмæ хæсты фæхъуыдысты, æмæ, дам, ма зивæг кæнут. Равзарут, дам, кæй кæдæм фæнды уый. Мæн æвзарын нæ бахъуыд, уымæн æмæ военком, мæ аттестат йæ къухы, афтæмæй мын загъта: дæу арвитдзыстæм хæххон артиллерийы училищемæ æмæ ууыл ахицæн. Августы кæрон нæ иу æмкъласонимæ, Тузаримæ, арвыстой Украинæйы горæт Сумыйы училищемæ. Уым цардыстæм цатырты, æмæ нын уыд диссаджы цард. Экзаменты бонтæй фæстæмæ алы бон дæр цыдтæн старшинаимæ училищейы цæхæрадæттæм, фæлæ уый тыххæй фæстæдæр.

Æртæ мæйы фæстæ мæ цинæн æмæ мæ хъуыдытæн сæ кой дæр нал уыд. Мæскуыйæ фæзынд къамис. Алы суинаг афицеры дæр фарстой хицæнæй. Тузар иубон хъæлдзæгæй æрбацыд, райсом, дам, нын формæ ратдзысты. Мæнмæ дзурæг нæ уыд. Къамис ацыд, æрмæст ма сæ хицау иналар-майор баззад. Дыккаг бон мæ старшина акодта клубгондмæ. Бакодта мæ, бандæттæ кæм уыд, уырдæм, фыццаг рæнхъы мæ æрбадын кодта æмæ ацыд. Уалынмæ, сценæйы цы стъол уыд, уый раз æрбадтысты. Æз фестадтæн æмæ æгъдаумæ гæсгæ мæхи бацамыдтон. Кæрæдзиимæ цыдæртæ адзырдтой, æмæ мæ иналар фæрсы:

– Чи дæ ды, кæцæй дæ, чи дын ис, уыдон ма нын радзур.

Æз ын радзырдтон, мæ гæххæттыты куыд фыст, афтæ. Уый мыл схъæр кодта:

– Иу хатт-ма радзур!

Æз та, æнæ фæрæдигæ, радзырдтон. Уый та мыл тынгдæр схъæр кодта, иу хатт-ма радзур, зæгъгæ.

Уый фæстæ мæ хицау инæларæн хъæрæй афтæ зæгъы:

– Йæ фыды нæ нымайы, йæ хоты нæ нымайы, йе ‘фсымæрты нæ нымайы, æмæ уæд уымæн афицер уæвæн куыд ис, уымæ гæсгæ йæ ныртæккæ арвит сæхимæ.

Æз ын радзырдтон, мæ дыууæ хойы æмæ мæ кæстæр æфсымæры мæ мадимæ цæргæ ныууагътон, зæгъгæ. Уый сыстад æмæ, цы гæххæтмæ каст, уымæ гæсгæ радзырдта:

– Уæдæ, дам, ам дæ фыд цæры сыхаг уынджы, дæ хистæр æфсымæр Уралы ахæстоны дæс азы судгондæй бады, дæ дыууæ хистæр хойы та уæхимæ ахуыргæнджытæй кусынц, иннæ дыууæ хистæр æфсымæры дæр сæ фыды фарсмæ кусынц, æмæ сæ ды та нымайгæ дæр нæ кæныс.

Æз ын загътон, уыдон мæн кæйдæр къæбыла хонынц, уæд сæ æз мæхи куыд хонон. Уый мыл схъæр кодта, банцай, зæгъгæ.

Изæры мын хæринаг дæр нал радтой. Æхсæвы мæ старшина райхъал кодта. Мæ дзæкъул исгæ, Тузары райхъал кодтон, фæлæ мемæ дуармæ дæр нæ рацыд. Хæстæг, дам æм мачи цæуæд, зæгъгæ, дам нын загътой. Дуаргæсты рæзты старшинаимæ уынгмæ куы рахызтыстæм, трамвайы сбадæм, зæгъгæ, афтæ мын иу мæскуыйаг лæппу, Киселев йæ мыггаг, мæ дзæкъул айста, æз, дам дын æй хæсдзынæн, зæгъгæ. Старшина йæ трамвайы бадын нæ уагъта, фæлæ уæддæр вокзалмæ нæ фæстæ рацыд. Æз сæ ресторанмæ бакодтон, æмæ уым æрбадтыстæм. Кæдæм тагъд кодтон, стæй, дам, поезд тагъд нæ уыдзæн. Æхца мæм уыдис, иу-ссæдз боны размæ сæ райстон газет «Социалистическая Осетия»-йы редакцийæ. Уырдæм æмæ «Æрыгон коммунист»-мæ фыстон уацтæ нæ хъæуы æдзæллаг уавæрты тыххæй. Бадæм, æмæ мæ старшина æппæлы. Киселевæн та уайдзæфтæ кодта: ды, дам, иу хатт дæр нæ ацыдтæ мемæ цæхæрадонмæ халсартæ æмæ дыргътæ цæттæ кæнынмæ. Æз цыдтæн алы хатт дæр, старшина-иу дуарæй куыддæр бахъæр кодта, дæс бархионы ма мæ фæстæ рацæуæнт, зæгъгæ. Райсомæй-иу нæ акодта, доны был цы цæхæрадон ис, уырдæм.

Æрцæттæ кæнын-иу нæ хъуыд чыргъæдты картæфтæ, уырыдзытæ, къабуска æмæ алыхуызон басгæрдæджытæ, стæй-иу нæхи фæнадтам суанг изæрмæ.

Старшина куы анызта, уæд Киселæвæн, æз æй куыд фехъуыстаин, афтæ дзырдта:

– Ауыл, дам, Мæскуымæ ныффыста йæ хо – ахуыргæнæг. Æмæ, дам, ахæм дæсны фыст уыд, æмæ йыл инæлæрттæ дисæй мардысты, ома, дам, уый фашист куы у, йæ фыды, хоты æмæ æфсымæрты чи нæ нымайы, уый афицер куыд хъуамæ суа. Ахæм ныхæстыл чи нæ бауæнддзæн.

Поездмæ мын старшина билет райста, æмæ йын уæд, билеты аргъæй фондз хатты фылдæр æхца радтон, кæд мын загъта, дæ билетæн æхца нæ бафыстон, зæгъгæ, уæддæр. Киселевæн та радтон мæ «Победæ» сахат. Харьковы станцæйы рахызтæн, старшина мын амыдта:

– Ацы билетæй Дзæуджыхъæумæ ныххæццæ уыдзынæ, фæлæ дæ искуы бафæстиат куы фæнда, уæд-иу рахиз æмæ ’ндæр поезды ацæудзынæ.

Æз Харьковы рахызтæн. Уайтагъд, газæтты куыд фыст уыд, уымæ гæсгæ ссардтон хуымæтæг ингæн, хорз зылд кæмæ цыд, ахæм. Йæ цырт уыд æфсæйнаг ставд хæтæлы хайæ, æмæ йыл цæхгæрмæ – æртгиваг зест, йæ уæлæ фыст уыд: «Ам ныгæд ис Советон Цæдисы Хъæбатыр, нæ горæт хъæхъхъæнæг Æхсараты Бимболаты фырт Энвер». Чысыл фæстæдæр поезды сбадтæн æмæ нæхимæ æрбалæууыдтæн.

Старшина мæм цы тыхтон радта, уыимæ военкоматмæ ссыдтæн. Уым мын мæ аттæстат радтой, æмæ æвиппайды фæкомкоммæ дæн дыууæ «æртæмæ». Уыдон кæцæй сты, зæгъгæ, скъоламæ бацыдтæн, æмæ мын ахуыргæнджытæй иу сусæгæй бамбарын кодта:

– Фæлварæнтæ куы фесты, уæд æрцыдысты военкоматæй æмæ бацагуырдтой, цыдæр номхыгъды чи уыд, уыдоны аттестаттæ. Директор ам нæ уыд, йæ бæсты уыд йæ бинойнаг, уый дæ хойæн бабар кодта аттестаттæ фыссын. Стæй ма дыууæ дæсæмкъласонæн – дæхæдæг сæ зоныс. Дæ хо райдыдта аттæстаттæ фыссын, фæлæ нæ каст, экзаменты чи цы райста, уыцы гæххæттытæм æмæ дын уырыссаг æвзагæй 3 сæвæрдта, стæй литературæйæ дæр. Уæд æм лæппутæй иу фæхъæр кодта:

– Æхсары аттестат фехæлдтай.

Уæд ыл директоры ус фæтъæлланг ласта:

– Афæхъо, ма змæнт! Фысгæ кæн, ацы афицертæ сымахмæ кæсынц.

Уæд Афæхъо мæ аттестат дарддæр ныффыста. Дæ хо та, дам, Афæхъойæн фæкодта:

– Уыцы Гусалты къæбыла цы афицер суа, уый тагъд фендзыстут.

Дыккаг бон, адæм сæ фос куы ратардтой нæ дуæртты, уæд сæм Заретæ ныхъхъæр кодта:

– Уæртæ Гусалты къæбыла-афицеры фенут.

Цы йæм сдзырдтаин, сылгоймæгтæ мæм æрбаздæхтысты æмæ мыл фæцинтæ кодтой, уымæн та худинæгтæ фæдзырдтой.

Тузар не ‘рвадæлты лæппу уыд, Фарныхъæуæй, æмæ гæны заводы куыста цыдæр гыццыл хицауæй. Бацыдтæн æм Тамуимæ, æмæ мæ бафтыдта иу лæгимæ кусынæл. Таму та куыста æндæримæ. Уыдон хæдзæрттыл зылдысты æмæ сын сæ пецтæ зымæгмæ цæттæ кодтой. Кæимæ куыстон, уый уыд махæй бирæ хистæр, æмæ

хæдзары цъупмæ, тохына хæрдмæ кæм фæцыд, уырдæм хизынмæ зивæг кодта. Мæн-иу схизын бахъуыд бæндæнимæ. Уый кæроныл уыд баст сисамайæн дур. Пецæн-иу хæдзары мидæг йæ фарсæй не 'мбал раппæрста цалдæр кирпичы æмæ мæм-иу схъæр кодта:

– Дур сабыргай бынмæ рауадз.

Æз-иу афтæ бакодтон, уый та-иу пецы гом фарсæй бедратæм æвгæдта фæнык, хаста йæ цæхæрадонмæ æмæ йæ бæлæсты бын байтыдта. Иуæй-иу хатт-иу ын æххуыс кодтой бинонтæ дæр. Афтæ бакуыстам дæс боны, æмæ нæм заводы арæзтады хайады хицау, Али хуындис, нæхи хъæуккаг, сыхаг сыхæй, бадзырдта. Уый нын бамбарын кодта, æхцаджын куыст, дам уын ссардтон. Мæнæ заводы клубы пъол скæнын хъæуы, афтæ, цæмæй разæй уа метры бæрц бындæр, æмæ, дам, кæд уæ ныфс хæссут, уæд райсом райдайут. Кусæн гæрзтæ уын уыдзæн. Иу лæппу ма нын немæ бафтыдта, ай, дам, сыджыт ласдзæн, сымах-та, дам, – къахгæ æмæ æвгæнгæ. Сихормæ бакуыстам, æмæ не'мбал цыдæр фæцис…

Райсомæй мæм Таму ссыд газет "Социалистическая Осетия"-имæ. Уым уыд фыст: «Черменыхъæуы цы скъола ис трактористтæ æмæ комбайнертæ цæттæ кæнæн, уый ног азæй фæстæмæ уыдзæн профессионалон-техникон ахуырады училище. Уыдзæн дзы алы уавæртæ: стипенди, уæлæдарæс, æмдзæрæн – æппæт лæвар». Цы ма нæ хъæуы нæ зымæг арвитынæн, фæлæ ацы клуб та, нæ куыст æрдæгыл куыд ныууадзæм? Мах хъуыды кæнын райдыдтам, цы хуызы фæуæм нæ куыст тагъддæр, уыыл. Али уыдис сыхаг уынгæй, æмæ заводмæ цыдис райсомæй хъом тæрыны афон. Талынг ма уыд, афтæмæй мæ Таму райхъал кодта, æз, дам, диссаг æрхъуыды кодтон. Гæххæтты цъарыл æм уыд цыдæр хæххытæ, афтæмæй къуыбырмæ ацыдыстæм. Нæ хицау нæ размæ куы 'рбахæццæ ис, уæд йемæ ацыдыстæм, æмæ йæм Таму йæ гæххæтт равдыста. Куы йæм æркаст, уæд йæхи хахгæнæн систа, цæугæ-цæуын дзы фæтæн дыууæ хаххы бафтыдта æмæ гæххæтт йæ риуы дзыппы нывæрдта. Тамуйæн та загъта:

– Мæнæ дæ фæндтæ куыд сты, афтæ йæ скæнут. Сыджыт ласын уæ никæдæм хъæуы, æмæ уын тагъддæр фæуыдзæн, стæй уæ æртыккаг æмбал дæр ницæмæн хъæуы.

Нæ куыст фестæм авд бонмæ. Сихорафон нæм рацыдис

дуканигæс Аксо, ногбæтæхъойыхъæуккаг. Уый уыд мæ мады æмхæрæфырт æмæ, мæнæ цы газеты кой кодтон, уый йæ къухы, афтæмæй мæнмæ дзуры:

– Лæппу, мæнæ дын газет, æмæ райсом уым балæуу.

Мах Алимæ газетимæ бацыдыстæм. Уый йæ бакаст, æмæ, дам, уæ хъуыддаг раст уæд, фæлæ, дам, райсоммæ фæлæуут. Ныртæккæ нæ фындзы бын ис МТС, уым сымах хуызæтты сæрды æмбырд кодтой. Мах фæгæппытæ кодтам æмæ комкоммæ фыццæгæм ирон МТС (первая осетинская МТС), зæгъгæ, кæй хуыдтой, уым балæууыдыстæм – Беслæныхъæуы кæрон. Директор уым разынд, æмæ йын нæ хабар куы радзырдтам, уæд цинæй мард. Бадзырдта иу лæгмæ æмæ йын загъта:

– Ацы лæппуты алас сæхимæ, æмæ сæ куы ныххæццæ кæнай, уæд сын, цы гæххæттытæ хъæуы, уыдон бацæттæ кæн. Райсом та сæ дæхæдæг бынатыл сæмбæлын кæндзынæ æмæ сæ ныффыссын кæндзынæ, кæннод ног азмæ цыппар боны йæддæмæ нал ис, æмæ сæ куынæуал айсой.

Уый Пупу хуыдтой, аласта нæ. Училищейы директормæ нæ бакодта, æмæ, дам, нал исæм, мах, дам, ахуыр кæнын райдыдтам фыццæгæм сентябры, æмæ, дам, адон иннæты кæд баййафдзысты. Таму йæм газет равдыста, æмæ йын Пупу дæр бамбарын кодта, дæсгай къæлæстæ каст кæй фестæм, уый. Уæд директор бадзырдта иу лæгмæ æмæ йын нæ хабар радзырдта. Уый нæ Пупуимæ акодта æндæр уатмæ æмæ нæ цыдæр гæххæтты ныффыста. Пупуйæн та загъта:

– Кæд мæм хъусой, уæд дын уыдзæн дыууæ хорз дизелисты.

Махæн та:

– Ногбонмæ уыдзыстут ам æмæ баддзыстут библиотекæйы, æз уын цы чингуытæ æрæвæрон уæ разы фæлдæхт цъæрттимæ, уыдон ахуыр кæндзыстут. Цæргæ та кæндзыстут дуканийы раз иу зæронд усмæ, хæргæ кæндзыстут ам, æз уал уын талонтæ ратдзынæн.

Пупуйы машинæйæ ацыдыстæм хъæуы астæумæ уыцы лæгимæ. Уым, дуканийы чъылдыммæ, уыд самандурæй амад хæдзар. Бакодта нæ зæронд усмæ æмæ йын загъта:

– Дæ уазджытыл та дыууæ бафтыд.

Нæ цæрæнбынат уыд дынджыр уат æртæ сынтæгимæ. Сылгой-

маг нæ акодта æмæ нын æрбахæссын кодта æрдæгпырхытæ сынтæг. Фæстæмæ нæ баластой скъоламæ, нырма йæ афтæ хуыдтой. Уыцы лæг, ме 'мном Æхсар нæ бакодта библиотекæмæ. Уыдис дзы, махæй гыццыл хистæр чи уыдаид, ахæм чындзгонд чызг. Æхсар ын бирæ цыдæртæ фæдзырдта, ома, адон сты ногтæ æмæ , цалынмæ иннæты баййафой, уæдмæ ам чингуыты ахуыр кæндзысты, сæхи сын-иу ам куы фæуадзай, уæддæр мацæмæй тæрс. Стъол чингуытæй байдзаг кодта фæлдæхт цъæрттимæ, æмæ, дам, сæ уый онг бакæсут.

Афтæ нæ фыццаг фынддæс боны уым арвыстам. Ног азы нæ нæхимæ дæр нæ ауагътой. Мах уыдыстæм Æхсары къорды, уый тыххæй æмæ йæ къорды адæм нæ фаг кодта, стæй йын ахуырмæ дæр нæ тырныдтой. Бакодта нæ январы астæу къласмæ, æмæ уæд базыдтам нæ ахуыргæнджыты. Базыдтам, къорды старостæ кæй хуыдтой, уый дæр. Уый-иу мæйы райдианы байуæрста цыппæртигъон хъæбæр гæххæттытæ, талонтæ, дам, сты хæрынæн, зæгъгæ.Мæйы кæрон лæвæрдтой æхца, стипенди, дам, у, зæгъгæ, фæлæ дзы мах нæ уыдыстæм фыст, бирæ, дам, бахордтат, зæгъгæ. Афтæ февралы дæр, мартъийы та нын талонтæ дæр нал радтой. Директормæ бацыдыстæм æмæ нын загъта:

– Сымах ма уæлдай кæм арæдывтат? Ацæут æмæ хъаст кæнут.

Бацыдыстæм парторгмæ, стæй йын алы изæр дæр хъаст кодтам, газет дæр ма-иу æм равдыстам. Йæ ныхас уыд:

– Къаддæр хæрут, æмæ уæ талонтæ фаг уыдзысты, стæй стипенди дæр исдзыстут.

Фæстаг хатт ма бацыдыстæм директормæ, æмæ, дам, газæт та цы у, зæгъгæ, йæ куы атымбылтæ кодта, уæд ын æй Таму йæ къухтæй аскъæфта. Дыккаг бон ацыдыстæм сахармæ æмæ бацыдыстæм профеессионалон-техникон ахуырады хицауадмæ. Уым нын загътой:

– Газæттæм гæсгæ куы цæриккам, уæд афонмæ Амырыкæй хуыздæр цæриккам æмæ йæ нæ быны акæниккам.

Ныццыдыстæм газеты адрисмæ гæсгæ. Уым сын Амырыкы кой куы скодтам, уæд æвиппайды хæтæлмæ фæлæбурдтой. Бирæ хъæрæй фæныхас кодтой, стæй нын загътой:

– Къуыримæ уын, газеты цы фыст ис, уый куы нæ уа, уæд ма нын-иу фехъусын кæнут.

Ныццыдыстæм æмæ нæ цæрæнбынатмæ бацыдыстæм. Фæлладæй, æххормагæй бахуыссыдыстæм. Иу-цалдæр сахаты фæстæ нæ райхъал кодта, талонтæ нын чи уæрста, уый. Нæ разы нын æркалдта талонтæ æнæ нымайгæйæ, æмæ, дам, хæрут, цас уæ хъæуы, уыйас. Рацыд иу дæс боны, æмæ Æхсары фæрсæм, уæлæдарæс нын цæуылнæ дæттут, зæгъгæ. Таму ма йын загъта, скълæдтæ се дзаг куы сты алыхуызон дзаумайæ, зæгъгæ. Кæцæй, дам æй зоныс, зæгъгæ, Æхсар бафарста Тамуйы æмæ йын уый радта ахæм дзуапп:

– Далæ æхсæвгæсыл ис ног цырыхъхъытæ æмæ хъарм дзаумæттæ, уæлдайдæр та хъарм телогрейкæ. Адон, дам мын радта скълады хицау, куы сæ 'фснайдтам, уæд – скълад, дам, у суанг йæ цъупмæ йе дзаг.

Æхсар нын загъта:

– Ацæут рæвдз горæтмæ, кæннод райсом тард уыдзыстут.

Изæры нæ хæрæндонмæ дæр нал бауагътой, фæлæ нын хæринаггæнæг бамбарын кодта, фæстæдæр-иу æрбацæут, зæгъгæ. Бацыдыстæм, æмæ, дам, уæ æз фæстаг хатт хорз бафсадон. Æцæгæйдæр, хорз куы бахордтам, уæд æй бафарстам, фæстаг хатт, зæгъгæ нын цæмæн загътай, уый ма нын бамбарын кæн.

– Иууылдæр уын тæригъæд кæнынц, кæй уæ тæрынц уæхимæ, уый тыххæй.

Кæмæй стут Зилгæйы, зæгъгæ, нæ бафарста. Æмæ йын Таму нæхи бацамыдта.

Мæ хæдзар фехæлд, æмæ ды мæ гыццыл æфсымæр куы дæ, зæгъгæ мыл цинтæ кæнын райдыдта. Йæ ныхæстыл ма бафтыдта, рагæй нæ тæрынвæнд кæнынц, фæлæ сæ Æхсар нæ уадзы, фæлæ нын йæ бон цы у, иууылдæр схъæлæс кодтой нæ атардыл.

Изæры нæ хабар парторгæн радзырдтам, стæй йæ бафарстам, цæй тыххæй нæ тæрынц, уымæй. Уый нын фехъусын кодта, абон, дам нæм уæлæмæ фæдзырдтой директоримæ æмæ, дам уын райсом алцыдæр уыдзæн. Дыккаг бон нæм уроктæ нæ уыд. Уæрстой нын дзаумæттæ, стæй старостæ æрæмбырд кодта талонтæ, хæрд, дам, лæвар уыдзæн, зæгъгæ. Махæн та ма уымæй уæлдай радтой стипенди, цы бон ссыдыстæм, уыцы бонæй фæстæмæ, кæд 19 боны ахуыр нæ кодтам, уæддæр. Фæлæ уæлдай тынгдæр цин кодтам,

уыцы зæронд усы уаты царæй ныл кæй нал уардзæн мит, стæй адæмы бырутæ сугæн кæй нал давдзыстæм, уый тыххæй. Уымæн æмæ, дам, цалдæр боны фæстæ æрцæрдзыстæм хорз хæдзары. Ома, доны был хиды раз уыд дыууæуæладзыгон агъуыст, æмæ уый лæвæрд æрцыд æмдзæрæнæн махæн. Æцæгæйдæр нæ Сырх Æфсады бæрæгбонмæ уырдæм баивтой. Тамуимæ нæ æрцæрын кодтой парторгимæ иумæ агъуысты сæр цардахъы. Разынд дзæбæх уат: стъол, бандæттæ, æртæ сынтæджы, стæй Хуымæллæджы доны 'рдæм дуар балкъонимæ, бынмæ дзы уыд æфсæйнаг асин. Парторг уыд ногираг æмæ арæх æхсæвиуат нæ кодта махимæ. Ам нæ демæ цæмæн æрцæрын кодтой, зæгъгæ, йæ куы бафарстам, уæд нын радта ахæм дзуапп:

– Цæмæй адæмы мауал змæнтат.

Таму йын уæд бамбарын кодта, дыууæ мæйы, дам, цы фæхордтой иууылдæр æмæ сын сæ стипендитæ кæмæй урæдтат, уый та куыд уыдзæн?

Уый йæхи мæстыхуыз скодта æмæ нын загъта:

– Бамбæрстат æй уæхæдæг, ам уæ цæмæн æрцæрын кодтой, уый. Æмæ ныртæккæ радтат фарст мæнмæ. Фæлæ уæ курæг дæн, макуы йæ макæмæн зæгъут. Стипенди дæр нын-иу радтой афоныл: дизелисттæн дыгай сæдæ сомы, комбайнертæн та – дыгай сæдæ æмæ æхсæзгай сомы…

Тамуимæ нын уыд æмхуызон бæрæггæнæнтæ, айдагъ фондзтæ. Уымæн æмæ нæ ахуыргæнджытæ мыггæгтæй нæ зыдтой æмæ-иу сæ фарстайæн дзуапп чи хуыздæр зыдта, уый дзырдта. Лæппутæй дæр нæ бирæтæ нæ зыдтой. Ахуыргæнджытæ дæр нæм æмæ иннæтæ дæр дзырдтой «зилгæйаг». Иу-та нæ хуыдта «зилгæйы родгæстæ». Бирæ цаутæ æрцыд цыбыр рæстæгмæ, фæлæ се 'ппæт чи дзуры, чи мысы…

Иубон нæ мастер акодта трактор тæрыныл ахуыр кæнынмæ. Абон, дам уын амондзынæн доны хизын тракторæй. Цытæ æмбæлы, уыдон куы бакодтам, уæд мæн сбадын кодта тæрæджы бынаты, Тамуйы та – асыккыл, ивæн дзаумæттæ кæм уыдысты, ууыл. Йæхæдæг та бадт мæ фарсмæ. Кæртæй уыд дыууæ рацæуæны доны сæрты, æмæ æз трактор доны сæрты акодтон, æмæ уый йæ тетрады цыдæр афыста. Ацыдыстæм бынатмæ æмæ уым рацу-бацу

фæкодтам. Рæстæгмæ каст æмæ фæстагмæ Тамуйы сбадын кодта йæ фарсмæ, мæн та къоппыл. Тамуйæн ацамыдта, рацу, зæгъгæ, фæлæ Таму зыдта, уым арф кæй у дон, уый. Ууылты цæуæн нæй, зæгъгæ, бæргæ сдзырдта, фæлæ йыл мастер схъæр кодта:

– Æз уæ ахуыр кæнын, сымах та мæнæн амонут!

Таму трактор цæхгæр фæзылдта æмæ кæрты балæууыдыстæм. Урок фæцис, æмæ къласмæ бацыдыстæм. Трактормæ та ацыдис дыууæ лæппуйы. Уыдон трактор цæттæ кæнын байдыдтой, æмæ дзы иу зети барæн куы сласта, уæд хуынкъæй дон скалд, фæлæ, ницы сдзургæйæ, барæн фæстæмæ ауагъта хуынчъы. Скусын кодта трактор, æмæ, нæма араст сты, афтæ йæ тохынайæ доны пырхæнтæ калд, стæй йæ хъæр дæр бирæ æндæр хуызон фæцис. Трактор райхæлдтой æмæ дзы ахсджиагдæр цы хай уыд, уый бабын, нал сбæззыд сæвæрынмæ. Мастер хицауадæн загъта, Таму, дам æй арф доны батардта æмæ уый аххос у. Мах директор, парторджы æмæ Æхсары акодтам, кæм разил-базил кодтам, уырдæм, æмæ уыдон фæдтæ куы федтой, уæд мастер хорзау нал фæцис.

Бонтæ цыдысты, æмæ, дам, райсом, 21 апрелы, Ленины райгуырæн бон у, æмæ кæндзыстут фæлварæнтæ. Æхсар нæ бакодта æппæты фыццаг, æмæ, куыддæр нæ фондзтæ райстам, афтæ нæм фæдзырдта, раарфæ нын кодта æмæ нын загъта, директор, дам, афтæ зæгъы, ам куы уой, уæд хъыгдардзысты æмæ сæ сæхимæ арвит, ахуыр фесты æмæ сæ фæллад уадзæнт. Фондз боны фæстæ, дам-иу сæ гæххæттæм ссæуæнт.

Цадæггай æмдзæрæнæй нæ дзаумæттæ рахастам æмæ хидыл ауадыстæм сосайыл. Æз загътон, Дзæуджыхъæумæ цом, фæлæ Таму фæраст Уæлгинскæйы 'рдæм. Дыууæ сахатмæ нæхимæ уыдыстæм. Фондз боны фæстæ фæстæмæ ссыдыстæм, æмæ бæстыл иу цъиу змæлæг нæй. Бакастыстæм бирæ уаттæм, æмæ – афтид къултæ. Иу уаты дуарыл сæйраг бухгалтер, зæгъгæ, уырдæм бацыдыстæм, æмæ дзы, æцæгæйдæр, мæнæ нын нæ стипендитæ чи урæдта, бирæ бахордтат, зæгъгæ, уый хæргæ баййæфтам. Дæ бон хорз, зæгъгæ йæм куы сдзырдтам, уæд фæгæпп ласта:

– Цавæр бон хорз у, дезертиртæ?

Мах джихæй аззадыстæм. Цыдæр æм сдзурынмæ хъавыдыстæм, фæлæ дуар байгом æмæ дзы æрбахызт директор. Уый нæ куы

ауыдта, уæд ныл уый дæр схъæр кодта, ам цы агурут, дезертиртæ, зæгъгæ. Рæвдз адзурут милицæмæ, зæгъгæ, бухгалтермæ дзуры. Уый хæтæл фелвæста æмæ йæ мах нал федтам, цы дзы рауад уый. Цæсты фæныкъуылдмæ хиды фале фестæм æмæ нæхимæ æрцыдыстæм. Дезертиртæ нæ рахуыдтой уымæн, æмæ мах фæлварæнты фæстæ ацыдыстæм нæхимæ сæхи уынаффæмæ гæсгæ…

Райсомæй хæрæндонæй æддæмæ къордтæ куыд цыдысты, афтæ се'ппæты дæр бадын кодтой æхгæдгуыффæ машинæты. Алы машинæйы дæр уыд дыууæ салдаты æд автоматтæ. Аластой сæ станцæмæ æмæ сæ арвыстой æнæхæрд зæххытæм – Казахстанмæ. Мах та нæхимæ æнцад бадтыстæм. Иубон нæ дуармæ бадтæн, æмæ къуыбырты фæзилæнæй сосайыл фæзынд, мæнæ нæ МТС-мæ цы машинæ аласта, уый. Æз слæууыдтæн йæ размæ. Æрлæууыд, æмæ дзы Пупу рахызт. Æз ын нæ хабар радзырдтон, директор нын нæ гæххæттытæ нæ радта æмæ бадæм ам, зæгъгæ. Уый мын загъта:

– Райсом уæм ацафон æрцæудзынæн æмæ уын уæ гæххæттытæ дæр æрласдзынæн.

Æцæгæйдæр æрцыд, фæлæ æнæ гæххæттытæй, уыдон, дам сын семæ поезды арвыстам, адон та, дам, кæмдæр æрдæгфæндагыл рагæпп кодтой, нæ ацыдысты целинамæ. Пупу нын бафæдзæхста сомбон 8 сахатыл МТС-ы куыд уæм, афтæ.

Ссыдыстæм, æмæ нæ Пупу директоры кабинетмæ бахуыдта. Уый ныл бацин кодта, фæлæ йæ цин дзæгъæлы рауад: хъуыди сæ комбайнертæ, мах та уыдыстæм трактористтæ дизелон трактортæн. Хорæфснайæнтæ æрбахæццæ сты, æмæ комбайнтыл кусæг нæй. Уыдис сæм æртæ хорæфснайæн хæдтулгæ комбайны, æмæ уыдонæн уыд комбайнертæ, фæлæ сын нæ уыд æххуысгæнджытæ. Директор Пупуйы арвыста кæртмæ, æмæ уый æрбакодта æртæ лæджы. Директор уыцы лæгтæм дзуры:

– Мæнæ уын дыууæ æххуысгæнæджы.

Иу дзы уыд ацæргæ уырыссаг лæг, æмæ Тамуйы йæ хъæбысы акодта, ай мæн фæуæд, зæгъгæ. Иннæ лæг загъта, мæнæн мæхи лæппу кусдзæн мемæ, зæгъгæ. Æртыккаджы зыдтам, уымæн æмæ иухатт, Черменæй нæхимæ куы цыдыстæм, уæд уый дæр махимæ баиу. Мах Æхсар нæхимæ уагъта, майрæмбоны-иу сихор

куы бахордтам, уæд. Цæугæ та-иу скодтам къуырисæры сихоры хæрдмæ, ома, дам, уæддæр фондзтæ исут. Ацы лæппу та-иу майрæмбоны уроктæй кодта лидзгæ. Цы гæнæн уыд, æмæ мæн комбайны размæ акодта. Раздæр мæ бафæлвæрдта, куыд арæхсын амындтытæ æххæст кæныныл, уымæ. Скусын кодта комбайн æмæ, иучысыл куы акуыста, уæд æй ахуыссын кодта. Æз æм лæмбынæг хъуыстон, цытæ мын амыдта, уымæ æмæ скусын кодтон комбайн. Кусын æй хъуыд къухæй, кæд бензинæй куыста, уæддæр. Уыыл мæ ахуыртæ фесты. Бацамыдта ма мын йе скъæрыны хабæрттæ. Размæ, фæстæмæ, куыд æй ис бауромæн, куыд ын скусын кæнын хъæуы йæ хæйттæ, цæмæй хор сыгъдæгæй гуыффæмæ кæла.

Ницы бакуыстам дыууæ-æртæ боны. Æз-иу скусын кодтон комбайн æмæ дзы-иу мидбынаты размæ-фæстæмæ кодтон.

Иурайсом ме 'мбалмæ директор бадзырдта æмæ йæ иу лæгимæ кæдæмдæр арвыста. Фæстæмæ йæ æрбаласта, æмæ директормæ бацыдысты. Мæ хицау уайтагъд рацыд æмæ мæн директормæ барвыста. Директор мæм дзуры:

– Мæнæ ацы лæгимæ ацу, æмæ йын йæ комбайн вагонæй зæхмæ ратул, дæ хицауæн йæ бон нæ баци, æмæ ды ацу.

– Æз ыл никуы куыстон, йе скъæрæнтæ йын нæ зонын æмæ йæ уæд куыд ратæрон?

– Ды мæн ма сай, нæ дæ фенын, комбайн размæ-фæстæмæ куы фæкæныс, уæд. Ацу, æмæ дæм уый йæхæдæг дæр фæкæсдзæн.

Ацыдтæн æмæ йæ тыххæй, мæ хид акалд, афтæмæй зæхмæ раргъæвтон. Уыцы лæг мæм дзуры, мæ фæстæ йæ тæр, зæгъгæ, æз, дам, цæудзынæн сабыргай. Æз комбайн ахуыссын кодтон æмæ æргæпп кодтон зæхмæ. Уый мын лæгъстæ кодта, фæлæ æз никуыма тардтон комбаин æмæ фæндагмæ куыд ацæуон?! Уый бахъуыр-хъуыр кодта, фæлæ мæ фæстæмæ æрласта. Бон фæстæдæр та æрцыд, æмæ мæ хицауы аласта, ууыл нал фæзынд. Æз нæ базыдтон, бынтондæр æй аласта, уый. Иннæ бон мæ хицау æрæгмæ куы цыд, уæд бацыдтæн директормæ æмæ дзы баййæфтон иу лæджы. Уый мыл цинтæ кæнын райдыдта. Директор æй фæрсы, дисгæнгæ, цæмæй, дам æй зоныс, зæгъгæ. Уый йын нæ хабæрттæ ииуылдæр куы радзурид. Мах руаджы цы хабæрттæ æрцыд, уыдæттæ. Черменыхъæуы уыд комбайнертæн ахуыргæнæг, цардис

Уæлгинскæйы. Æмæ нæ-иу арæх федта нæхимæ цæугæ сæ дуæртты. Ныр МТС-мæ æрцыд кусынмæ механикæй комбайнертæн. Директор мæн рарвыста, дæ комбайнмæ ацу, зæгъгæ. Уый мын бамбарын кодта, де'мбал, дам, ацыд æндæр ранмæ кусынмæ, æмæ, дам, комбайн дæуæн баззад. Æмæ, дам дын æз цытæ амонон, уыдон куы кæнай, уæд ацы комбайн уыдзæн иннæтæй рæвдздæр, стæй ницы хъуаг уыдзæн. Æз, дам, куысты фæстæ мелæй хæххытæ кæндзынæн, æппарын кæнæ бакæнын, ныффидар кæнын цы хæйттæ хъæуа, уыдон. Дыккаг бон куы ссыдтæн æмæ куы федтон мелæй хæххытæ, уæд æнхъæл уыдтæн, комбайны æрдæг мæ халын бахъуыд. Æз уырыссагмæ бацыдтæн æмæ мын бацамыдта, уыцы дæндагджын цæлхытæ куыд æппаргæ сты, уый. Дыууæ мын дзы йæхæдæг раппæрста. Сихормæ сæ ииуылдæр раппæрстон. Фæссихор Митя, афтæ хуыдтой механичы, цæлхытæ ииуылдæр зырнæйзилæджы фарсмæ бахæссын кодта. Митя мын бамбарын кодта, сæ дæндæгтæ сын цæмæй алыг кæна. Бакодта мæ скъладмæ æмæ мæ разæй цыд, мелæй цæлхытыл барджытæгæнгæ, æмæ, дам, уыдон дæр хæсс иннæты размæ. Уым зырнæйзилæг адонæн дæр сæ дæндæгтæ фæхицæн кодта. Митя мын уырдыгæй цы цæлхытæ рахæссын кодта, уыдоны дæндæгтæ æмæ мæхи комбайны цæлхыты къуыдыртæ бахæссын кодта æндадзæджы кусæн бынатмæ. Уый сæ Митяйы мелæй хæххытæм гæсгæ баиу кодта æмæ сæ æз, кæй кæцæй раппæрстон, уымыты бакодтон. Ацы митæ уыдысты, цæмæй хорæфснайæн рæстæг комбайн дзæгъæл лæуд ма кæна, ома мацы хъуаг уа. Мæхи комбайнæй цы цæлхытæ рафтыдтон, уыдонæн сæ дæндæгтæ уыдысты къаддæр, æмæ сæ адæм давтой сæ мотоциклтæ æмæ велосипедтæн. Ныр сыл стырдæр дæндæгтимæ бандадзын кодта, æмæ, дам, æнæмæтæй кусдзынæ.

Иннæ хабар та уыд диссагдæр. Комбайн мын ратæрын кодта æндадзæджы размæ. Уым мын æй райхалын кодта. Хоры хъæмп фæсте комбайнæй калд бынмæ нукгондмæ æмæ йæ уырдыгæй ласын хъуыд хæрдмæ, стæй, йæ фæстæ цы гуыффæ баст уыд, уырдæм. Уым уыд бирæ фæзилæнтæ æмæ æндæр хабæрттæ. Комбайн-иу адаргъ æмæ фæзилæнты тухæнæй мардта. Гуыффæйы дыууæ фарсыл та уыд лæууæнтæ, æмæ уым дыууæ кусæджы сагæйттæй амадтой хъæмп æмхуызон алы къуыппы, æмæ-иу

гуыффæ куы байдзаг, уæд-иу хъæмп зæхмæ æрæппæрстой. Митя мын уыдон ииуылдæр аппарын кодта. Хъæмп фæстæмæ чи тардта комбайны хуылфæй, уыдон уыдысты цыппар хайы, æмæ æндадзæгимæ уыцы хæйттæ фæдаргъдæр кодтой гуыффæйы сæрты сæ астæуы онг. Куы сцæттæ стæм, уæд комбайнæн уыд æнцон разилæн, стæй дзы амайджытæ дæр нал хъуыд. Æрбахæццæ сты хорæфснайджытæ, æмæ мæм директор бадзырдта æмæ мын загъта:

– Иннæ комбайнтæ цæттæ нæма сты, æмæ сымах ацæут Уæлгинскæмæ, комбайнты цы трактортæ ласдзысты, уыдонæн фæндæгтæ кæнынмæ. Кæимæ ацæуон, зæгъгæ йæ куы бафарстон, уæд мын радта ахæм дзапп:

– Митя дын уыдзæн комбайнер, фæлæ кусгæ кæндзынæ иунæгæй, мызд дæр уыдзæн ииуылдæр дæу. Уый дæр дæ арæх бæрæг кæндзæн.

Уыйадыл мæ хъæзуатон куыстмæ бахæццæ дæн…

Уыдзæн ма

Фиппаинаг:
Анжелæ у Джимиты Æхсары чызг,
фысгæ дæр уый мысинæгтæ кæны

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ
1945–2020

ТОКАТЫ Асæх

ÆРТÆЙÆ

Радзырд

Хъæдмæ хæстæг Стыр комы былтыл кæрæдзи комкоммæ лæууынц ног хъæу æмæ зæронд хъæу. Се 'хсæн ма комы бынæй стыр дон зыны, урс хъæццулыл сау тæбыны хал куыд зына, афтæ. Доны былты мидæмæ цы фæндаг цæуы, уый дæр нал зыны. Бæстæ иуулыдæр митæй урс-урсид дары.

Æхсараты Дзамболаты æрдæгуæладзыг хæдзар лæууы зæронд хъæуы кæрон. Тæккæ былгæроны ставд бæлæсты къохæй Дзамболаты хæдзары æхсæн ис æрмæст нарæг фæндаджы уадздзаг. Дзамболаты сарайы дуарæй бæлæсты къохмæ хæрз æрæджы фæзынди зултæ-мултæ къанау. Бæлæсты къохы был та – арф ныккæнд-блиндаж. Блиндаж гом у комы 'рдæм, фæлæ æхгæд у æрдæгконд куыройы фыдтæй.

Раджы кæддæр Дзамболат арф комæй раласта стыр къæдзæхдуртæ. Армæй – хæрзарæхст, къухæй дæсны, зæрдæргъæвд лæг куыройы фыдтæ арæзта, фæлæ йын дзы æртæ æрдæгкондæй баззади дæлбыл. Ныр сæ немыцæгтæ æхсæвыгон сластой. Сæвæрдтой сæ блиндажы размæ. Сæ хуынчъыты сын ауагътой пулеметты хæтæлтæ, размæ, фаллаг хъæумæ дæр, дæлæрдæм дæр æмæ сын мидæмæ дæр æхсæн куыд уа, афтæ. Æрæмбæрзтой сæ хæмпæлтæй.

Мит æрæмбæрзта хæдзæртты сæртæ, æрбадти пихлойгай бæгънæг бæлæстыл. Слæгъз кодта, сармадзанты нæмгуытæ, минæтæ, бомбæтæ цæхæрадæтты æмæ уынгты цы дзыхъхъытæ скодтой, уыдон. Миты бынæй нал зынди блиндаж дæр.

Бæстæ ныхъхъус, ныссабыр. Нæ иу хъæуæй, нæ иннæмæй хъуысы адæймаджы хъæлæс, нæ фосы, нæ мæргъты уасын. Хæдзæрттæй æддæмæ нæ зыны цъиуызмæлæг. Нæ зыны хæдзæртты сæрмæ фæздæг дæр. Æрмæст арæх, куыд никуыма уыди, афтæ арæх ниуынц куыйтæ иу хъæуæй дæр æмæ иннæмæй дæр.

* * *

Дзамболаты хæдзары дыууæ уаты бацахстой немыцæгтæ. Дыууæ къæсхуыр салдаты иу уаты, æртыккаг – бурхил афицер – ахста дыккаг уат. Уæтты хорз дзаумайæ цы баййæфтой – къуымбил гобæттæ, хъæццултæ, пакъуы базтæ, – уыдон ахастой блиндажмæ. Уаты къултыл цы гауызтæ уыди, уыдон рафтыдтой, сæвæрдтой сæ афтид сынтæджытыл æмæ сыл бон сæ фæллад уагътой радыгай.

Дзамболат йæ рынчын уазæг æмæ йæ чындзимæ царди хæдзары. Хæдзар у уазал. Бон арт кæнын нæ уæндынц.

Дзамболаты рынчын уазæг, йæ рагон хæлар Аслæнбег хуыссы рудзынгмæ хæстæг даргъ бандоныл... Йæхи хæдзар – Дзæуджыхъæуы, фæлæ йын дзы ничи ис. Йæ ус раджы амарди, йæхæдæг 37-æм азы ахст куы уыди, уæд. Йæ фырт – æфсады. Аслæнбег йæ горæтаг фатеры дуар сæхгæдта, дæгъæлтæ радта йæ сыхæгтæм, афтæмæй араст и... Ныр мæнæ рынчынæй хуыссы йæ зæронд хæлар Дзамболаты хæдзары.

Цы бæллæхтæ рахастой зæронд лæджы, ацы хъаймæты хæсты бонты цард æмæ мæлæт ныхæй-ныхмæ кæм фесты, уыцы хъæумæ? Цæмæн хуыссы Аслæнбег, фыдызнаджы æфсæдтæ кæй бацахстой, уыцы хъæуы?..

Аслæнбег кæм хуыссы, уыцы хæдзарæй, немыцаг афицер кæм бады, уыцы уаты æхсæн ис æрмæст иу тæнæг къул.

Дыууæ фыдызнаджы – фæрсæй-фæрстæм!..

Немыцы æфсæдтæ Кæсæджы зæххæй Иры зæхмæ куы 'рбахызтысты, уæд Аслæнбег дæр рацыди партизантимæ, кæд сын исты ахъаз фæуин, зæгъгæ.

Зæрдæ бирæ цыдæртæ фæзæгъы. Зæрдæйы ныввæстытæн кæрон дæр нæй, фæлæ буар, зæронд лæджы буар зæрдæйы коммæ нал фæкæсы.

Къорд бонты хъæды фыдвæндæгтыл, уазал зымæгон æхсæвты фыдвадæтты кæмдæр суазал. Фæрынчын. Йе 'мбæлттæ йæ рахастой, æрбахæццæ йæ кодтой ардæм, сæхæдæг фæстæмæ афардæг сты хъæдмæ.

Аслæнбег йæ зæрдæйæ, загъта, уæдæ чысыл куы фæфидар уон, уæд исты амæлттæй нæхимæ схæццæ уыдзынæн. Немыцы æфсæдтæ ацы хъæумæ афтæ тагъд æрбахæццæ уыдзысты, уый æнхъæл нæ уыди. Фæлæ уыдон лæбурдтой, бырстой Грознамæ, Бакумæ. Уыдон лæбурдтой Арвыкомы фæндаг бацахсынмæ, тагъд кодтой. Сæ сармадзантæй, сæ хæдтæхджытæй, сæ танктæй, сæ мотоциклты цæлхытæй ссæстой, сæ размæ цыдæриддæр лæууыди, уыдон.

Ацы хъæуыл фæссихорты æрбауагътой цалдæр сармадзаны нæмыджы, къорд хæдтæхæджы æрзылдысты, æрæппæрстой хъæуы астæу бомбæтæ.

Нæхи æфсæдтæ ацы хъæу ныууагътой, æрфидар сты фаллаг бæрзонддæр былыл ног хъæуы. Знагæн ацы чысыл хъæуы фæстиат кæнын, æвæццæгæн, йæ зæрды нæ уыди æмæ уыциу бырстæй сæ ных сарæзтой фаллаг фарсмæ, фæлæ, сæ раззаг машинæтæ куыддæр доны былмæ бахæццæ сты, афтæ сыл нæхионтæ уæлбылæй ныккалдтой. Дыууæ рог танчы æмæ цыппар машинæйы ныр дæр пырхытæй лæууынц доны был. Фыццаг машинæты фæстæ чи уыди, уыдон цæхгæр фæзылдысты фæстæмæ, стæй фессæстой комы фæндагыл мидæджырдæм. Фæлæ сыл уыцырдыгæй дæр æркалдтой, æмæ уæд фæстæмæ фæзылдысты.

Сырх æфсад сын уыцы ран ахæм цæф ныккæндзæн, уый æнхъæл нæ уыдысты. Æмæ уæд уыцы изæр ацы хъæу фидæрттæ кæнын байдыдтой.

Изæрдалынгты цæхæрадæттыл æрбацыдысты Дзамболаты хæдзармæ дæр. Дзамболаты æрбаййæфтой кæрты, фосæн скъæтмæ холлаг хæсгæйæ. Хъæллæгъы куырис куыд фæцæйхаста, афтæ йæ алыварс алæууыдысты автоматтимæ. Æркæстытæ йæм кодтой, æрæвæрын ын кодтой йæ куырис, стæй йæ фæуагътой æмæ сæ автоматты бырынчъыты фæдыл схызтысты асинтыл тыргъмæ. Хæдзармæ дæр бацыдысты уыцы хуызы. Дыууæ немыцаг афицеры ныллæууыдысты дуаргæрон. Аслæнбег кæм хуыссыди, уыцы даргъ бандонмæ хæстæгдæр бацыди иу саулагъз ныллæггомау ставдбæрзæй лæг, йе уæхсчытыл – гауптманы пъагæттæ æмæ рæгъæд хъалгъæнхуыз цæстытæй æдзынæг ныккасти рынчынмæ.

Аслæнбег уыди æнæдаст, йæ мæллæг цæсгом – низæфхæрд. Урс боцъотæ, урс зачъетæ... Зынди æрмæст йæ цæсгом, æмæ сæм касти арфæвæрд цæстытæй. Йæ къæхты 'рдыгæй лæууыди Дзамболаты

чындз. Уый дæр сæм касти тарст цæстытæй.

– Чи у ацы лæг? – сыгъдæг иронау бафарста ставдбæрзæйджын.

– Мæ фыд у, – дзуапп ын радта чындз сабыр хъæлæсæй, цыма искæмæ уайсады, æмæ бамбæрста, йæ зæнгтæ кæй ризынц. Хæдзармæ немыцаг афицерты сæрты бакасти Дзамболат дæр.

Уый та йæ ногæй бафарста:

– Æмæ цæмæн хуыссы?

– Рынчын у, – дзуапп та йын радта чындз.

– Цæмæй рынчын у?

–- Рæуджыты низæй.

– Чехотка?!

– О.

Немыцæгтæ цыдæр сдзырдтой иронмæ. Уый сæм ракасти æмæ сын загъта цыдæр сæхи æвзагæй.

Ныр Сакинæтæн (афтæ хуынди Дзамболаты чындз) йæ зæрдæ йæхи къултыл хойы, уыцы ирон фашист куы базона... Кæддæр партийы обкомы бæрнон кусæг Аслæнбег... фæлæ афицертæ, куыддæр бæрзæйджыны ныхас айхъуыстой, афтæ цæхгæр фæзылдысты æмæ тутæгæнгæ рацыдысты. Иронау дзурæг ма бакасти Аслæнбегмæ æмæ йыл цыма тынг мæт кæны, афтæ бакодта:

– Æмæ арт та цæуылнæ скæнут уæ рынчынæн? Уазал лæгæты йæ цы дарут?.. Тагъддæр амæла, уый тыххæй? – æмæ та йæм бакасти.

«Тагъддæр куы ахъуытты уаид», – зæгъы йæхинымæр Сакинæт.

Хæдзармæ бахызти Дзамболат æмæ загъта:

– Мæнæ... Ныртæккæ скæндзыстæм... фæлæ ды ирон нæ дæ?

– Нæ дæн... Зæронд лæг, – раздæхти Дзамболаты 'рдæм, – ацы хъæуы Сырх Æфсад нæ уыди?

– Нæ уыди, – дзуапп радта Дзамболат.

– Уæдæ фаллаг хъæумæ кæцæй фæзындысты?

– Æмæ-гъа... Æвæццæгæн, уæлейæ æрцыдысты... «Нæ мæ ракъахдзынæ, куыдзы цæфхад!.. Дæ уæлæ цы дæрæс ис, уымæй бæрæг у, чи дæ, уый», – зæгъы йæхинымæры Дзамболат.

Ирон фашист ма аракæс-бакæс кодта, йæ хъалгъæнхуыз цæстытæ тарст мæгатау азылдысты къуымты æмæ, æнæ исты сдзургæйæ, рацыди хæдзарæй.

Немыцæгтæ ма уыдысты уаты. Уыдон рудзынгæй æддæмæ кастысты. Иу дзы иннæтæн амыдта былгæроны бæлæсты къохмæ, стæй

се ’ппæт дæр ацыдысты.

Дзамболат æмæ Сакинæт афтæ, æнæ исты дзургæйæ, алæууыдысты, стæй сæ дыууæ дæр бакастысты Аслæнбегмæ.

– Гъы, Дзамболат, куыд дæм фæкастысты дæ «уазджытæ»? – мæсты мидбылты худгæйæ, бафарста Аслæнбег.

– Сæ уынæр нал цæуы уатæй... Афтæмæй нæ куы ныууадзиккой... фæлæ ацы уæйгæнæг... куы дæ базона... уымæй æдас нæ уыдтæн... стæ-ма, цы фесты... – уыцы ныхæстимæ Дзамболат рацыди.

– Акæс-ма, чындз, – бакасти Аслæнбег Сакинæтмæ. – Æнхъæлдæн, мæ гæххæттытæ мæ пиджачы дзыппы сты...

– Æз дæр ма ууыл ахъуыды кодтон, уыцы гауптман дæм куы ныккомкоммæ, уæд, – загъта Сакинæт æмæ фæсдуар къулыл ауыгъд пиджак радавта. – Гъа, фен сæ дæхæдæг... Куы та 'рбацæуой...

Аслæнбег рабадти. Райста Сакинæты къухæй пиджак, дзыппæй систа йæ паспорт æмæ партбилет.

– Мæ хæдзарыл!.. Уый дын куы ссардтаиккой...

– Гъа-ма, афснай йæ искуы арф... уæртæ дæ къæбицы.

Сакинæт райста партбилет. Æркасти йæм... «Время вступления... 1916 год»...

– Царæфтыд нæ кодтай дæхи!.. Ныронг мын æй куыд никуы загътай? Цон... афснайон æй, – æмæ рауади, тыргъæй сарайы æхсæн цы къæбицгонд уыди, уырдæм. Минуты фæстæ фæдисхуызæй фæстæмæ смидæг хæдзары.

– Æрбацæуынц та... Исты ма дæм ис ахæмæй? – афарста Аслæнбеджы.

– Нæй... Гъа, пиджак фæстæмæ сауындз йæ бынаты.

Цалынмæ уыцы хъуыддæгтæ кодтой, уæдмæ кæртмæ бацыдысты къорд æфсæддоны, фыццæгтæй семæ уыдис æрмæст иу афицер, иннæтæ уыдысты салдæттæ. Афицер сæ бакодта астæуккаг уатмæ æмæ сын рудзынгæй амыдта былгæроны бæлæсты къохмæ.

Бынтон куы æрталынг, фаллаг фарсæй сæ ничи фендзæн, уый куы бамбæрстой, уæд сæ йемæ акодта уыцы къохмæ. Семæ ахастой къахæнтæ, белтæ, æмæ уырдыгæй æрбайхъуыст сæ гуыпп-гуыпп. Дыккаг æхсæв дæр фæкъахтой. Æртыккаг æхсæв та сарайы дуарæй уыцы къохмæ айгæрстой къæдзтæ-мæдзтæ арф къанау.

Æмæ ууылты сæ блиндажмæ фæхастой пулеметтæ, гилдзыты асыччытæ, цыдæр дзауматæ æмæ хæдзарæй хуыссæнгæрзтæ. Хæдзары бинонтæй æддæмæ ракæсын никæй уагътой. Дзамболат æмæ Аслæнбег сæм кастысты хæдзары рудзынгæй. Æмбæрстой, бæлæсты бын сæхицæн фидæрттæ кæнынц, уый. Хъуыстой сын цæхæрадонæй сæ фæрæтты къупп-къупп, иннæрдыгæй сæ къахæнты гуыпп-гуыпп. Дзамболат йæхимидæг фыхти, æрдиаг кодта. Уый зыдта, цæхæрадоны фæрæттимæ цы ми кодтой... фæлæ цы йæ бон уыди.

– Мæ бæлæстæ мын ныццагътой, æнхъæлдæн, – загъта, йæ дæндæгтæ къæскъæсгæнгæйæ.

– Диссаг нæу... нæхионтæ дæр куы ныхъхъус сты... Æви фаллаг хъæу дæр ныууагътой знæгтæн, – йæхицæн дзурæгау загъы Аслæнбег. – Фæлæ уый дæр куыд уыдзæни?..

Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу фаллаг хъæуæй æрбайхъуысти топпы иугай гæрæхтæ, пулеметты къæр-къæр...

«Нæ, нæ ныууагътой... Уæд гæрах нæ хъуысид уырдыгæй, стæй немыц дæр ам нал уаиккой... Æвæццæгæн, сæхи цæттæ кæнынц, фæлæ цæй æрæгмæ...» – хъуыдытæ кæны Аслæнбег.

Немыцæгтæн сæ блиндаж куы сцæттæ, пулеметтæ, гилдзыты асыччытæй йæ куы байдзаг кодтой, æрмæст уæд уадзын байдыдтой бинонты кæртмæ æмæ цæхæрадонмæ.

Афтæмæй аивгъуыдтой цалдæр боны.

Иуизæр та, дзæвгар куы фæталынг ис, уæд æрбаластой дынджыр сармадзан. Дзамболаттæй дыууæ хæдзары уæлдæр æй иу сарайы дуарыл чъылдымырдæм базылдтой. Йæ хæтæл ын уынджы бæлæсты æхсæнты саръзтой комы сæрты фаллаг хъæумæ. Афтæ бакодтой ноджы цалдæр раны кæройнаг уынджы уæлæмæ.

Æхсæвæрафонмæ æввахс æрбацыдысты фистæг æфсæдтæ. Сыхы хæдзæрттæ, саратæ æмæ кæртытæ байдзаг сты салдæттæй.

Дзамболаты дыууæ уаты æмæ сарайы дæр базмæлæнтæ нал уыди, фæлæ хæдзармæ нæ бацыдысты. Æвæццæгæн сын фехъусынчындæуыди, уым чехоткæйæ рынчын хуыссы, зæгъгæ, æмæ нæ бауæндыдысты, фæлæ уæтты æмæ сарайы æмыр дзолгъо-молгъо кодтой. Сарайы царæй ракалдтой хос æмæ уымæй сæхицæн сарайы зæххыл лыстæнтæ арæзтой.

Хæдзары тынг рухс кæнæн нæ уыди. Чысыл фæтæгены цырагъ къулæй дыдзы рухс кодта стыр хæдзары къуымтæ. Дыууæ рудзынджы æмбæрзт уыдысты иу фæсмын хъæццулæй, иннæ – зæронд бинаг нымæтæй, цæмæй рухс æддæмæ ма зына, уый тыххæй.

Дзамболат, кæрц йæ уæлæ, афтæмæй хæдзары никуы бадти, цыфæнды уазал бонты æмæ æхсæвты дæр. Ныр йæ цыбыр кæрцы зæронд стайау къæсæрмæ хæстæг бадти агæппæввонгæй æмæ къæрцхъусæй хъуыста, тыргъæй æмæ кæртæй ардæм цы уынæртæ цыди, уыдонмæ.

Аслæнбег йæ къухтæ йæ нывæрзæн бакодта, афтæмæй хуыссыди даргъ бандоныл æмæ уый дæр хъуыста уынгмæ.

Чындз пецы цур архайдта æхсæвæримæ.

 Æртæйæ дæр хъуыдытæ кодтой, æдде цы хабæрттæ цыдис, уыдоныл. Уыдон æмбæрстой: знаг комы фаллаг хъæумæ ныббырсынмæ йæхи цæттæ кæны.

Немыцаг æфсæдтæ 'хсæв бырсынмæ кæй нæ уæндынц, Дзамболат æмæ Аслæнбег уый дæр зыдтой, фæлæ кæд?.. Æвæццæгæн, райсом бонрухсæй. Дыууæ лæджы катай кодтой: уæдæ цы ’гъдауæй, цы мадзалæй фæхабарчындæуа нæхионтæм. Кæд æй нæ зонынц, æмæ сæ æдзæттæйæ куы баййафой... Фæлæ ницы мадзал ардтой. Комыл та цъиу атæхын нæ уадзынц иуырдыгæй дæр æмæ иннæрдыгæй дæр. Æхсæв-бонмæ пулеметтæ кæнынц дзæгъæл куыйты рæйд.

Фæлæ уыцы рæстæджы фаллаг фарс нæхионтæ цæттæгонд дæр ма фесты ныббырсынмæ, æцæг бонрухсæй нæ, фæлæ æхсæвыцъæхæй.

Дыууæ зæронд лæгæн æмæ чындзæн цы сæ бон уыди ахæм хъуыддаджы, ахæм уавæрты æфсадæн исты æххуыс бакæнын. Фæлæ хъæуы разынди, чи сарæхсти, ахæм лæгтæ...

Æмбисæхсæвмæ не схуыссыди Дзамболат. Къæрцхъусæй фæбадти, куы-иу рудзынгæй адардта йæ хъус, куы-иу тыргъы 'рдæм хъуыста. Тыргъæй ма хъуысти æрмæст иунæг салдаты цырыххъыты къупп-къупп. Нæ хуыссыди чындз дæр йæ хицауы разæй. Æппын æгъуыссæг та уыд Аслæнбег.

– Дзамболат, дæхи æруадз æмæ чындзы дæр бауадз йæ фæллад суадзын... Бадæм, нæ бадæм, уæддæр цы нæ бон у, – дзуры Аслæнбег.

– Уымæй раст зæгъыс, Аслæнбег, цы нæ бон у... Чындз, марадз æмæ дæ фæллад суадз, – уыцы ныхæстимæ йæ кæрц раласта Дзамболат, йæхи æруагъта хъæдын тъахтиныл æмæ кæрцæй йæхи æрæмбæрзта.

Сакинæт дæр бацыди скъаппы фæстæмæ. Уым уыди стыр æхгæд чырын. Ууыл æрбадти. Йæ фæсонтæ къулмæ сарæзта æмæ афтæмæй нæ хуысгæ, нæ бадгæ кодта. Хуыссæг сæ æмгæрон никæмæ цыди.

Алчи сæ хъуыды кодта: немыцæгтæ ныр цалдæр боны кæй фæластой, уыцы сармадзаны нæмгуытæ, уыцы асыччыты цы минæтæ æмæ гилдзытæ ис, уыдон иууылдæр райсом ныккæлдзысты фаллаг хъæуыл. Уым – хæстæджытæ, æрвадæлтæ, къабæзтæ, сывæллæттæ... цы уыдзысты...

* * *

Цас рæстæг рацыдаид, чи зоны, фæлæ дын иуахæмы зæхх ныннæрыди, бæстæ ныггыбар-гыбур кодта. Сармадзаны нæмгуытæ æхситгæнгæ æрбатахтысты хæдзары сæрты, растдæр хъæуы астæу немыцаг æфсæдты штабмæ æмæ скълæдтæм.

Тыргъæй æрбайхъуысти бирæ къæхты гыбар-гыбур, дуæртты гуыппытæ. Кæртæй – бирæ адæмы дзолгъо-молгъо.

Дзамболат фесхъиудта æмæ тарст арсау скатай куы дуары 'рдæм, куы – рудзынджы 'рдæм.

Чындз дæр рагæпп кодта фыццаг гæрахмæ. Цырагъ афу кодта, æмæ хæдзар бынтон нытталынг.

Аслæнбег хуыссæнæй йæхи сивæзта, цадæггай рахъил кодта рудзынгæмбæрзæнты кæрон æмæ авджы йæ цæстытæ ныссагъта. Æдде ма уыди талынг. Фæлæ йæ цæстытæ ацахстой: митыл сау æндæргтæ згъордтой ацырдæм. Фаллаг былæй алы рæттæй ферттив-ферттив кодта. Æхстой бирæ сармадзантæ.

Æртæ адæймаджы фыццаг афтæ фенхъæлдтой, æмæ знæгты бырст райдыдта, уыдоны сармадзантæ ныббогътæ кодтой, фæлæ йæ куыдфæстæмæ æрæмбæрстой: гæрæхтæ хъуыстысты фалæрдыгæй, æрттывтой фаллаг хъæуæй.

Уалынмæ уыцы хъæймæты гыбар-гыбурæй уынг фæрухс ис, фæрухс сты къохы бæлæсты сæртæ... Дзамболатты уæле, дысон знæгтæ чъылдымырдæм сармадзан цы сарамæ батылдтой, уый пиллон суагъта.

Сарайæн, æвæццæгæн, йæ цары уыдис хос. Хус хос сармадзаны нæмыджы цæхæрæй ссыгъди. Сара ныггуыпп ласта.

Ныр гыбар-гыбур не ’нцайы. Аслæнбег кæсы комы фаллаг былмæ, уым цыма алы бæласы бын дæр фæныкъул-фæныкъулгæнаг æртытæ счындæуыди...

– Нæхионтæ!.. Нæхионтæ райдыдтой!.. – Фыр цинæй худгæйæ ракасти Аслæнбег фæстæмæ, фæлæ никæй федта. Дзамболат æртыдта

иннæ рудзынгæмбæрзæн æмæ уый дæр касти æддæмæ.

– Гъæй, Хуыцау уын ма ныббара, мæнæ сырдтæ! Садулы хæдзар...

Нал фæци Дзамболат кæронмæ йæ дзырд. Цыма сау мæйдар æхсæв хъаймæты къæвдаимæ арв ныггæрæхтæ ласта, афтæ цæстыфæныкъуылдмæ бæстæ ныррухс... зæхх ныззыр-зыр кодта... рудзгуыты æвгтæ ныдздзыгъал-мыгъул кодтой... Хæдзары сæрæй æрызгъæлдысты æмбæрзæн дуртæ æмæ рудзгуыты бын сæ къæрццкъæрцц ссыди... Стæй та ноджыдæр, ноджыдæр...

– Чындз!.. – рудзынгæй фæстæмæ фæзылди Дзамболат.– Тагъд ныккæндмæ!

Фæцыди дуары хъист æмæ гуыпп, фæлæ та фæстæмæ дæр афтæ – хъинц æмæ гуыпп, Сакинæт рауади тыргъмæ, ныккæндмæ ныззгъорынмæ хъавыди, фæлæ уырдæм бырстой знаджы æфсæддонтæ, кæрæдзи ссæндгæйæ, æмæ уæд фæстæмæ фæзылди... Йæ фæдыл дуар æрбагуыпп ласта, къæпсырæй йæ ахгæдта æмæ пецæй скъаппы æхсæн фæтымбыл.

– Аслæнбег!.. Аслæнбег!.. Цы фæдæ? – дзуры та Дзамболат.

– Æз мæнæ... мæныл ма тыхс, Дзамболат...

– Садулы хæдзар... бабын... судзы... Йæ сарайы йын бирæ асыччытæ...

– Æвæццæгæн, сармадзаны нæмгуытæ хæлынц... мæ уд сæ рынтæ бахæрæд нæхионтæн!..

– Хъæу басыгъд… фæлæ басудзæд… Æгас чи баззайа, уыдон та сараздзысты ног хæдзæрттæ... Ацы сырдты къæхты бын цæрыны бæсты бынтон сæфт хуыздæр...

– Фæлæ, Дзамболат... ацы сырдты лæгæтмæ нæ цæвынц... Цы хабар уа?..

– Кæд æй нæ зонынц...

– Æвæццæгæн... Гъæй-джиди!..

Афтæ талынджы дыууæ зæронд лæджы ферох кодтой сæхи æдасдзинад...

* * *

Æдде ма сахатырдæджы бæрц бæстæ хъаймæты бонау гыбаргыбур кодта. Кæройнаг уынджы уæлæмæ немыцы æфсæдтæ сæ сармадзантæ цы кæртыты, цы сараты цур æрæвæрдтой, се фсæдтæ абырсынæввонгæй цы хæдзæртты лæууыдысты, уыдон ныр боныцъæхтыл пиллон уагътой, сæ зæхх сын знаджы салдæтты æмæ афицерты буар æмæ тугимæ, ноджы хæдзæртты сыгъдæттимæ нæхионтæ сызмæстой.

Дыууæ зæронд лæджы уæддæр кастысты рудзгуытæй æддæмæ.

– Хъавæгæй æвзидæг фæраздæр, – бахудти Аслæнбег.

– Фæлæ сæ хъавд фалдæр ахаста, æнхъæлдæн...

Сармадзанты нæмгуытæ та хæдзары сæрты æхситгæнгæ тæхын байдыдтой фалдæрмæ.

Уалынмæ дæлæрдыгæй сыхъуысти гранатты гуыппытæ, автоматты, пулеметты къæр-къæр, бирæ адæмы æваст хъæртæ. Комы дæлбылæй дæр...

– Гъе, гъе, æрбабырстой нæхи фистæг æфсад! – сивæзта та йæхи Аслæнбег рудзынгмæ. Хæдзары бынæй сыхъуысти цыдæр гуыргуыр...

Ныккæндæй ракалдысты салдæттæ, æмæ кæртæй хъуысы бирæ къæхты тъæпп-тъæпп.

Дзамболат рудзынг фæуагъта æмæ дуары 'рдæм фæци, фæлæ йæ нæ байгом кодта. Æрмæст ыл йæ хъус авæрдта... «Лидзынц»... – зæгъы йæхинымæры æмæ та рудзынгмæ бауади.

Аслæнбег кæсы. Боныцъæхтæм уыны: комы фаллаг фарсæй митыл ацырдæм згъорынц бирæ сау стъæлфытæ.

Дæлæрдыгæй гуыппытæ, хъæртæ æмæ пулеметты, автоматты къæр-къæр хæстæгæй-хæстæгдæрæй хъуысынц.

Кæртæй дæр хъуысынц немыцæгты хъæртæ, кауын быруйы къæс-къæс.

– Æнхъæлдæн, лидзынц фæстæмæ... цæхæрадæттыл... О, мæ уд уæ рынтæ бахæра, нæхионтæ... Цæвут, марут!..

Цалдæр хæдзары дæлдæрæй цæуы стыр хæсты уынæр... Мæнæ, мæнæ æрбахæстæг кæнынц комы згъорджытæ дæр. Æрбайхъуысти сæ ура...

Фæлæ былгæроны бæлæсты бынæй скъæр-къæр кодтой æртæ пулеметы. Аслæнбег ауыдта, комы митыл згъорæг æфсæддонтæ куыд æрызгъæлдысты, сæ хъæр фегуыппæг. Дæлæрдыгæй пулеметты æхст дæр фенцади. Æрмæст ма къæр-къæр кодтой бæлæсты къохы бын æртæ пулеметы.

– Гъæй, куыд уын амардтæн! – ныууынæргъыдта Аслæнбег æмæ йæхи уæлгоммæ аппæрста хуыссæнмæ. – Уайтагъддæр мæ зæрдæ

æхсайдта уыцы къохы бын бадджытæм... Дзамболат!.. Уыцы пулеметтæ, бабын кодтой уыцы пулеметтæ!.. Исты амал... Мах зæрæдтæ стæм... бирæ цæрæнбон нын нал ис… – рабадти та Аслæнбег, рудзынгмæ та йæхи сивæзта æмæ ауыдта – рудзынджы рæбынты фæхъуызы иу лæг... нæхионтæй... «Гъæй-джиди, куы баирвæзид». Фæлæ йæ ауыдтой, пулеметы нæмгуытæ хæдзары къулты æрбаныхстысты. Рудзынгыл ма цы авг уыди, уый æрбазгъæлæнтæ. Æдде ссыди хъæрзын…

– Гъæ, Хуыцау уын ма ныббара!..

Хæдзары дуары гуыпп фæцыди.

– Дада!.. – Кæрты ничиуал ис!.. Цæхæрадæттыл фалæмæ лидзынц немыц!.. – талынг хæдзары айхъуысти Сакинæты хъæлæс. Уый, салдæттæ ныккæндæй куы ракалдысты, уæд рауади тыргъмæ, уырдыгæй касти. Стæй ауади кæртмæ дæр. Ныр фæзынди фæстæмæ æмæ, тыхулæфтгæнгæйæ, дзырдта: – Нæхионтæй иу ахауди нæ кæрты дуармæ... Æгас ма у...

– Цом, чындз, рахæссæм æй...

– Цæут... Фервæзын æй кæнут...

Дзамболат æмæ чындз рауадысты хæдзарæй. Аслæнбег сæ фæдыл касти. Ныдджих цæуылдæр. Стæй æвиппайды йæхи сивæзта рудзынгмæ, акæстытæ кодта иуырдæм, иннæрдæм. Уынджы ничи зынди. Куы дæлæрдыгæй, куы уæлæрдыгæй-иу ссыди автоматты къæр-къæр, иугай гранатты рæмыгъд. Фæлæ тæккæ былгæрон бæлæсты къохæй æнæрæнцойæ дзæхст-дзæхст кодтой æртæ пулеметы, комы фалæрдæм цы иугай æфсæддонтæ згъордтой, уыдоныл. Аслæнбеджы цæст ацахста блиндажы 'рдæм митыл къанауы уадздзаг.

– А-гъа, сæхи сусæг цæуæн!.. – фæстæмæ ракасти, хъæццул аиуварс кодта æмæ сыстади. Кæрц йæ уæхсчытыл æрбакодта, йæ къæхтæ къалосты атъыста æмæ йæ цæст ахаста боныцъæхтæм чысыл фæрухсдæр хæдзары къуымтыл.

– Гъей-джиди, уæд та иу зæронд берданкæ!.. – Фæкомкоммæ къулыл ауыгъд сау фæтæн хъамамæ...

– Хъама!.. – бакъахдзæф кодта къулы 'рдæм, фæлæ ныццудыдта, рахиз къухæй ма стъолы тигъыл фæхæсти. Йæ сæр ныттылдта: – Гъе, уæууæй гъе, Аслæнбег, ай дæ дæ къæхтæ куынæуал хæссынц!.. Нæ, нæ, афтæ нæ уыдзæни!..

Йæхиуыл схæцыди, сæвнæлдта къулмæ, æриста хъама, йæ кæрдзæмæй йæ сласта. Кæрц аппæрста, митыл куы зына, зæгъгæ, æмæ айдагъ мидæггаг хæдон æмæ хæлафы ахызти рудзынгыл...

* * *

Æртæ пулеметы не ’нцайынц, мæлæт тауынц не ’фсæддонтыл.

Æфсæддоны Дзамболат æмæ чындз мидæмæ баластой, æруагътой йæ сарайы хосыл.

– Дон... дон... – тыхулæфтгæнгæйæ, дзырдта уый.

– Марадз, чындз, тагъд – дон!... – загъта Дзамболат æмæ февнæлдта цæфы риу æгънæджытæ уæгъд кæнынмæ.

Сакинæт уыциу тахт скодта тыргъы асинтыл, бауади хæдзармæ, пецы сæрæй раскъæфта кручкæ æмæ доны дурынмæ куыд фæзылди, афтæ йæ къах скъуырдта Аслæмбеджы кæрцыл. Джихæй аззади, хуыссæн афтидæй, рудзынг та уæрæх гомæй куы федта, уæд. Ноджы ма хъамайы кæрддзæм сынтæгыл...

Дзамболат æрбацыди.

– Чындз, дон мауал хæсс... ахицæн... Аслæнбег та?

– Рудзынгыл ахызти... хъамаимæ...

Дзамболат багæпп кодта рудзынгмæ.

– Нæ, æз æй иунæгæй нæ ауадздзынæн.

– Ды та ма дæхи цæмæн сафыс? –Сакинæт æм базгъордта æмæ йын фæхæцыди йæ цонгыл.

Дзамболат йæхи атыдта æмæ рудзынгыл агæпп ласта.

Сакинæт цæхгæр хæдзарæй ратахти, сарайы мард æфсæддоны цурæй автомат фелвæста.

Тæккæ уыцы минут цæхæрадонæй кауы сæрты кæртмæ æрбагæппытæ кодтой ставдбæрзæйджын æртæ салдатимæ æд автоматтæ.

Сакинæт амбæхсти агуыридурæй амад цæджындзы ауон. Знæгтæ куыддæр хæдзары дуары 'рдæм фæзылдысты, афтæ сыл автомат ауагъта. Салдæттæ ма, фæйнæрдæм цудтытæгæнгæйæ, цалдæр къахдзæфы акодтой, стæй мæрдон фæлдæхтæй афæлдæхтысты алы рæтты. Гауптман дæр ныццудыдта, фæлæ ма фæстæмæ ракасти. Йæ автомат уыцырдæм рацæйзылдта, фæлæ йæ Сакинæт бахста…

Хъавгæйæ тарвазы ауонæй Сакинæт акасти æддæмæ. Уынджы хæдзары рæбынты æрцæйзгъордтой цалдæр немыцаг салдаты. Йæ ауонæй сыл ауагъта автомат. Фыццаг дыууæ салдатæй иу æрхауди къанауы был, иннæ фæстæмæ фæзылди, бæласыл йæхи скъуырдта

æмæ уым ныддæлгом зæххыл. Иннæтæ хæдзæртты рæбынты уæлæмæ лидзæг фесты. Æвæццæгæн, фенхъæлдтой, сырх æфсæддонтæ дæлæты æрбаирвæзтысты æмæ сæ уыдон гæрах кæнынц, зæгъгæ.

Нырма бæлæсты бын æмбæхст пулеметтæ æнæрæнцойæ дзæхстдзæхст кодтой алырдæм.

Сакинæт ныггæпп ласта къанаумæ æмæ, блиндажы 'рдæм цалдæр гæппы куы бакодта, афтæ пулеметтæ фегуыппæг сты. Бæстæ фæсабыр.

Блиндажæй райхъуысти кæйдæрты хъуырдухæн. Сакинæт ауыдта: блиндажы тæккæ дуаргæрон Дзамболат немыцагимæ хъæбысхæсты бацыд. Уалынджы йæм æд хъама æххуысмæ фæзынд Аслæнбег. Немыцагæн уый йæ фæстаг сахат уыд…

– Фæстæмæ!.. Хæдзармæ!.. – Сакинæтыл фæхъæр кодта Дзамболат.

Уый разгъордта къанау-къанау. Йæ фæдыл дыууæ лæджы дæр æрбахæццæ сты.

– Нæхионтæ ам уыдысты, цы? – фæрсы йæ Аслæнбег, салдæтты мæрдтæ сарайы фæрсылтæй куы федта, уæд. Дзамболат дæр сæм джихæй касти.

– Æруадз дæхи... афтæ æруадз... – дзырдта Дзамболат, Аслæнбеджы хъæццулæй æмбæрзгæйæ.

Аслæнбег йæхи æруагъта хуыссæны æмæ хъæрæй ныххудти – Сакинæт сæ кæй фæцагъта немыцæгты, уый фембæрста…

* * *

Хъæуастæу немыц хæлофæй, удаистæй сæхи калдтой машинætæм. Бирæтæ дзы-иу уайгæ-уайын дæр сгæппытæ кодтой. Чи не сфæрæзта, уыдон-иу æппæрстой сæ хæцæнгæрзтæ дæр æмæ лыгъд лæвæрдтой ныгуылæнырдæм хонæг фæндагмæ.

Сыхы куы уæлæрдыгæй æрыхъуысы кæуын, æрдиаг, куы дæлæрдыгæй сыхъуысы дзыназын.

Уыцы æппæт уынæртæ фæвæййынц сармадзанты гыбар-гыбуры бын. Сæ нæмгуытæ, æхситгæнгæ, тæхын байдыдтой хъæуы сæрты. Уыдон сæ хъавд ахастой фалдæр. Æхсынц хъæуæй хурныгуылæнырдæм цæуæг фæндæгтæ...

* * *

Аслæнбег куы æрхуыссыди, уæд Дзамболат рудзгуытæ, авг сыл нал баззад, уæддæр сæ æрбахгæдта. Æрæмбæрзта ма рынчыныл йæхи кæрц дæр.

– Чындз, цы фæдæ?! – рахъæр кодта æддæмæ.

Сакинæт йæ цуры алæууыд сæркъулæй.

– Марадз, арт акæн. Дон схъарм кæн...

Уый, пецы ма цы æрдæгсыгъд сугтæ уыди, уыдонимæ архайыныл фæци.

– Дзамболат, гъы, куыд, арæхсæм ма?

– Арæхсыс, арæхсыс, Аслæнбег, – дзуапп ын радта Дзамболат æмæ йæм хæстæгдæр бацыди. Схъил кодта хъæццул – йæ цæф ын абæттын хъæуы...

– Цæф нæ дæн, мæ лымæн, – бахудти уый.

– Куыннæ дæ, мæнæ дæ тугæй бæстæ куы самæст.

– Цæф нæ дæн, Дзамболат, уый знаджы тугæй дæн хъулæттæ… Дзамболат æрысгæрста Аслæнбеджы риу.

– Ай, æцæг цæф куы нæ дæ.

Аслæнбег бахудти:

– Уæдæ дæ сайгæ кæнын... Мæныл тутыры конд сахат ис. Топп мыл нæ хæцы, кард мæ нæ кæрды, – ныххудти та Аслæнбег, æмæ йæ худæг асайдта уæззау хуыфæгмæ... Иу чысыл рæстæг ницыуал дзырдта. Тыхулæфт кодта, стæй та иугай дзырдтæй райдыдта. – Дзамболат... дæ чындз... диссаджы хъæбатыр... разынди... Амонджын уыдзысты, ацы... хæсты фæстæ ма чи цæра... Мæ лæппу... Георги... кæм и цымæ?.. Цы баци?.. Куы ссæуа... уæд дæгъæл... сыхæгтæм... Бацамон ын-иу…

– Цытæ дзурыс уый, цытæ, мæ зæронд хæлар Аслæнбег?.. Мæнæ знаджы фæсырдтой, æмæ уæхимæ дæхæдæг ссæудзынæ, – зæрдæтæ æвæрынмæ йын фæци Дзамболат, фæлæ лæджы улæфтæй æмбæрста, бирæ цæрæнбон ын кæй нал ис. Аслæнбег йæ цæстытæ æрæхгæдта.

Пецы арт ссыгъди, фæлæ рудзгуытæй уазал мидæмæ бырста.

Дзамболат сыстади, йæ тъахтинæй систа хъæццул æмæ дзы иу рудзынг бамбæрзта, стæй цæмæдæр рауади тыргъмæ.

Аслæнбег та ракасти.

– Чындз... бузныг... æрдæбон... цæмæн æрталынг... рухс... рухс!.. – Йæ хъæлæс, йе 'взаг йæ коммæ тынг нал кастысты лæгæн.

– Уазал у... Ныртæккæ срухс кæндзыстæм, – бадзырдта йæм Сакинæт.

– Чындз... – сдзырдта та Аслæнбег... – Кæмдæр дæм... ирон фæндыры... пластинкæ... сæвæр æй... уыцы фæндырæй фæндараст зæгъæм... Уыцы фæндырдзагъд... бирæ уарзтон... Чындз, мæ къона...

Лæг æмæ чындз сæ кæрæдзимæ бакастысты.

– Уый хорз, Аслæнбег, æгайтма дæ зæрдæ фæндырдзагъд агуры, – хæстæгдæр æм бацыди Дзамболат. Кæсы йæм æмæ дзуры. – Фæлæ аив уыдзæни, нæ алфамблай мæрдтæ, зиантæ, хæдзархæлдтæ, фыдохы хъарджытæ...

Аслæнбег та йæ цæстытæ æрæхгæдта æмæ ницыуал дзырдта, стæй тынг лæмæгъ хъæлæсæй загъта:

– Ницы кæны... Ныббардзысты... Хъарæг... Хъарæг æмæ... зарæг... фæрсæй-фæрстæм... цæуынц... Афтæ у цард... мæ лымæн... Дзамболат...

Дзамболатмæ аив нæ касти: йæ хæдзары алфамблай уыйбæрц бæллæхтæ æрцыди, адæм сæ зиантыл кæуынц, нæхи æфсæддонтæй бирæтæ хуысгæ баззадысты. Кæрты – сырх æфсæддоны мард æнæ 'фснайдæй... Уыдоны 'хсæнæй йæ хæдзарæй фæндырдзагъд айхъуыса?.. Аслæнбегмæ куы бакасти, уæд бамбæрста: йæ рагон хæларæн, чи зоны, уый йæ фæстаг курдиат у. Æмæ загъта:

– Марадз, чындз, сараз дæ фæндыр.

Сакинæт ныууагъта йæ куыст, рахаста патефон, стъолыл æй æрæвæрдта.

Уазал хæдзары, æдде цы 'рдиаджы уынæртæ хъуысти, уыдонимæ схæццæ фæндыры диссаджы хъæлæс. Патефон цагъта, цæмæндæр бæтæхъойыхъæуккаг цагъд кæй хонынц, уыцы хонгæ кафты цагъд. Лæгæтау уазал хæдзар байдзаг ис уыцы романтикон музыкæйы зæлтæй.

Аслæнбег цармæ касти æмæ хъуыста. Йæ цæсгом уыди рухс. Афтæ зынди, цыма худгæ кæны. Йæ фæстаг балцæй йæ зæрдæ буц уыди æмæ, æвæццæгæн, афтæ худæнбылæй æнустæм уымæн бафынæй зæронд Аслæнбег.

Сакинæт рæвдзгомау цæттæ кæны хæринаг. Уæларт цайданы сæр дзыгъал-мыгъул кæнын байдыдта.

Дзамболат пъолыл авджы сæстытæ сисы æмæ сæ рудзынгæй цæхæрадонмæ акалы. Дзуры йе 'мбалмæ:

– Дæ лæппуйы бонтæ æрымысыдтæ, нæ, Аслæнбег... Стæ-ма, куы ницы мæм дзурыс?.. – Бацыди йæм æмæ йæм æргуыбыр... – Аслæнбег!.. Аслæнбег! – сдзырдта тарст хъæлæсæй.

Чындз уыцы хъæрмæ фæзылди æмæ сагъдауæй аззади. Дзамболат хуыссæны раз йæ зонгуытыл æрхауд, феппæрста хъæццул, йæ къух авæрдта Аслæнбеджы риуыл, стæй æнцадгай сыстади æмæ йæ худ systa:

– Рухсаг у, Аслæнбег... – сдзырдта кæуынхъæлæсæй, йæ цæстытæ асæрфта уæлдзармхудæй, ныккасти æдзынæгæй йæ рагон хæлары цæсгоммæ æмæ йæм дзуры: – Афтæ тагъд ахицæн æнхъæл дын куы нæ уыдтæн, мæ иузæрдион хæлар... Дæ зæрдæ рухс куы уыди, фæндыр ма куы бацагуырдтай... дæ фæстаг къахдзæфтæй буц куы уыдтæ...

Æрæмбæрзта хъæццулæй марды æмæ разылди Сакинæты 'рдæм:

– Ма ку, чындз... ма ку... Аслæнбег кæуын нæ уарзта...

* * *

Хъæу æмызмæлд сси нæхионтæй. Семæ уыди Дзамболаты фырт Сергей дæр – Сакинæты лæг.

– Æмбал лейтенант Æхсары-фырт, – фæдзырдта йæм булкъон.

– Хъусын, æмбал булкъон.

– Ссар мын лейтенант Ганаховы... Æгас у, мард у, уæддæр æй ссар!..

– Æмбал булкъон, лейтенант Ганаховы æз ныртæккæ ссардзынæн, фæлæ уал мæнæ мæ фыды хæдзары дæ фæллад суадз.

Тыргъæй æрбайхъуысти къорд къæхты уынæр. Дзамболат ракасти дуары 'рдæм...

– Чындз... афснай хæдзар, чи сты, Хуыцау йеддæмæ чи зоны... – уыцы ныхæстимæ рацæйцыди тыргъмæ, фæлæ йæ тæккæ раз дуар байгом, æмæ уæд фæстæмæ ракъахдзæф кодта. Къæсæрыл, худгæйæ, бахызти лейтенант... Дзамболат фыццаг фæкуыддæрау, стæй бахудти æмæ лейтенанты йæ хъæбысы ныккодта.

Сакинæт йæ куыст фæуагъта, фæлæ йæ лæгмæ бауайын нæ бауæндыд йæ фыды цур. Йæ цæсгом æгасæй ныррухс, афтæмæй йæм касти.

Хæдзармæ бахызти булкъон. Лейтенант иуварс алæууыд æмæ загъта, Дзамболатмæ амонгæйæ:

– Мæ фыд, – æмæ рауади лейтенант Ганаховы агурынмæ. Йæ

фæдыл рауади Сакинæт дæр.

– Уæ бонтæ хорз, – загъта булкъон æмæ райста Дзамболаты къух.

– Æгас цæут. Уæлахизимæ нæм æрбацыдыстут, фæлæ нæ цины уавæры не ’рбаййæфтат... Нæ хæдзары уæззау зиан, – бацамыдта Дзамболат Аслæнбегмæ æмæ та йæ цæстытæ асæрфта.

Булкъон бакъахдзæф кодта хуыссæнмæ, ныккасти мардмæ.

– Ам фæмарди?

– Рынчын уыди. Партизантимæ кæмдæр хъæды суазал, фæрынчын. Йе ’мбæлттæ йæ ардæм æрбаластой... Йæ хæдзармæ йæ куы фæхæццæ кæнин, загътон, фæлæ уæдмæ ацы æлгъысты немыц æрбалæбурдтой...

Хæдзармæ баздæхти Сергей. Йæ къухы уыди чысыл планшет. Балæвæрдта йæ булкъонмæ æмæ саст хъæлæсæй загъта:

– Лейтенант Ганаховы документтæ...

– Ганахов зæгъыс, лæппу? – афарста йæ Дзамболат. Сергей ницы дзуапп радта.

Булкъон æркасти гæххæттытæм, бакасти: «Ганахов Георгий Асланбекович...» Хъæбатыр лæппу...

– Кæм и, кæм?.. Уый Аслæнбеджы фырт у... Æдзух йæ кой кодта. Йе скаст ма уый уыди.

Булкъон бакасти Сергеймæ:

– Цы ран?

– Дæлæ нæ сарайы... Йæ цуры æртæ немыцаг салдаты æмæ иу гауптман мардæй...

– Æвгъау уыди... – æнкъардæй загъта булкъон, документтæ фæстæмæ радта лейтенантмæ. – Штабмæ сæ фæхæццæ кæн æмæ йын хорзæхы гæххæттытæ бацæттæ кæнæнт. – Стæй та бакасти Дзамболатмæ. – Знаджы æмбæхст пулеметтæ нæ иу къахдзæф размæ нал уагътой. Лейтенант Ганахов иу сержантимæ рацыди уыцы пулеметты сусæг ахстон фехалынмæ.

– Уый сæм нæ бахæццæ... – нырдиаг кодта Дзамболат, – куы сæм фæцæйхъуызыди, уæд æй федтой æмæ йыл рауагътой пулемет... Нæ кæрты дуары цур ахауди... Мах æй чындзимæ æрбахастам сарамæ... Мæ хъæбысы амарди... Куыннæ йæ базыдтон!.. – тымбылкъухæй йæ цæстытæ ныссæрфта Дзамболат.

– Уæдæ пулеметчикты чи амардта? – фæрсы та булкъон.

– Йæ фыд, мæнæ Аслæнбег... Фæстæрдыгæй сæм бахъуызыди...

Уыдон пулеметтæй куы 'хстой, уæд сæ хъамайæ...

Булкъон фæрсæджы каст ныккодта зæронд лæгмæ. Йæ цæстытыл ауади: блиндажы немыцаг пулеметчиктæ æцæг нæмыгæй мард нæ уыдысты, фæлæ цыдæр цыргъагæй. «Сарайы чи ис, уыцы иннæ æртæ салдаты æмæ гауптманы мæрдтæ та... Уыдон та кæй куыст сты?.. Ам чидæр фесгуыхти, кæйдæр хъæбатырдзинады руаджы нæ атакæ фæци уæлахизæй», – хъуыды кæны булкъон æмæ хæстæгдæр бацыди зæронд лæджы мардмæ. Райгом æй кодта.

Дзамболат ын радзырдта, Аслæнбег бæгънæгæй рудзынгыл куыд ахызти, уыдæттæ. Фæлæ сæ кæрты немыцæгты чи амардта, уый йæхæдæг дæр на зыдта. Чындзы къухы федта автомат, фæлæ йæ æфсæрмыгæнаг чындз, лæмæгъ сылгоймаг афтæ фесгуыхдзæни, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди.

Булкъон лæууыди Аслæнбеджы уæлхъус æмæ йæхицæн дзурæгау æнцадгай загъта:

– Фыд æмæ фырт... Æнустæм цæрæд сæ ном, сæ кад хъæбатыр фыд æмæ фыртæн!.. Сæ цард нывондæн æрхастой нæ бæстæйы сæрибары сæраппондæн... – уыцы ныхæстимæ йæ риуæй рафтыдта Сырх Тырысайы орден. – Советон хицауады номæй дын дæттын хъæбатырдзинад, кад æмæ намысы ацы хорзæх. Орден æрæвæрдта Аслæнбеджы риуыл, стæй раздæхти Дзамболатмæ. – Хорз лæг, дæ лæгдзинад, дæ фесгуыхт дæр сты хорзæхы аккаг... Æз бакæндзынæн уыцы хъуыддаг, фæлæ ма дæуæй курæг дæн, зæгъ мын: дæ кæрты уыцы салдæттæ æмæ гауптманы чи фæцагъта? Кæд, мыййаг, лейтенант?..

– Лейтенант куы фæмарди, уæд кæрты ничиуал уыди... Мах рудзынгыл куы ахызтыстæм, – хъуыдытæгæнгæ дзырдта Дзамболат, – блиндажмæ куыддæр бахæццæ стæм, афтæ нæ фæсте айхъуыстам гæрæхтæ. Стæй нæ размæ æд автомат фæци... нæ чындз... Дзамболат фæкомкоммæ къулы рæбын автоматмæ... – Дæлæ... – Дзамболат бауади æмæ йæ systа автомат. – Мæнæ аимæ...

Булкъон райста хæцæнгарз æмæ йæм æркасти, рафтыдта йын йæ диск.

– Афтид диск... Диссаг... дæ чындз кæм и?

Уыцы рæстæджы хæдзармæ бацыдысты ноджы æндæр афицертæ дæр. Семæ баздæхти Сергей дæр. Сæ фæстæ бацыди Сакинæт дæр.

– Чындз, ацы автомат дæумæ уыди? – баздæхт булкъон Сакинæт-

мæ. Ииуылдæр аздæхтысты сылгоймаджы 'рдæм.

Сакинæт лæууыди дуары цур къулы æнцой æмæ йæ сæрæй ацамыдта, «о», зæгъгæ.

– Куыд дæм бафтыди?Стæй дзы уæвгæ дæр куыд базыдтай æхсын та?

Сакинæт загъта, автоматæй æхсын æй уартæ йæ лæг Сергей кæй сахуыр кодта, уый.

– Мæ хур акæн, хъæбатыр сылгоймаг! – ныххудти булкъон æмæ йæ æрбахъæбыс кодта, стæй разылд Сергеймæ. – Лейтенант Æхсары-фырт, ды мæм ма фæхæрам у, дæ къайы дын мæ хъæбысы кæй акодтон, уый тыххæй. – Стæй загъта иннæтæй иуæн: – Ацы сылгоймагæн ордены тыххæй гæххæтт бацæттæ кæн. Ныр уе 'фсæддонты ракæнут, æмæ кадимæ бавæрæм хъæбатыр фыд æмæ фырты. – Уыцы ныхæстимæ ахызти хæдзарæй.

Йæ фæдыл ацыдысты иннæтæ дæр.

* * *

Дыккаг бон æврæгътæ скатайаг сты: дыууæрдæм кодтой. Сæ иутæ уæлæуæзты фæдисон æфсæдтау тахтысты иуырдæм, иннæтæ бындæрты лæбурдтой иннæрдæм. Æврагъ æврагъмæ бырста, бынæй зæххыл дыууæ ныхмæлæууæг æфсады кæрæдзимæ куыд бырсой, афтæ. Се 'хсæнтæй ма-иу хаттæй-хатт ферттывта хуры цæст, фæлæ та-иу уый дæр нал зынди.

Куыдфæстæмæ бон ныттар, ныхъхъуынтъыз, æмæ уазал сæртæг мит пихлæйттæй уарын байдыдта.

Æфсад ацыдысты хъæуæй. Бæстæ фæсабыр.

Цы афон ралæууыд, уый зын равзарæн уыди, æнæ сахатмæ æркæсгæйæ. Мит йæ урс гæбынайæ æмбæрзта зæххы хъæдгæмттæ. Бамбæрзта ног ингæнты сау къуыбыртæ дæр. Слæгъз æмæ сæмвæз кодта дзыхъхъытæ æмæ къуыиппытæ.

Уæлмæрдтæй сæ хæдзæрттæм раздæхтысты, хъæуы цæрæг адæмæй нæхи æфсæддонты мæрдтæ бафснайынмæ чи ацыди, уыдон дæр. Æрмæст ма бæрзонд къуылдымыл, хицæн ингæны цур иунæгæй дурыл бадти Дзамболат. Зæронд цæргæс йæ базыртæ куыд æруадза, афтæ æрзæбултæ сты йæ сау кæрцы фæдджитæ.

Бадти Дзамболат æмæ касти зæхмæ. Йæ лæппу Сергей æфсæдтимæ ацыди дарддæр... Хъуыды кодта ууыл дæр.

Куыд уыдзæн, цы уыдзæн?..

Йæ рагон хæлар Аслæнбеджы баныгæдта йæ фырт Георгиимæ иу ингæны... Рæстæгæй-рæстæгмæ скæсы йæ хæлары хъæдын цыртмæ. Чидæр ыл цъæх кърандасæй ныффыста: «Гæнахты Аслæнбег æмæ Георгийæн – хъæбатыр фыд æмæ фыртæн». «Ау, æндæр ницы?! Гъæ, уæууæй, мæ зæронд хæлар Гæнахты Аслæнбег, æхсарджын æмæ сыгъдæгзæрдæ, æууæнкджын зæронд большевик»... – дзуры цыма æгас хæларимæ... «Дæ хæдзарвæндаг аскъуыди, дæ гæнах фехæлди... Дæ хъæдын цыртæй хур æмæ къæвда сисдзысты дæ ном, цырт бамбийдзæн æмæ афæлдæхдзæн. Рæстæг, дымгæ æмæ фос зæххимæ сæмвæз кæндзысты уæ ингæны обау. Фидæны фæлтæртæн фесæфдзæн дæ ном... Ау, æмæ дæ хуызæн лæджы ном афтæ хъуамæ фесæфа?.. Дæ диссаджы хорз миниуджытæ кæстæртæн ма баззайой, фесæфой?!»

Æнæфезмæлгæйæ бады Дзамболат æмæ ныхас кæны йæ хæлары ингæнимæ. Мит тъыфылæй уары æмæ йын уазал бæмбæгæй æмбæрзы йæ сау уæлдзармхуд, йе уæхсчытæ, йæ кæрцы фæдджитæ. Æгасæй дæр æй сфæлыста урс мраморæй цыртау.

«Нæ, нæ!.. уый гæнæн нæй!.. æрмæст йæхи уды къоппа, йæхи уæцъæфæн чи фæцæры, æрмæст йæхи хæдзары хъуыддæгтыл фуфугæнгæйæ хъæндилы мæлæтæй чи амæлы, уымæн дæр ма йæ бинонтæ зæппæдзтæ куы самайынц, мраморæй цыртытæ сын куы сæвæрынц... Ды та, мæ хæлар Аслæнбег, уыдтæ адæмы лæг. Ды райгуырдтæ æмæ цардтæ адæмы амондæн... ды сыгъдтæ цырагъау æмæ рухс кодтай адæмы цард... Дæуæн бинонтæ нæ баззад... Дæ иунæг æхсарджын лæппу иу ингæны дæ фарсмæ... Чи дын сæвæрдзæн мыггагмæ æнæмбийгæ цырт?..

Куы рацæуа рæстæджытæ, дæ ингæн куынæуал зына... Хъæндилы цард чи фæкодта, хъæндилы мæлæтæй чи амарди, уымæн та а уæлмæрдты йæ фидар цырт куы баззайа... Чи йæ схондзысты кæстæртæ?..»

Дзамболат æркасти йæ тæппæлттæ æмæ тулдзы уидæгтау уырынгтæ къухтæм.

– Сарæхсой ма? – загъта хъæрæй æмæ сыстади.

Иу хатт ма бакасти митæй æмбæрзт ингæнмæ æмæ загъта:

– Рухсаг ут, Аслæнбег æмæ Георги... Сымахæй æгуыдзæгдæр лæгтæ макуы равзæрæд ирон адæммæ. Куы равзæрой, уæд та сын

бирæ цард Хуыцау ма раттæд!.. Фыдвæдæй æвæд хуыздæр!

Уыцы ныхæстæ куы фæци, уæд айхъуыста рæуæг хуыфын. Ракасти фæстæмæ. Бæласы æнцой лæууыди Сакинæт.

– Дада, цом нæхимæ... Суазал уыдзынæ, – сдзырдта æнкъардæй чындз.

– Мæ чындз!.. Мæ хур… Мæ хъæбатыр чындз!.. Æнкъард дæ?.. Ма тыхс... Лæппу раздæхдзæн... Ай-гъай, раздæхдзæн... Цом, цом... Мæ зæронд сæр дæ фæхъхъау... Мæ фæстæ нæ, мæ фарсмæ цу... Мæнæ афтæ... Мæ сæр дæ бæрзонд цæмæй хæссон, ахæм чындз мын дæ...

* * *

Уыцы хъаймæты хæсты бонæй рацыди аст азы. Иурайсом стыр фæндагыл цæуæг адæм уæлмæрдты бæрзонд къуылдымыл федтой сау гранитæй бæрзонд цырт. Нывгонд ыл уыдысты Аслæнбег æмæ Георгийы сурæттæ. Арф къахт дамгъæтæй йыл уыди фыст: «Æппæтæй æххæст, æхсарджын æмæ зæрдæджын Гæнахты Аслæнбег æмæ йæ фырт Георгийæн. Кæстæр фæлтæртæ, бынæттонæй, бæлццонæй! Ацы фыд æмæ фырты цард сымахæн у фæзминаг. Ахæссут сын сæ хорз миниуджытæ, æмæ уæ цард уыдзæни рæсугъд.

Рухсаг ут, Аслæнбег æмæ Георги».

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

ТÆБÆХСÆУТЫ БАЛО: 110 АЗЫ

(1910 – 1981)

ДАУЫРАТЫ Харитон

ИРОН ТЕАТРЫ ТЫРЫСА

Сæрдыгон изæр. Хетæгкаты Къостайы номыл культурæйы æмæ фæлладуадзæн парчы Терчы былгæрон асфальт къахвæндагыл, газет йæ къухы, афтæмæй сабыргай тезгъо кодта бæрзондгомау бæзæрхыгтæарæзт хæрзконд нæлгоймаг. Хатгай-иу æрлæууыд, донмæ кæсгæйæ, стæй та-иу дарддæр ацыд. Бæрæг уыдис, цæуылдæр кæй хъуыды кодта, цыдæр сагъæс кæй уыд йæ зæрдæйы. Чи у, ам иунæгæй цæмæн тезгъо кæны?

Уый разынд Ирыстоны дзырддзæугæдæр, ирон адæмы уарзондæр æмæ кадджындæр лæгтæй иу, ССР Цæдисы адæмон артист Тæбæхсæуты Бало! Бацыдтæн æм хæстæгдæр, хъустыл ауадысты Отеллойы ныхæстæ:

Æнæхайыры æхснырсæг мыл бахæцыд,
Фæмары мæ! Æри-ма къухмæрзæн!

Мæн бафиппайдта артист. Фæлмæн мæм бахудтис æмæ сдзырдта: «Райсом та нæм «Отелло» цæуы, фæзын-иу театрмæ». Мæ къух мын райста, æмæ иумæ сабыргай, ныхæстæгæнгæ, ацыдыстæм Терчы былтыл. Цасдæр атезгъо кодтам, стæй сбадтыстæм цады былгæрон бандоныл... Бало исдугмæ цæуылдæр ахъуыды кодта, стæй йæ рæсугъд, зæрдæмæ арф хъаргæ хъæлæсæй сабыргай райдыдта:

«Театр. Цымæ йæ сымах дæр мæн бæрц уарзут? Мæн æппæтæйдæр бакæны йæ уацары, йæ алæмæты базыртыл мæ сисы, ахæссы мæ дундунейы æбæрæг рæттæм, мæ уды мын баппары сагъæсты æгæрон егъау фурды уылæнтæм... Цымæ иннæ аивæдтæй театры фарсмæ кæй ис æрæвæрæн, адæймагæн йæ зæрдæйы уидæгтæ афтæ тынг банкъуысын кæнын кæцы аивады хуызы бон бауыдзæн?.. Стыр уырыссаг критик Виссарион Белинскийы ныхæстæ», – фæстагмæ загъта Бало.

Мæнмæ та уæд афтæ касти, цыма сæ артист уыцы тæккæ сахат йæхæдæг æрхъуыды кодта. Афтæ зæрдиагæй сæ дзырдта, æмæ, искæй ныхæстæ уыдысты, уый мисхалы бæрц дæр бæрæг нæ уыдис.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Тæбæхсæуты Балойы сфæлдыстадимæ æз зонгæ уыдтæн, фæлæ уыцы изæр театры тыххæй цас фылдæр дзырдта,

уыйбæрц йæ цæсгомыл хъазыдис разыйы хуыз. Æз æм хъуыстон æмæ хъуыстон... Æрымысыдис, фыццаг хатт ирон профессионалон театры сценæмæ куыд рацыди, Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæ «Дыууæ хойы» Тæтæрхъаны роль куыд ахъазыдис, æмæ йын уый куыд ссис йе сценикон архайды стыр бæллиццаг фæндаджы райдайæн.

Уыцы изæр номдзыд артистимæ бирæ фæныхас кодтам йæ рольты тыххæй...

1940 азы Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театр бæрæг кодта йæ фондз азы юбилей. Уæд фыццаг хатт Ирон театры сценæйæ райхъуысти генион англисаг драматург Шекспиры Отеллойы хъæлæс нæ мадæлон æвзагыл. Спектакль «Отелло» фесгуыхти нæ национ сценæйыл. Уыцы сгуыхтдзинад, фыццаджыдæр, уыдис Балойы фæрцы. Уæд Иры дзыллæтæ федтой, канд ирон аивадæн нæ, фæлæ æгас советон бирæнацион театрæн кад æмæ намыс чи скæндзæн, уырыссаг æмæ советон театры номдзыд трагиктæ Остужев, Мордвинов, Хорава, Папазьян æмæ иннæты фарсмæ æхкæстбарджынæй чи 'рлæудзæн, нæ уыцы æрдхæрæны актеры æмбисонды курдиат.

ССР Цæдисы адæмон артист, УСФСР-ы Константин Станиславскийы номыл паддзахадон æмæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл республикон премиты лауреат Тæбæхсæуты Балойы сфæлдыстады тæккæ ахсджиагдæр бынат бацахстой царды хъæбатыр фæзылдтытæ. *Йæ бирæ*вæрсыг сценикон архайды фæрцы уый сарæзта, бирæ азты ферохгæнæн кæмæн нæ уыдзæн, ахæм цардæгас дæсгай сурæттæ. Уыдонимæ уыдис ирон æхсарджын адæмон хъæбатыр Чермен Плиты Гришы трагеди «Чермен»-ы.

Æрмæстдеер 16 боны бахъуыдис ацы спектакль сæвæрынæн Ирон театры. Ахæм цау театры историйы стæмхатт вæййы. Курдиатджын коллективы къухы, фыццаджыдæр, Балойы фæрцы бафтыдис ахæм сфæлдыстадон æнтыстдзинад.

Пьесæ «Егор Булычев æмæ иннæты» Максим Горький æвдисы Уæрæсейы капитализмы фæстаг азты царды æмæ сæфты нывтæ. Егор Булычев æвдыст у йæ капиталистон æхсæнадимæ, йæ «хæстæджытимæ», йæ цæсгомы æфсарм кæмæн нæй, моралон æгъдауæй бынтон афтид чи у, цæмæй Егорæн йæ бынтыл фæхæлоф кæной, уый тыххæй йын йæ мæлæтмæ чи бæллы, уыдонимæ. Архайд цæуы 1917 азы февралы революцийы цауты рæстæджы Уæрæсейы горæттæй иуы. Сæйраг хъайтар у тыхджын, ныфсджын æмæ зондджын капиталист Егор Булычев.

Тæбæхсæуты Бало Егоры фæлгонц æвдыста хуымæтæджы адæмы ’хсæнæй рацæуæгæй, капиталистон бирæгъты æгъдæуттæм гæсгæ йæ бирæ тых æмæ курдиат цыфæнды мадзæлттæй дæр мулк æмбырд кæнынмæ чи сарæзта, фæлæ йæ царды кæрон сагъæссаг чи у, рæстдзинад цы у, ууыл чи хъуыды кодта, ахæм æцæг лæгæй.

1954 азы Ирон театр сæвæрдта Виктор Гусевы пьесæ «Иван Рыбаков». Ныхас дзы цыдис, адæймаджы царды цы стыр æмæ вазыгджын фарстатæ сæвзæры, уыдоныл. Бæлвырддæр та – фыдæлты æмæ цоты ’хсæн ахастдзинæдтыл. Хатгай царды афтæ вæййы, æмæ ныййарæг йæ хъæбулы уарзы куырм уарзтæй. Афтæ йæм фæкæсы, цыма йæ зæнæг царды мидæг алцы дæр кæны фæткыл; йæ алы къахдзæфыл ын, раст уа, зылын, фæцин кæны ныййарæг, уымæн æмæ йæ туг-йе стæг у, æфхæрын æй зæрдæ нæ фæкомы.

Фæлæ афтæ дæр рауайы, æмæ цот ныййарджытæн скæнынц æнæнхъæлæджы маст, æмæ уæд хистæртæ бамбарынц сæ рæдыд, æрхудынц сæхиуыл. Хъæбул хъуамæ йæхæдæг агура царды раст фæндаг. Йæ фыдæлты сгуыхтдзинæдтæй йæ сæр тæссармæ ма хæсса, фæлæ сыл æфтауа йæхи кад æмæ намысæй. Бæстон æмæ бæлвырд æмбæрста, Иван Рыбаковы роль хъазгæйæ, ацы хъуыддæгтæ Тæбæхсæуты Бало.

«Адæм, æз уарзтон сымах. Ут цырддзаст», – ацы ныхæстæй-иу фæцис ирон театры спектакль «Юлиус Фучик». Ныхас дзы цыдис Чехословакийы адæмон хъæбатыры тыххæй.

Юлиус Фучик йæ чиныг «Репортаж с петлей на шее», зæгъгæ, уым фыста: «Адæмы тыххæй фылдæр дзурын хъæуы. Адæм – уыдон сæйрагдæр сты».

Спектакль дзырдта, мæлæтæй царды ’хсæн адæймаг цы тæссаг фæлтæрæнтыл ацæуы, уыдоныл. Сæйрагдæр дзы уыдис адæймаджы ныфс, йе уæнк рæстдзинадыл.

Юлиус Фучикы ролы Тæбæхсæуты Бало равдыста адæймаджы рæбинагдæр æнкъарæнтæ. Артисты ацы куыст дæр уыдис ирон драмон аивады æнтыстытæй иу.

Советон театры реформатор æмæ теоретик Константин Станиславский афтæ загъта: «Хорз национ пьесæ сценæйыл дæсны æвæрдæй курдиатджын актерты хъазты фæрцы æппæтæй хуыздæр раæргом кæны нацийæн йæ удыхъæд»...

Куыд æмбаргæ сты ацы ныхæстæ?

Адæймаг цы зæххыл, цы адæмы ’хсæн райгуыра æмæ схъомыл уа,

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

ОТЕЛЛО



«Къарол Лир». Къарол Лир – Тæбæхсæуты Бало

«Сæрмæт æмæ фырттæ». 1967 аз.
Сæрмæт – Тæбæхсæуты Бало, Хетæг – Хъалæгаты Федыр

«Бætæйы фырттæ». 1974 аз

«Макбет». 1963 аз



«Чермен»

Цихиты Мæирбег, Хуырымты Уырызмæг, Тæбæхсæуты Бало

«Чермен». 1952 аз. Чермен – Тæбæхсæуты Бало

«Чермен».
Чермен – Тæбæхсæуты Б., Азау – Дзукъаты А. 1949 аз

«Фатимæ». 1949 аз

«Зæрдæйы уидаг»

Ирон театры артистты фембæлд Б. Щукины номыл Театралон училищæйы ахуыргæнджытæ æмæ рауагъдонтимæ. 1958 аз

«Хурныгуылды размæ».
Тæбæхсæуты Бало æмæ Годжиты Ларисæ

«Сæрмæт æмæ йæ фырттæ»
Реж. Хуыгаты Геор
Сæрмæт – Тæбæхсæуты Бало
Батрадз – Хуырымты Уырызмæг

«Хъодыгонд». Икъаты Серафин æмæ Тæбæхсæуты Бало

Режиссер Еленæ Марковаимæ

Тæбæхсæуты Бало æмæ Махмуд Эсанбаев

Мерденты Юри æмæ Тæбæхсæуты Бало

Тæбæхсæуты Бало йæ цардæмбал Тоняимæ

Ирон театры къорд. 1936 аз

уыдон æм, кæй зæгъын æй хъæуы, хæстæгдæр сты. Уымæ гæсгæ сцены дæр æнцондæр зæгъæн сты се 'ппæт æнкъарæнтæ.

Ирон театр Саламты Къолайы драмæ «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ» куы сæвæрдта, уæд иттæг барджынæй райхъуыстис Тæбæхсæуты Балойы хъæлæс Сæрмæты ролы.

Ирон сценæмæкæсджытæй бирæтæ хъуыды кæнынц Погодины пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Кремлы куранттæ». Уым Тæбахсæуты Бало хъазыдис инженер Забелины роль.

Ацы ролы Бало ирдæй равдыста, зæронд æмæ ног цардарæзты 'хсæн чи цоппай кæны, гуырысхойаг мидхъуырдухæнты чи бахаудис æмæ, цы кæна, уый чи нæ зоны, ахæм адæймаджы миддуне.

Фæстагдæр азты цы рольтæ ахъазыдис артист, уыдоны 'хсæн уыдис Николай Гоголы сатирикон комеди «Ревизоры» Городничий. Уырыссаг классикон драматургийы ацы пьесæ нымад у тæккæ зындæртæй иуыл, уымæн æмæ генион комедийæн фылдæрхатт æргомгонд нæ цыдысты йæ социалон уидæгтæ, æмæ уацмыс нæ бахъары адæймаджы зæрдæмæ. Фæлæ «Ревизор» ирон сценæйы æвæрдæй рауадис зæрдæмæдзæугæ. Йе 'мбисонды хъазтæй йæ сфидауын кодта Тæбæхсæуты Бало.

Ирон номдзыд артистимæ арæх æмбæлдтæн, канд сценæмæ кæсгæйæ нæ, фæлæ царды дæр. Арæх-иу дзырдта театры, йе 'мбæлтты куысты тыххæй, ног пьесæтыл. Иухатт æй бафарстон:

– Бирæ рольтæ ахъазыдтæ, фæлæ дзы уæддæр дæ зæрдæмæ фылдæр кæцы цæуы?

Уый бахудтис æмæ афтæ:

– Артист хъуамæ йæ алы сценикон куыст дæр уарза. Уымæн, æмæ йæхи зæрдæмæ куы нæ цæуа, уæд æй театрдзаутæ та æппындæр нæ айсдзысты сæ зæрдæмæ. Дыууæфондзыссæдз ролы бæрц ахъазыдтæн. Иууылдæр мын зынаргъ сты, уарзын сæ, фæлæ уыдоны 'хсæнæй, æвæццæгæн, равзарын хъæуы иу, мæ зæрдæмæ хæстæгдæр чи у, уыцы роль. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый у Отелло. Цæмæн? Уымæн, æмæ Отеллойы трагеди иу адæймаджы трагеди нæу, фæлæ у æнусон, æппæтадæмон трагеди...

Чи зоны, æмæ Отеллойы роль фылдæр уымæн уарзта, æмæ йын йæ ном дардыл кæй айхъуысын кодта... Нæ, æвæццæгæн, канд уый тыххæй нæ, фæлæ ма, Отеллойы хъазгæйæ, Балойæн царды тæссагдæр ми – хахуырдзинады ныхмæ – тох кæныны фадат кæй уыдис, уарзондзинады тыхджын монцтыл кæй дзырдта, уый тыххæй йæ фылдæр уарзта.

Абон зæгъын æмбæлы уый тыххæй дæр, æмæ Бало канд Ирон театры

бындурæвæрджытæй нæ уыдис, фæлæ ма театрæн йе ’рттиваг стъалытæн сæ ирддæр. Уый райгуырдис театрæн, æмæ йын йæ хъарутæ, йæ домбай курдиат фæлæвæрдта йæ царды фæстаг боны онг.

Нæ номдзыд трагик йæ аивадæй уæрæх фæндæгтæ ссардта канд Ирыстоны театрдзауты зæрдæтæм нæ, фæлæ ма бæстæйы æмæ суанг фæсарæйнаг сценæуарзджытæм дæр иттæг арф бахъардта йæ хъазт, уæлдайдæр та – Отеллойы ролы.

Отеллойы роль артистæн уыдис йæ курдиаты уæлдæр къæпхæны иттæг ирд æвдисæн. Дыууиссæдз азмæ ’ввахс дзы фацард ирон сцæнæйы, гастролон балцыты рæстæг нæ бæстæйы бирæ горæтты – Мæскуы æмæ Ленинграды, Душанбе æмæ Калачы, Грозна æмæ Махачкалайы, фæсарæнты – Болгари æмæ Германы Демократон Республикæйы, Манголы. Æмæ театрдзауты алы ран дæр цымыдисы æфтыдта ирон мавр Отелло. Бынæттон, центрон æмæ фæсарæйнаг мыхуыр кæддæриддæр фыстой Тæбæхсæуы-фырты æрдхæрæны сфæлдыстадон сгуыхтдзинады фæдыл Отеллойы ролы.

Зындгонд советон поэт Лев Озеров, Мæскуыйы ирон Отелломæ кæсгæйæ, ахæм рæнхъытæ ныффыста:

Слежу за тем, как мечется Отелло,
Как гнев бежит от сердца по руке
К возлюбленной, к высокой шее белой.
Старик Шекспир, видать, писал умело
На звонком осетинском языке...

Сценæмæкæсджытæ федтой сæ уарзон артисты Шекспиры иннæ трагедитæ «Къарол Лир»-ы æмæ «Макбет»-ы дæр, «Къарол Лир»-ы артист куыд зæрдæмæхъаргæ хъазт кодта, уымæн дæр бæлвырд æвдисæн сты ацы рæнхъытæ:

...Идет гроза вблизи и вдалеке,
Теряет Лир семью, друзей, корону.
Не подготовлен к этому урону,
Он гол, о том твердят его уста,
Видать, Шекспир писал в горах Ирона
На языке и нартов, и Коста.

Ацы ныхæстæ ууыл дзурæг сты, æмæ артист арф раргом кодта

къарол Лиры æмæ Макбеты фæлгонцтæ, сæ миддуне сын лæмбынæг банкъардта. Уымæ гæсгæ æнæ гуырысхойæ зæгъæн ис, ацы дыууæ куысты дæр стыр ахъаз кæй уыдысты Балойы егъау курдиат ноджы арфдæр раргом кæнынæн.

Ирон театр йæ гастролон балцы рæстæг Калачы æвдыста спектакль «Отелло». Фæспектакль Тæбæхсæуты Баломæ бацыд номдзыд гуырдзиаг трагик Акакий Хорава æмæ йын загъта:

– Бало, æз Отеллойы ролы дæуау дыууæ-æртæ хатты куы ахъазин, уæд уый фæстæ мæ къахыл нал слæууин...

Бало бахудтис æмæ йын дзуапп радта:

– Мæнæн Отеллойы æндæр хуызы хъазын мæ бон нæу...

«Мæнæн Отеллойы æндæр хуызы мæ бон хъазын нæу», – цыбыр, фæлæ бæлвырд дзуапп... Æвæццæгæн, йæ рæстæджы М. Щепкин дæр уымæн загъта: «Сценæйы хъазгæйæ, дæ удыл ма ауæрд. Кæд уый дæ бон нæу, уæд сценæмæ æмгæрон дæр ма цу». Актеры размæ ахæм домæн æвæрдта Константин Станиславский дæр.

Тæбæхсæуты Балойæн йæ курдиат йæ тæмæны куы бацыдис, йæ ном канд нæ бæстæйы нæ, фæлæ фæсарæнты дæр куы айхъуыст, суанг уæд дæр никуы равдыста нæдæр йæ сценæйы æмбæлтты, нæдæр йæ бирæ æмгæртты, хæлæртты ’хсæн хиуылæрвæссындзинад. Уый йæ туджы нæ уыдис. Хистæримæ – хистæр, кæстæримæ – кæстæр. Цардуарзон. Сывæллонау – æнæхин. Уыдон уыдысты йе стыр курдиаты миниуджытæ. Чи зоны, æмæ æндæр ахæм стыр актер йæ сæрмæ дæр нал хастаид сценæмæ чысыл рольтæ хъазынмæ рацæуын. Фæлæ Бало ахæм нæ уыдис. Йе стыр зæрдæйы цæхæрæй уый æмхуызон хъарм кодта канд стыр рольтæ нæ, фæлæ хæрзчысыл рольтæ дæр. Уый тыххæй йæ уæлдай фылдæр уарзтой йе ’мкусджытæ.

Сценæйæ уæлдай ирон адæмы номдзыд артист йæ фæд арфæйагæй ныууагъта кинойы дæр. Йæ экранон сурæттæ Къоста – киноныв «Ирыстоны хъæбул»-ы, Наиб – киноныв «Фатимæ»-йы æмæ æндæртæ бацыдысты советон кинойы аивадон хæзнадонмæ.

Тæбæхсæуты Бало бирæ уарзта сфæлдыстадон фæсивæды. Йæ сценикон дæсныйады сусæгдзинæдтæ сын æнæвгъауæй амыдта. Ам, Ирыстоны, науæд Мæскуыйы, кæнæ æндæр горæты Бало фæзындис, зæгъгæ, уæд-иу фæсивæд дзыгуыртæй тырныдтой йемæ фембæлынмæ.

Ирон национ культурæйæн ССР Цæдисы адæмон артист Тæбæхсæуты Бало цы хорздзинæдтæ саразта, уыдон бирæ сты. Сценикон ныхасы

стыр дæсны, профессор В. Винокур афтæ загъта: «Цардæгас мадæлон æвзаджы æгъдæуттæ парахат кæнынæн стыр хæс æвæрд ис театрыл, уæлдайдæр та – йæ номдзыд артисттыл. Уыдон куыд дзурынц, уый фæзминаг у æппæт адæмæн дæр».

Нæ цардæгас æвзагыл рæсугъддæр чи дзырдта, уыдонæн сæ фæзминагдæртæй иу уыди Тæбæхсæуты Бало. Балойы хъæлæсмæ магнитофоны лентыл фыстæй (Отеллойы ролы) хъуыстой нæ бæстæйы сценикон ныхасы дæснытæ Мæскуыйы æппæтцæдисон конференцийы. Уæд сценикон ныхасы дæсны, профессор Иринæ Козлянинова афтæ загъта: «Тæбæхсæуы-фырты ныхасмæ хъусгæйæ фидарæй зæгъæн ис, ирон æвзаг кæй у дунейы адæмты æвзæгтæн сæ рæсугъддæртæй иу»...

Йæ царды фæстаг бонты онг Тæбæхсæуты Бало æвæллайгæйæ куыста Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры хуызджер æгъдæуттæ рæзын кæныныл, йæ фæлтæрддзинад æмæ зонындзинæдтæ не 'вгъау кодта йæ кæстæр æмбæлттæн. Фæллад нæ зонгæйæ, цыдис аивады бæрзæндтæм. Уыимæ ма уыдис æхсæнадон кусæг дæр. Æвзæрст æрцыд ССР Цæдисы æхсæзæм æмæ фарæстæм равзæрст Сæйраг Советы депутатæй, Цæгат Ирыстоны АССР-ы цыппæрæм равзæрст Сæйраг Советы депутатæй, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы уæнгæй, бирæ азты дæргъы уыдис Сабырдзинад хъахъхъæныны республикон комитеты сæрдар.

Райгуырæн бæстæ стыр аргъ скодта, Тæбæхсæуты Бало нæ бирæнацион социалистон культурæйы рæзтмæ цы зынгæ хай бахаста, уымæн. Лæвæрд ын æрцыдисты Ленины орден, Октябры революцийы орден, Фæллойадон Сырх тырысайы дыууæ ордены æмæ майдантæ.

Кæд абон нæ уарзон артисты хъæлæс ирон сценæйæ нал хъуысы, уæддæр нæ адæмы зæрдæты æнустæм баззайдзæн зындгонд сценикон архайæг, йæ домбай курдиат адæмæн кæронмæ чи радта, ахæм адæймагæй.

Æрмæг ист у чиныг «Æрвæрттывд»-æй

НОГ ТÆЛМАЦТÆ

РÆСТДЗИНАД – МИДБЫЛХУДГÆЙÆ

Æвæджиауы дзырдарæхст æмæ стыр актрисæ Фаинæ Раневская райгуырд Таганроджы 1896 азы. 1992 азы йæ англисаг энциклопеди «Кто есть кто» бахаста, XX-æм æнусы зынгæдæр дæс актрисæйы номхыгъдмæ.

Фаинæ Раневскаяйы ном айхъуыстай, зæгъгæ, уæд зæрдыл æрбалæууынц, театралон сценæйы æмæ кинонывты цы бирæ ирд сурæттæ сарæзта уыдон, стæй, æнæмæнг, йæ цыргъзонд ныхæстæ. Цы арф куырыхон хъуыдытæ сæ бавæрдта, уыдон ахсджиаг сты абон дæр – сты зонды æмæ сатирæйы суадон.

Æмæ иугæр афтæ у, уæд дзы иукъорд нæ журналкæсджыты зæрдыл дæр æрлæууын кæнæм.

Фаинæ РАНЕВСКАЯ

Базæронд дæн къоппы сагъд дидинæгау – хъæугæ дæр никæй кæнын, аппарынмæ дæр – æвгъау.

Склерозæй сдзæбæх уæвæн нæй, ис ын æрмæстдæр ферохгæнæн.

Рынчыны цæрын тынг куы фæнда, уæд ын дохтыры бон дæр ницы у.

Цы у æнæниздзинад? Алы бон дæр дæ æндæр исты куы рисса, уæд уый.

Мæхи бæргæ æнкъарын, фæлæ – тынг æвзæр.

Кинойы хъазын сæрмæ хæссинаг хъуыддаг нæу – æхца уайтагъд фæвæййынц, йæ худинаг та баззайы.

Зын у зæронд кæнын, фæлæ бирæ фæцæрынæн æндæр мадзал нæй.

Куы амæлон, уæд-иу мæ ингæны къæйыл ныффыссут: «Амард æлгъ кæнынæй».

Царды уалдзæгмæ хъуыдытæ сæхи ивазын байдыдтой, уæд æй зон, дæ цард йæ кæронмæ кæй фæхæццæ кæны, уый.

Лæппу бинойнагæн хæфс равзæрста, æмæ йын фæстæдæр саурæсугъд фестад, зæгъгæ, уый аргъау у, уæдæ цы! Царды æцæгдзинад та – хъуыддаг иннæрдæм куы рауайы, уæд.

Цард нæ рæзты ивгъуыйы мæстджын сыхагау, фæрсмæ дæр дæм нæ фæкæсдзæн, афтæмæй.

Иунæгдзинады адзалæн дæр мадзал нæй.

Мæ зонд сфаг ис æрмæстдæр æдылыйы цард фæкæнынæн.

О, куыд ничи йæ ‘мбары, куыд иунæг дæн, уый! Æнæуынон фæуæд мæ курдиат, мæн чи фенамонд кодта.

Орфографион рæдыдтытæ урс гæххæттыл зынынц раст хъæдысыстытау.

Бинонтæ сты алцæй бæсты дæр. Уымæ гæсгæ бинонты хъуыддаг бакæныны размæ бæстон ахъуыды кæн: ахсджиагдæр дын цы у – алцыдæр æви бинонтæ.

– Нæ дæ бауырндзæн, Фаинæ Георгийы чызг, нырма мын ба дæр никуыма ничи акодта.
– Нæ дæ ‘мбарын, мæ зынаргъ, уымæй дæхицæй æппæлыс æви дзы хъæстаг дæ?

Хъуыдытæ сты зæры бонты хъæздыгдзинад.

– Цард у уызыны балцау æнусон дунемæ фæцæуыны агъоммæ.

Ацы хъуыддаг мæ алкæддæр дисы ‘фтыдта: мæгуырдзинадæй адæм къæмдзæстыг кæнынц, хъæздыгдзинадæй та – нæ.

– Абон амардтон фондз бындзы: дыууæ дзы уыдысты нæлбындзытæ, æртæ та – сылбындзытæ.
– Куыд сæ раиртæстай?
– Дыууæ дзы бадтысты бæгæныйы авгыл, æртæ та – айдæныл.

Адæймагæн йæ конд афтæ у: æххормагæй йæм нæдæр хъуыды кæнын цæуы, нæдæр кусын, æфсæстæй та йæ фæндгæ нæ кæны.

Мæ зæронд сæры ма ис æрмæстдæр дыууæ-æртæ хъуыдыйы, фæлæ рæстæгæй-рæстæгмæ ахæм хъæлæба сисынц, раст цыма минæй къаддæр не сты.

Иуæй-иутæн сæ риуы цæры Хуыцау, иннæтæн – дæлимон. Фæлæ ис ахæмтæ дæр, йæ хуылфы зулчъытæй уæлдай кæмæн ницы ис.

– Дзæнгæрæг нæ кусы, фæлæ, куы ‘рбацæуай, уæд-иу дуар дæ къахæй бахой.
– Къахæй та цæмæн?
– Уæдæ мæм уазæгуаты афтид къухæй цæуынмæ хъавыс?

Æфсармджын, хæрзæгъдау адæймæгтæ куы уыд, æз ма ахæм рæстæджытæ дæр хъуыды кæнын. О, Хуыцау! Мæнæ цы зæронд бадæн!

Мæн тыххæй хъуыды дæр, дзургæ дæр кæнут, цыдæриддæр уæ фæнды, уыдæттæ. Мыстытæ гæдыйæ цы дзурынц, уый йæ æппындæр не ‘ндавы.

Ацы дунейæн йæ конд афтæ у, æмæ, адæймагæн йæ зæрдæ цы зæгъы, уый йын кæнæ зиан хæссы, кæнæ æнæгъдау ми у, кæнæ дзы адæймаг нард кæны.

Ссæдз азы мыл куы цыд, уæд мæ хъуыдытæ уыдысты æрмæстдæр

уарзондзинадыл. Ныр та ма уарзын æрмæстдæр хъуыды кæнын.

Адæймаг дын исты фыд куы ракæна, уæд ын къафетт ратт. Уый дын – зæрдæниз, ды та йын – адджинаг. Æмæ афтæ кæн, уыцы ‘взæрмæ цалынмæ сæкæрниз нæ фæзына, уæдмæ.

Курдиатджын адæймаг йæхицæй разы никуы вæййы, уый йæ удæн æнцой нæ дæтты, иудадзыг йæхи æфхæры, раппæлинагæй мæм ницы и, зæгъгæ. Уыцы миниуджытæй цух сты, æцæг курдиат кæмæ нæй, ахæмтæ.

– Тынг хъыг мын у, Фаинæ Георгийы чызг, мæ ног пьесæйы премьерæйы кæй нæ уыдтæ, уый, – зæгъы йын зындгонд драматург Виктор Розов. – Кассæтæм адæм бырстой, кæрæдзи ссæндгæ.
– Гъы, æмæ куыд? Се ‘хцатæ фæстæмæ сæ къухы бафтыдысты?

Сылгоймаг нæлгоймагæн, «дæуæй хуыздæр нæй», дзуры, зæгъгæ, уæд уый афтæ амоны, æмæ йæ кæй фембары: дыккаг ахæм æдылыйыл нал фæхæст уыдзæн.

Цæрæнбонты зондцухтæй тарстæн. Уæлдайдæр – æдылы сылгоймæгтæй. Нæ йæ бамбардзынæ: дæхи се ‘мвæзадмæ не ‘руадзгæйæ, семæ куыд ныхасгæнгæ у, уый.

Сылгоймагæн йæ райгуырæн бон рох чи нæ кæны, афтæмæй, цал азы йыл сæххæст, уый чи нæ зоны, – уый дын æцæг лæг.
Сылгоймагæн йæ райгуырæн бон йæ зæрдыл чи нæ дары, фæлæ йыл цы кары бацыд, уый чи зоны, уый та вæййы йæ сæрыхицау.

Хæдзары телефон куы уа, фæлæ йæ дзæнгæрæг та айдагъ будильникæн куы хъуыса, уæд уый зон, æмæ адæймаг иунæг кæй у.

«Мæлæт нæй, ис æрмæстдæр уарзондзинад æмæ, зæрдæйы чи баззайы, ахæм хуыдытæ», – загъта Толстой. О, фæлæ нæ куыд удхарæй марынц уыцы хъуыдытæ! Уый бæсты æппындæр куы нæ уаиккой…

Ноджы хуыздæр, – адæймаджы бон зæрдыл дарын æппындæр куы ницы уаид…

Иунæгдзинад у кады æмдзугæнæг.

Æмбарут мын мæ уæлæнгай хъуыды?

Цæрын хъæуы афтæ, цæмæй дæ сæ зæрдыл бадарой суанг цъаммартæ дæр ма.

Курдиат бызычъийæ уæлдай нæу – кæнæ ис, кæнæ нæй.

Ай цавæр æнахуыр дуне у? Цас æдылытæ ис нæ алыварс, цас, æмæ адæймаджы куыд хъæлдзæг дарынц!

Сылгоймагæн царды цæмæй исты бантыса тæхудиагæй, уый тыххæй хъуамæ уа дыууæ миниуæджы хицау: æдылыдзæф нæлгоймæгты зæрдæмæ цæмæй цæуа, уый тыххæй – фаг зонджын, зонджын нæлгоймæгты зæрдæмæ цæмæй цæуа, уый тыххæй та – фаг æдылы.

Сылгоймæгты Хуыцау рæсугъдæй уымæн сфæлдыста, цæмæй сæ уарзой нæлгоймæгтæ, æдылытæй та сæ уымæн сфæлдыста, цæмæй уарзой нæлгоймæгты.

Йæ конд, йæ уындæй разы чи нæу, уыдон бирæ сты, фæлæ йæ зондæй чи нæу разы, ахæм та иунæг дæр нæ разындзæн.

Æнхъæл дæн, хъизæмарæй чи мæлы, Хуыцау дæр уыдоны уарзы. Искуы уæ исчи амондджын гени федта? Нæ, се ‘ппæт дæр фыдæбойнаг, цард сæ фæратон-батон кодта.
Амонд, рæстæмбис кæй фæхонынц, ахæмты фæдыл æфтыд у, æмæ ацы ран рæстадæн йæ кой дæр нæй.

Иунæгдзинад у зæрдæйы ахаст – хос ын нæй.

Стæм цæрæгойты бахастой Сырх чиныгмæ, бирæ цы цæрæгойтæ сты, уыдоны та – хæринæгты чиныгмæ.

Артистыл сахуыр кæнæн нæй. Сахуыр кæнæн ис æрмæстдæр рæсугъд дзурыныл, хъуыды бамбарын кæныныл, курдиат фæпарахатдæр кæныныл, фæлæ зæрдæйы уидæгтæ банкъуысын кæныныл – нæ. Уый тыххæй адæймаг актерæй гуыргæ хъуамæ ракæна.

Кинойы хъазын цы у, уый зонут? Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут, абанайы дæхи найыс, æмæ дæм уырдæм экскурси æрбакодтой… Раст уыйау у кинойы хъазын.

Суанг хиуæтты цæсты дæр æнтыстау у, ныххатыргæнæн кæмæн нæй, ахæм тæригъæды куы бацыдæуа, уæд, уый.

Æвзæр кинонывы ахъазын – æнусы цæсгомыл бату кæнынæй хъауджыдæр нæу!

Ахæм уарзондзинад дæр вæййы, æмæ фæлтау мæлæт – хуыздæр.

Роль куы дома, уæд актрисæ хъуамæ дзæгъæл æфсæрмытæ мауал кæна.

Джокондæйы цæстытæм арæх куы кастаин, уæд, æвæццæгæн, сæрра уыдаин: уый мæн тыххæй алцыдæр зоны, æз та уый тыххæй – мур дæр ницы.

Иунæгдзинад ахæм зæрдæйыуаг у, æмæ йæ кой дæр никæмæн ракæндзынæ.

Мемуартæ фыссын куыддæр райдайын, афтæ «Райгуырдтæн мæгуыр нефтепромышленничы бинонты ‘хсæн», зæгъгæ, ацы хъуыдыйадæй дарддæр ныссуйтæ вæййын.

Цæмæй дын аргъ кæнын райдайой, уый тыххæй хъæуы амæлын. Æнæмæнг. Æмæ дын æрмæстдæр уæд уыдзæн, цы кады аккаг дæ, уый.

Иуæй-иу адæймæгтæм кæсгæйæ мæ тынг фæфæнды сæ бафæрсын,

æнæ сæрызондæй цæрын уын зын нæу, зæгъгæ.

Сылгоймæгтæ нæлгоймæгтæй фылдæр уымæн цæрынц, æмæ алкæдæм дæр æдзух æрæджы фæкæнынц.

Цы у дзырд «хъазын», цы амоны? Хъазгæ фæкæнынц къамæй, шахмæттæй, бæхты дугъы. Сценæйыл та хъазын нæ – цæрын хъæуы.

Æнæнизы æфсон кæнынæй бафæлладтæн.

Хъуыдытæн сæ къуымтæ уырзæй сгарын нæ хъæуы, фæлæ – удæгасы цардæй цæрын.

Цард диетæтыл, чъынды нæлгоймæгтыл æмæ зæрдæсаст кæныныл хардз кæнынæн æгæр цыбыр у.

Кæнæ зæронд кæнын байдыдтон, кæнæ æдылы кæнын, кæнæ та абоны æрыгæттæ бынтон æнахуыр систы! Раздæр сæ фарстытæн дзуапп нæ ардтон, ныр та, цæмæй мæ фæрсынц, уый дæр нал æмбарын.

Цæрын æппындæр нæ зонын! Æхцатæ, фæнды уой, фæнды ма уой, – хъыгдаргæ мæ кæнынц.

Табугæнджытæ – хæрх, афтекмæ кæй арвитай, ахæм та иунæг дæр нæй.

Цыппæрæм хатт кæсын ацы кинонывмæ, æмæ мæ бон зæгъын у: актертæ дзы абон куыд ахъазыдысты, афтæ нырмæ никуыма.

Дæ фынтæ кæмæн радзурай, ахæм адæймаг дын кæд ис, уæд дæхи иунæгыл ма нымай…

Куыд тынг хæлæг кæнын, йæ сæры магъз кæмæн нæй, уыдонмæ!

Ацы журналисттæ, ацы! Цыдæриддæр мæ дзурынц, се ‘мбис – гæды ныхæстæ.

Бирæ театртимæ цардтæн, фæлæ дзы цины хъæстæ иуимæ дæр нæ фæдæн.

Æвзæр фынтæ нæ, фæлæ дæ æнæрай æцæгдзинад дæр тыхсын куы кæна, уæд уый дæ зæрондыл дзурæг у.

Афтæ базæронд дæн, æмæ мæ мæхи мемуартæ дæр рох кæнын райдыдтон.

Театры, курдиатджын чи уыд, уыдон мæ уарзгæ кодтой, курдиатæй цух чи уыд, уыдон мæ сæ удхæссæг уыдтой, куыдзы хъæвдынтæ та мæ дæндагæй æхсыдтой.

Æппæт бæллицтæ дæр сæххæст вæййынц, адæймаджы зæрдæ сæ куы нал фæрайы, уæд…

Зæронд кæнынæй æнаддæр ницы ис. Уый у Хуыцауы æлгъыст. Тæхуды, Хуыцау, иннæтæ се 'цæг дунемæ куы фæцыдысты, æз та цæрын æмæ цæрын… Бирман дæр ма амард, уый æнхъæл ын никуы уыдтæн.

Уырыссаг æвзагæй
ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæйы тæлмац

НÆ УИДÆГТÆ

МАМИАТЫ Таймураз

ÆХСАРДЖЫН ХОХАГ

Адæймаджы удыконд диссаг у, æвæдза. Йæ фæззæджы бонтæм куы фæхæстæгдæр вæййы, уæд æй цæмæндæр ивгъуыд, рагондæр хабæрттæ сæхимæ тынгдæр æлвасын байдайынц, цымыдис æй кæнынц. Рагон цаутæ æмæ хабæрттæ, хицæн адæймæгты сгуыхтдзинæдтæ… Иуæй-иу хатт афтæ дæр разыны, æмæ кæцыдæр хицæн адæймаджы сгуыхтдзинады кой айхъуысти дæрдтыл, дисы дæ бафтыдта, фæлæ йын йæ цардвæндагмæ бæстондæр куы æркæсай, уæд дзы ахæмæй дæ цæст уадиссаг ницæуыл æрхæцдзæн, æмæ уæд дæхимидæг дис кæныс, уæдæ цалдæр фæлтæры, æнусты сæрты, йæ кой цæмæн æрхæццæ абон махмæ дæр. Æмæ уæд бæлвырддæр лæг йæхицæн хæсыл банымайы хъуыддаг базонын, раиртасын.

Рагæй хъуыстон, Фаллагкомæй Регахыхъæуккаг Джиоты тыхджын Тъатъейы кой, йæ зарæг дæр-иу ын зарыдысты. Йæ тыхæн, дам, æмбал æмæ кæрон нæ уыди, фæлæ уыдис абырæг. Давта алы фосы мыггаг, фæлæ фылдæр æмæ арæхдæр та – къазнайы æхцатæ æмæ зынаргъ дзаумæттæ. Йæ кой-иу куы рацыди, уæд-иу Тотиты Акимы зарæг мæ зæрдыл æрбалæууыд: «Ауадзут мæ мæ фæллад галтимæ…» Абырæг абырæг у, фæлæ уый цавæр мад ныййардта, мæгуыр лæгæн йæ фæстаг ныфс, йæ бинонты дарæг галтæ байс. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй Тъатъе мæгуыр адæмы æппындæр нæ хъыгдæрдта, фæлæ ма дам-иу, хъæздгуытæй цы байста, уыцы мулк мæгуыртыл уæрста. Мæнæн дæр уæд мæ зæрдæйы ахаст æмæ мæ цæстæнгас фæивтой. Кæд, зæгъын, мæгуыр адæмæн хъæздгуыты фæллæйттæ уары, уæд уый фыдгæнæг нæ, фæлæ хæрзгæнæг абырæг у.

Цæвиттон, Джиоты Тъатъе райгуырд 1841 азы Нары зылды, Фаллагкомы, Регахыхъæуы. Уыдис Мамиаты Барисы хæрæфырт Сауыбынæй. Барисы хъаруйыл адæм дистæ кодтой. Дыккаг Нарты Сослан, зæгъгæ, дам-иу, дзырдтой хистæртæ. Кæддæр, Хъæдгæроны уазæгуаты уæвгæйæ, йæ фысымимæ ныхас рауад, кæд, зæгъы, уартæ

уыцы дынджыр дур дæс санчъехы ахæссай, уæд дын фыс æргæвдын æмæ ма дын дæ уæрдоны дзаг нартхор дæттын. Барис уыцы дур дæс нæ, фæлæ фæндзай санчъехы ахаста. Хистæр фæлтæрæй ма чи уыди, уыдон уыцы дур хуыдтой Барисы дур, абон дæр, дам, уыцы тигъыл лæууы. Регах, йæ æрдзон равæрдмæ гæсгæ, Туалгомы у, æвæццæгæн, æппæты бæрзонддæр хохаг хъæу. Йæ бæрзонд у 2800 метрмæ 'ввахс денджызы æмвæзадæй. Регах у, Джиоты мыггагæн (æрмæстдæр Цæгаты 'рдыгæй) сæ уидаг кæцæй равзæрд, уыцы бындур-артдзæст, хæхбæсты уæззаудæр куысты уавæртæ кæм сты, уыцы бынат. Уымæ гæсгæ сæ адæм дæр уæйыгарæзт уыдысты æрдзæй. Тъатъе дæр, саби уæвгæйæ, бæрæг дардта йæ сæрæн, æвзыгъддзинадæй. Хистæртæ, дам-иу, арæх дзырдтой, ацы сывæллон йæ мадыфсымæр Барисы хуызæн у. Æвæццæгæн дзы уый хуызæн уæйыг басгуыхдзæн. Мæнгæн нæ фæзæгъынц, гайлаг, дам, родæй дæр бæрæг вæййы, фæлæ Тъатъейы йæ хъысмæт фæлварынвæнд скодта. Бынтон сабийæ, æвæццæгæн, 10-12-аздзыдæй, бынтон сидзæрæй аззади, цæрын та хъæуы. Цасдæр уæлыгæс фæцыди сæхи хъæуæн. Фæстæдæр царды къуындæгдзинадæй хуыздæр уавæртæ агурæг ацыди Хуссары 'рдæм. Уымæн дæр уыдис йæхи аххоссæгтæ: иуæрдыгæй, уый, æмæ Туалгом уыцы заманы хаудта Гуры уездмæ, дыккаджы та, Хуссармæ ахизын уыдис бæлвырд æнцондæр æмæ æдасдæр. Туалгомы адæм сæ уæйгæнинæгтæ дæр хастой фæсхохмæ, фылдæр Туркмæ. Абон бæлвырд нæу, Тъатъе æфцæгыл иунæгæй ахызт, æви сæудæджергæнджытæй искæимæ фæбæлццон. Æрмæст иу хъуыддаг бæлвырд у – æрыгон сæрæн лæппу Гуры базаргæнджыты ‘хсæн йæхицæн мамæлайы къæбæр куыста цумайы лæппуйæ.

Йе 'взыгъд, сæрæн змæлд æнæбафиппайгæ нæ фесты бынæттон абырджытæ, семæ хъуыстгонд цæцæйнæгтæ дæр. Иу фембæлдæй иннæмæ йæм сæ хъус фылдæр дарын райдыдтой, уæлдайдæр, бынæттон нæу, уый куы базыдтой, уæд. Базонгæ сты, сæхиуыл æй æрæвууæндын кодтой, цыдæр куыстытæ дæр-иу ын бабар кодтой.

Уæдмæ абырджыты къорд Гуры иу хъæздыг дукани сбæлвырд кодтой, хъуамæ йæ адавой. Уыдис сын сæрмагонд æмбырдгæнæн бынат, кæцы ран-иу давынмæ цæуыны размæ æрæмбырд сты уынаффæ кæнынмæ, сæ мулк дæр, сæ хæцæнгарз дæр уым æмбæхст уыдысты. Сæ ног зонгæйы, æрыгон Тъатъейы дæр сфæнд кодтой фыццаг хатт семæ акæнын, бафæлварын æй. Бауынаффæ кодтой

æмæ фæсæмбисæхсæв араст сты дуканимæ. Абырджытæн рагацау бæлвырдгонд уыди сæ куысты пълан. Тохынайы бæндæнæй ауагътой 14-аздзыд къæсхуыртæ, фæлæ хъæддыхтæ арæзт æрыгон абырæг Тъатъейы. Цыдæриддæр сбæрæг кодтой давинаг, уыдон сын куы слæвæрдта бæндæныл, уæд ыл йе 'мбæлттæ гадзрахатæй рацыдысты, бæндæн сластой æмæ æд давæггаг афардæг сты. Лæппу кæуын æмæ хъынцъым кæныны бæсты æрбадт æмæ хъуыдытæ кæны, æнæ маст, æнæ фыдбылызæй куыд аирвæза. Бавдæлд, æмæ йæ цæсгом æмæ къухтæ ссадæй сызмæста, йæхи цавæрдæр сау хъуымацы гæппæлæй æрбатыхта æмæ æнхъæлмæ кæсы дуары байгоммæ. Сæумæрайсом куыддæр дуканийы дуар фегом æмæ йæ хицау æрбахызт, афтæ Тъатъе, хæйрæджы хуызæн змæстæй, расæррæтт ласта. Лæг уый куы ауыдта, уæд фæтарсти, фæсур æмæ уæлгоммæ ахауд.

Æрыгон лæппу йæ ных сарæзта абырджыты бынатмæ, цæмæй сæ разæй фæуа. Йæ маст йе 'рыгон зæрдæйы нал цæуы, сног ын хистæрты фæдзæхст: «Гадзрахатæй де ‘мбалыл макуы рацу, стæй гадзрахатдзинад макæмæн хатыр кæн». Æндæр цавæрфæнды æфхæрд ныппарæн ис, фæлæ ахæм сайд – никуы æмæ никæмæн. Алы хъуыдытæ зилдух кодтой йæ сæры…

Зыдта, йе 'мбæлттæ кæмдæр бонасадæн кæнынц, тагъд сæ ардæм кæй хъæуы. Йæхицæн бæстон, æдас бынат сбæлвырд кодта æмæ æнхъæлмæ кæсы. Уалынмæ фæзындысты цыппар бараджы, разæй цæуы сæ хистæр. Цыдæр хъæлдзæг ныхас сæ хъуысы, æмæ та цыппарæй дæр хъæлæсыдзаг зæрдиаг худт ныккæнынц. «Æвæццæгæн, мæныл худынц, – ахъуыды кодта йæхинымæр Тъатъе. – Фæлæуут, æз уын ныртæккæ, лæг цы у, уый фенын кæндзынæн!»

…Боныцъæх ирдгæйы топпы гæрах анæрыд. Æрдзы сабырдзинад æрбайсæфт. Бæлæстыл цы цъиутæ бадти, уыдон дæр сæ хъæлдзæг зарджытæ фæурæдтой æмæ ныппæр-пæр кодтой алырдæмты. Æрдз æгуыппæгæй лæууы. Æмæ та ногæй топпы гæрах анæрыд. Бæлвырд цыдæр стыр бæллæх æрцыд. Хæстæгдæр хъæуты куыйты дæр райхъал кодта, сæ рæйынæй нал æмæ нал æнцайынц. Хæдмæлхор сау цъиахтæ дæр зæрдæ уынгæггæнæн цъиах-цъиахæй нал æнцайынц, æвæццæгæн, кæрæдзимæ хабар кодтой, кæмдæр та нын холы фæзынд, зæгъгæ.

Рахызт Тъатъе йе 'мбæхст бынатæй. Бацыд хæстæгдæр йæ гадзрахатæйцæуæг æмбæлттæм, æрзылд се ‘ппæтыл дæр, йæхимидæг

мæсты хъуыр-хъуыр бакодта: «Нæ уарзын æмбал-уæйгæнджытæ æмæ фæлитойты». Цæмæй йыл мачи фæгуырысхо уа, уый тыххæй мæрдты сæвæрдта бæхтыл, давæггаг сæм цы уыди, уыдон дæр сæ уæлæ, æмæ сæ хъæумæ баласта, йæхи хъыггæнæг скодта. Уый фæстæ рацыд Гурмæ.

Афтæмæй Тъатъе æрбынæттон Гуры, иннæ абырджыты къордимæ æввахсдæр фæзонгæ æмæ «цуан» кæнын райдыдта. Цалдæр азы фæстæ цыбыр рæстæг ахæстоны дæр абадт. Уырдыгæй куы рацыд, уæд фæзонгæ Хуыбылты Сандро æмæ Хаситы Алыксиимæ. Ацы æртæ ныр уыдысты хицæн къорд.

Цуан кодтой æмæ стъыгътой хъæздгуыты æмæ паддзахы чиновникты æмæ ма-иу сæ тæлæт фæллойæ мæгуыртæн дæр фæхай кодтой.

Иуахæмы, 1891 азы 25 апрелы, бастъыгътой кънйаз Метревелийы хæдзар æмæ дзы рахастой 667 сомы æхцайæ æмæ 1060 сомæн къухфыстытæ. Цалдæр хатты бастъыгътой, Дайраны комыл зынаргъ дзаумæттæ чи ласта, уыцы Императоры къарет.

Тъатъейæн æрдз стыр хъару æмæ æнæкæрон ныфс радта, æмæ ма йæ разамонæджы миниуджытæй дæр фæхайджын кодта. Стæй, сæйрагдæр, мæгуыр адæмы тугцъиртæ æмæ æфхæрджыты кæй стъыгъта, уый йæ хуымæтæг адæмы æхсæн уарзон кодта, æмæ йæ ном дардыл айхъуыст Ирыстоны æмæ Гуырдзыстоны дæр.

Абырджытæн хъæздгуыты фæллæйттæ ныссатар кæнын æнцонæй æфтыд сæ къухы, фæлæ сæ фæдыл та æнцон бафтæн нæ уыди. Иу бынаты бирæ нæ фæстиат кодтой, бонмæ-иу ацыдысты 50-100 километры бæрц.

Хицауады уæлдай стырдæр тасдзинад уагътой, Тъатъе сæм цы фыстæджытæ æрвыста чиновниктæм алыхуызон æртхъирæнтимæ, уыдон. Фæлæ-иу сын дзуапп дæр уыд. Иу рæстæджы сæм кънйаз Шаликов бадодой кодта, æз уæ иууылдæр куыйты цагъд ныккæндзынæн, зæгъгæ. Уæд Тъатъе æмæ Сандро Ахалгоры пъырыстыфмæ арвыстой фыстæг: «Мах фехъуыстам, цыма нæ агурут, нæ фæдыл зилут, фæлæ ныл нæ хæст кæнут. Уæдæ, кæд ды сылгоймаджы кæрдæны нæ бабырыдтæ, уæд нæм рацу æртæсæдæ хъазахъхъаг салдатимæ, кæнæ чапаримæ, æмæ уæд бæрæг уыдзæн, кæмæ нæ цы лæгдзинад ис, уый. Куынæ нæ бафæлварай æмæ нæ курдиат куы нæ сæххæст кæнай, уæд дæм мах дæ хæдзармæ

фæзындзыстæм æмæ дын ракæндзыстæм дæ бинойнаджы æмæ дæ чызджыты дæр. Æнхъæлмæ кæсæм. Душеты уезд, Ардисы хъæу. Джиоты Тъатъе æмæ Хуыбылты Сандро».

Иу ахæм æнæбары мард фæци Григол Двалшивили, йæ хæдзармæ йын куы бабырстой, уæд. Кæрты хъахъхъæнæг кæй ныууагътой, уый, æвæццæгæн, йæхицæн фæтарст, æмæ æнæхæцæнгарз Григолы фехста. Уый сæ уазджытыл нымадта, тыхми æнхъæл сын нæ уыди, фæлæ, цы рауад, уый рауад. Абырджытæн кæд сæ хъуыддæгты бирæ æнтысти, кæд сæ фæндагыл ницы уыйас цæлхдуртæ уыди, уæддæр алцæмæн дæр вæййы кæрон. Нæ «хъайтартæ» сæхиуыл æгæр фервæссыдысты æмæ, сæ хъæбатырдзинад æвдисгæйæ, æхсæнады алы хъуыддагмæ дæр цыдысты, бæрæгбонмæ дæр, сæхи кънйазы арæзт скæнгæйæ. Сæ уæгъд рæстæг та фылдæр æрвыстой дуканиты. Куы-иу бацыдысты, уæд сæхи паддзæхты хуызæн æдасæй æнкъардтой. Кæй-иу дзы баййæфтой, уыдонæн се ‘ппæты бæсты дæр фыстой æхца, уыимæ иу аргъ нæ, фæлæ дыууæ, æртæ аргъы. Уый тыххæй сæм адæм дæр æмæ дуканиты кусджытæ дæр зæрдæхæлараæй кастысты.

Тъатъе æмæ йе 'мбæлтты архайд æргом зынди æхсæнады царды, уæлдайдæр хъæздгуытæ æмæ хицауады уавæрыл. Æдасæй цæуын сæ бон кæй нал уыди, уымæ гæсгæ Тифлисы губернаторы бардзырдмæ гæсгæ оргæнты кусджытæ сæ куыст цæхгæр фæивтой, фæхъомысджындæр кодтой, æмæ 1891 азы 10 июны Тъатъейы абырджыты къорд ахст æрцыд, æмæ сын карз тæрхон скодтой: ауыгъд хъуамæ æрцæуой адæмы раз. Куыд ауыгъд æрцыд, уый, фæстæдæр Тъатъейæн йæхи ныхæстæм гæсгæ, радзырдта Джиоты Ахметка, Къостайыхъæуккаг, 100 азы фæцард. 1892 азы Гуры сæйраг фæзы æрæмбырд сты хицауад, хуымæтæг адæм. Уалынмæ æрбакодтой Тъатъейы ауындзæны бынмæ. Адæм схор-хор кодтой. Йæ риу – гом, къæхтæ – бæгъæввад. Йæ цæсгомыл тасдзинадæй ницы зыны. Иу тызмæг каст ма бакодта хицауады 'рдæм, цыдæр бахъуыр-хъуыр кодта, фæлæ дзы ничи ницы бамбæрста. Йæ сæр разылдта хуымæтæг адæмы 'рдæм, мидбыл сæм бахудт æмæ йæ сæр разыйы тылд бакодта, фæлæ йæ ничи бамбæрста, цæуыл разы у, уый, йæ мæлæтыл æви…

Слæууыд бандоныл, йæ хъуырыл ын бæндæн æрбаппæрстой. Йæ бæрзæйы нуæрттæ базмæлын кодта, йæ нуæрттæ къахы фадхъулæй

бæрзæйы онг сæлвæста æмæ, йæ ныфсджын цæстæнгас нæ фæивта, афтæмæй лæууы. Йæ бандон ын йæ къæхты бынæй куы асхуыстой, уæд уыцы уысм йæ къæхтæ фемраст кодта, нуæртты хъандзал æлвæст феуæгъд кодта æмæ… бæндæн æрыскъуыд.

Тъатъейæн ацы хъуыддаджы дæр йæ хъул сах абадт: уæды закъоны домæнтæм гæсгæ, дыккаг хатт ауындзыны бар нал уыди, фæлæ цæрæнбонты хаст æрцыд Сыбырмæ, каторгæмæ. Уымы хабæрттæм рахизыны размæ уал иучысыл фæстæмæ фездæхæм.

Гуры ахæстоны та радон хатт лæг амарыны тыххæй куы бадти, уæд та йыл цы цау æрцыди, уый тыххæй ма æнæ загъгæ нæй. 1889 азы 25 августы, фондз азы Гуры ахæстоны фæбадыны фæстæ, ссæрибар, фæлæ ахæстонмæ куы бахаудта, уæд дзы баййæфта иу украинаг. хосы цъынайы йас сохъуыр уæйыгау тыхджын лæгмары. Йæ хъаруйæ ныфсхаст уæвгæйæ, æнæхъæн ахæстоны ахст адæмы удхарæй мардта, æлдариуæг сыл кодта. Тъатъейы зæрдæмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уый нæ фæцыд. Дæхицæй лæмæгъдæры æфхæрай, дæлдзиныг æй кæнай, уый нæ уарзта æмæ нæ барста никæд. Бавдæлд, æмæ иу бон уыцы украинаг уæйыджы ахæстоны къæбицмæ басайдта. Хъæрмхуыпп кæм фыхти, уыцы аджы йæ нысхуыста æмæ дæ фыдгул дæр афтæ… Адæм дзы фервæзтысты.

Тъатъейы Сыбыры каторгæйы хабæрттæ бирæ сты, фæлæ дзы адæмы рæгъмæ рахæссинаг дæн æрмæстдæр цалдæр. 1968 азы ист æрцыд документалон кинонывн «Угрюм-река». Ам, куыд сбæрæг, афтæмæй кинойы сæйраг хъайтар уыдис Тъатъейы прототип. Тъатъе, Сыбыры уæвгæйæ, бахаудта геологты къордмæ, сæ сæргъы В. Шишков, зындгонд ахуыргонд æмæ фыссæг. Иузаман сæ геологты къордæн хъæды æнæ фæцæгъдгæ уæвæн нал уыдис, фæлæ сæ ирон лæппу аирвæзын кодта. Геологтæ ахæм тæссаг уавæры куы бахаудтой, уæд сыл æнæнхъæлæджы (æви сæрмагондæй?!) æрбамбæлдысты тунгус-цуанæттæ. Уыдон сын зæрдæ бавæрдтой дыккаг бон сæм фæстæмæ æрбаздæхынæй, хæринаг æмæ хæцæнгарзæй уæ сифтонг кæндзыстæм, зæгъгæ. Фæлæ сыл Тъатъе нæ бауæндыд, сæ фæстæ сусæгæй фæцыд æмæ сæ, цатыры æхсæвиуат куы æркодтой, уæд фæсæмбисæхсæв Тъатъе скуынæг кодта. Хойраг, хæцæнгарзæй сæм цы уыди, уыдон сæмбырд кодта, сæ куыйты дæр сын ракодта æмæ райсомæй æрцыд геологты базæмæ. Геологты хистæры бауæндын

кодта, тунгустæ барвæндонæй кæй радтой æппæтдæр, ууыл. Ацы цыбыр ныв Шишков бахаста йæ романы иу сæргондмæ, уый фæстæ та кинонывы сценаримæ.

Дыккаг хабар та уыд ноджы цымыдисагдæр. Тъатъе, хасты уæвгæйæ, 50-аздзыдæй бауарзта сыбираг хъæздыг къупецаджы 22-аздзыд чызг Каролинæйы. Чызджы фыд уый куы фехъуыста, уæд цæф арсы богътæ кодта, хъусын дæр æй нæ фæндыди «зæронд сиахсы» тыххæй. Сыбырмæ хаст лæгæн цæхгæр «нæ» загъта. Йæ суинаг кайыс ком куы нæ лæвæрдта, уæд Тъатъе бавдæлд, æмæ къупецы гоныл арт бандзæрста. Уæддæр та – нæй. Дыккагыл дæр бандзæрста. Æртыккаг гонмæ куы бавнæлдта, уæд къупецаг басаст æмæ сразы. Тъатъе æмæ Каролинæ сæ цард баиу кодтой. Мады Майрæм сын балæвар кодта дыууæ фырты – Васили æмæ Чермены. Сæ цард раст фæндагыл цыди, фæлæ Тъатъе фæстагмæ райгуырæн къона мысын байдыдта, хиуæтты, хæстæджыты. Йæ зæрдæ æхсайдта уарзон Ирыстонмæ, æмæ Октябры революцийы тымыгъ куы анхъæвзта, уæд схæццæ. Бæстæ – змæст.

Уæдмæ йе 'мбæстæгтæ хохæй ралыгъдысты Къостайыхъæумæ, æмæ Тъатъе дæр уым æрбынат кодта, хæдзар сарæзта, йæ зæронд æвæрæнтæй спайда кæнгæйæ. Йæ бинойнаг Каролинæ кусын райдыдта Къостайыхъæуы скъолайы уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæгæй. Уыцы рæстæг ахуыргæнджытæ тынг стæм æмæ кадджын уыдысты. Джиоты-Еналдыты Надя-иу арæх æрымысыд, Каролинæ йыл ном кæй сæвæрдта – Надежда. Тъатъе йæ бинонтимæ Къостайыхъæуы кæй æрцард, уымæн ирд æвдисæн – уæды рæстæджы хъæусоветы сфысты чиныджы бинонты номхыгъд. Тъатъе колхозмæ дæр бацыд, фос дæр скодта, гыццылгай йæ къæхтыл слæууыд.

Уæдмæ Фыдыбæстæйы хæст райдыдта, адæмы сабыр цард æрбайхæлд. Райгуырæн бæстæйы æцæг хъæбултæ атындзыдтой цыфыддæр знаджы ныхмæ, карз тохмæ, фæлæ та фæзынди бынхортæ, дезертиртæ. Бон пъадвалты, ныккæндты бадтысты, æхсæв та мæгуыр адæмы фос давтой. Тъатъейы хæдзар дæр сæ нæ ферох, йæ иунæг хъуг ын адавтой. Цъаммартæй иу мæстæймарæгау афарста Тъатъейы: «Цæй, куыд у, дæхицæй дын исчи куы дава, уæд?» Сæдæаздзыд Тъатъе дзуапп радта: «Æз давтон паддзахы къазнайæ, паддзахы чиновниктæй, хъæздгуытæй, сымах та, тæппуд тæрхъустæ, хуымæтæг, мæгуыр адæмæй. Ахæм мæгуыртæн æз хъæздгуыты фæллой уæрстон».

Тъатъейæн йæхи мысинæгтæ дзæвгар сты. Йæ тæккæ хъаруйыл куы уыди, 19-20-аздзыдæй, уæд сæмбæлд Гуыркъуымты комы, Сахсаты, йе 'мхæрæфырттæм. Куы йæ ауыдтой, уæд ыл тынг бацин кодтой, уæлдайдæр – хæдзары æфсин, цыма уæларвæй æрхауди. Кæдæй-уæдæй нæм не 'мхæрæфырт сæмбæлди, кадджын уазæджы бынаты дæ, хорз фенинаг уазæг бæргæ дæ, фæлæ ныртæккæ нæ рæбыны нартхоры кæрдзын æмæ цыхтæй дарддæр ницы ис. Æрбадтысты, æхсæвæр бахордтой, фæныхæстæ, фæтаурæгъτæ ма кодтой, стæй сæхи Бынатыхицауыл бафæдзæхстой æмæ бахуыссыдысты. Фæсæмбисæхсæв Тъатъе йæхи хъуыдыйы кæртмæ рахызт, кæсы, æмæ мæйрухсы зæлдаг тынтæм цыдæр ферттивæгау кодта. Хæстæгдæр бацыд хæдзары дæлбазырмæ æмæ... ног æргæвст стуры мард ауыгъдæй лæууы. Йæ мидбылты бахудт йæ фысимты мæрддзæстдзинадыл æмæ сонтæй йæ сæры фæмидæг къæйных хъуыды, йæ чъынды фысимтæ кæд иннæ хатт фæрæдаудæр уаиккой, зæгъгæ. Кусарты мард йе 'уæхскыл баппæрста æмæ æфцæгыл, фæсфæд къахфæндæгтыл Регахы бамидæг, стуры мард уым фæуагъта, йæхæдæг фæстæмæ йæ фысымтæм æрфардæг. Райсомæй фысымтæ куы федтой, стуры мард йæ бынаты нал ис, уæд се ‘рдиаг, сæ хъæлæба райхъуыст. Йæ цæстытæ æууæрдгæ, йæхи нæ зонæг скæнгæйæ, сæ размæ рахызт сæ уазæг, дисгæнæгау афарста, цы æрцыди, исты уæ фесæфти, зæгъгæ. Фысымтæ фæуыргъуыйау сты, сæ сæртæ фæгуыбыр кодтой æмæ, хатыртæ кургæйæ, радзырдтой сæ кусæрттаджы хабар. Тъатъе мидбыл бахудт, дысон уæм нартхоры кæрдзынæй уæлдай куы ницы уыди, уæд ма уæ цавæр стуры мард фесæфт, зæгъгæ. Уæддæр сын фæтæригъæд кодта, æмæ сын загъта, цæмæй се стуры мард Регахы агурой.

Гуырдзыстоны ма куы уыди, уæд иу цавæрдæр бæрæгбоны кадæн бæхты дугъ арæзт æрцыд. Иу кънйазы бæх дзы фыццаг бынат бацахста. Бæх та ахæм, æмæ афтид йæ уындæн дæр фæдаринаг уыд. Тъатъе ма йæ кой фехъуыста, ныр та йæ йæхи цæстæй уыны. Бæхтæ бирæ уарзта, уæлдайдæр ахæм саргъыбæх. Йæ уд дзы баззад. Йæ быны куыд кафы, адæм æм куыд хæлæг кæнынц, уæлдайдæр – хъæздгуытæ, уый æхсæвæй-бонæй йæ цæстытыл уайы, æмæ йæ цард æнæ уыцы бæх нал уыдта.

Иубон йæхи кънйазы арæзт скодта æмæ араст уыцы дугъон бæхы хицауы хæдзармæ. Ме 'мсæр уазæг мæм сæмбæлд, зæгъгæ, йæ фысым хорз суазæг кодта, йæ бæхæй дæр ын феппæлыд, куыд æм зилы, цы уавæрты йæ дары, иууылдæр ын сæ фенын кодта. Тъатъе бæстон фæкасти кæрты, скъæты уавæртæм, дуæртты æхгæнæнтæм, куыйты бынæттæм. Изæрмæ хæстæг фысымæн арфæ ракодта, иннæ хъæуы дæр ма мæ хъуыддæгтæ ис, зæгъгæ, йæхæдæг хъæдмæ фæзылди, уым бонасадæн фæкодта, цæмæй фæсæмбисæхсæв баздæха йæ фысымтæм. Фысы цармы цыдæр стæджы муртæ стыхта, фидар сæ барæхсæдта рæхсæнæй æмæ сæ сисы сæрты куыдзæн баппæрста. Цалынмæ куыдз уыцы царм ратон-батон кодта, уæдмæ йæхæдæг сисæн иннæ фæрсты багæпп кодта æмæ бæхдоны фæмидæг. Æрсæрфтытæ йæ кодта, иуцъус ын сысджы авæрдта æмæ бавнæлдта йæ куыстмæ. Чъылдымæрдæм цы дуар цыди, уый байгом кæнын къухы нæ бафтыд, æмæ уæд дуары бынты къахын байдыдта. Бæхы сбырста, йæ къæхтæ йын сбаста æмæ йæ дуары бынты раласта. Æвæдза, цас хъæру, ныфс æмæ зонд хъæуы уымæн?! Иу гыццыл куы рауади, уæд сæфтджытæ нымæтæй стыхта, йæ фæд цæмæй ма рабæрæг уа, æмæ афардæг кодта хъуыстгонд дугъон бæхы.

Тъатъейы цардвæндаг, куыд абырæг, рауад цымыдисаг æмæ сæйрагдæр, дæргъвæтин. Уæлдайдæр, æндæр абырджитимæ абаргæйæ, – сæ фылдæр уымæн йе 'мбис дæр нæ фæцардысты. Тъатъе та каторгæйы бирæ хорз адæмтимæ фембæлд, стæй, абырæг уæвгæйæ дæр, мæгуыр лæджы хъыджы кæй никуы бацыд, уый йын Хуыцау æмæ йе 'мдугон адæм дæр рæстæрдæм бамбæрстой, уый та йæ цард дæр æмæ миддуне дæр хорзæрдæм раивта. Мæнгæн нæ фæзæгъынц, адæмы фарн тыхджын у, зæгъгæ. Гъемæ, абырæг адæмы фарнæй хайджын фæци. Уый афтæ кæй у æцæгæйдæр, уымæн æвдисæн, – йæ удæгасæй йыл адæм сæхæдæг зарæг кæй скодтой. Стыр хъыгагæн, зарæджы ныхæстæ бæлвырд ничиуал хъуыды кæны, йæ мидис ма баззад æрмæст. Джиоты Хъазбегимæ сыл бакуыстам, æмæ цы дзы рантыст, уымæн та нæ кæсæг йæхæдæг тæрхонгæнæг фæуæд...

ДЖИОТЫ ТЪАТЪЕЙЫ ЗАРÆГ

Леуахийы дон ивылдæй бæлæстæ ласта,
Джиоты Тъатъе паддзахы æхцатæ голлæгтæй хаста.
Калачы арæнтæй паддзахвæндагмæ галуæрдон рахызти,
Тъатъе æхцайы голджытимæ
Чапар-фæдисонтæй доны бамбæхсти.
Хæрзгæнæг-абырæг, хъæздгуыты стигъгæйæ,
Никæуыл ауæрста,
Джиоты Тъатъе мæгуыр адæмæн
Паддзахы æхцатæ худæй куы уæрста.
О! Рухсаг æрбауай, мæгуырты ныфс, сидзæр Тъатъе!

Æхцатæ худæй уарыны бындурыл райгуырд зарæг дæр. Тъатъе Гуырдзыйы паддзахы къазнайы æхцатæ радавта голджыты. Куы йæ бафиппайдтой, уæд æй хъазахъхъаг салдæттæ æмæ чапартæ расырдтой. Дзæвгар фæлыгъди, иу доны былмæ æрбахæццæ, фæлæ йæ фæдисонтæ æрбаййафынц, уый куы бамбæрста, уæд сæнчы хус хъæд фæлыг кодта, ныффу дзы кодта, æмæ хæтæл йæ дзыхы атъыста, æхцайы голлаг йæ дæлармы, йæ худ доны астæумæ фехста, йæхæдæг доны йæхи ауагъта. Сæнчы хæтæлы дыккаг кæрон доны сæр, æмæ афтæмæй улæфы. Хъазахъхъаг салдæттæ дæр доны былмæ æрбахæццæ сты, кæсынц, æмæ йæ худ доны сæр ленк кæны. Ленк кæнын нæ зыдта, æмæ, æвæццæгæн, фæдæлдон, зæгъгæ, сæ къухтæ ауыгътой, сæ бæхтæ фæзылдтой æмæ афардæг сты.

Тъатъе ма иуцасдæр рæстæг афæстиат доны бын, схызт æмæ хæстæгдæр хъæумæ бафардæг. Йæ уæлæдарæс æмæ голладжы дзаг æхцатæ бахус кодта, йæ донласт худы бæсты йын чидæр йæ сæрыл йæхи худ æркодта. Йæ лæваргонд худ систа, æхцайæ йæ байдзаг кодта æмæ сæ худы хицауы хъæбысы æркодта. Афтæ худæй уаргæ рацыд æхца се 'ппæтыл дæр. Æвæццæгæн, ацы цауы фæстæ райгуырд йæ зарæг дæр…

Тъатейæн йе 'нæниздзинад куы фæцудыдта, азтæ дæр ыл сæ уæз куы æруагътой, уæд та, Ахметкаимæ ныхас кæнгæйæ, лæгъстæгæнæгау дзырдта: «Джиотæ, аласут-ма мæ Гуырдзыстонмæ, æмæ ме ‘мбæхсæнтæ скъахон. Ис дзы сызгъæрин æмæ æвзистæй конд алыхуызон зынаргъ дзаумæттæ, уыцы æнаккаг хъæздгуытæй кæй байстон, уыдон, æвæццæгæн, дыууæ путæй къаддæр не сты. Уыцы бæлас мæ цæстыты раз лæууы абон дæр. Уæ тъымы-тъымайы фаг дæр уыдзысты!»

Фæлæ, хъыгагæн, ничи сразы, никæй бафæндыд. Нæ зонын, йæ ныфс ничи бахаста æви йыл кæронмæ нæ бауæндыдысты, фæлæ дыууæ путы сыгъзæрин æмæ æвзист уал азы арф æфснайдæй лæууынц Гуырдзыстоны.

Тъатъе бирæ фæцард, йæ 100 азы сæрты дæр ахызт. Фæстагмæ йæ къæхтæ йæ коммæ нал кастысты, Сыбыры уазал дæр дзы йе 'вæрæн бахастаид. Йæ цардæй ахицæн 1942 азы зымæджы, йæ цардæмбал Каролинæ та – дыууæ азы фæстæ. Ныгæд сты Къостайыхъæуы уæлмæрдты…

ПОЭЗИ

КОКОЙТЫ Эльзæ

ÆМÆ… ЦЫ?

Цæуылнæ кæнай ныр
Рæсугъд ныхæстæ?
Фæлæ…
Зæгъ, чи дæ? –
Рувæстæн сæ бодз?
Куы калдта Хуссар
Тугимæ йæ рондз,
Уæд ды фæлыгъдтæ,
Ахъуызыдтæ хæстæй.

Ныр æрыздæхтæ бæгуылæгау.
'Мæ цы?!.
Мæкъуылæгау
Нысхъæл кæныс дæ сæр...
Æппын куыннæ кæныс æфсæрмы:
Æз дæр, дам, дæн æхсæны лæг,
Æхсæны,
Аллон-биллоны сахъ фыртты
Æмсæрæн!
'Мæ цы?!

Дæ «цæст сау» ма дын
Иу хорз лæг зæгъæд,
Кæд хорз лæг у, бæгуы лæг у,
Кæд, уæд?
'Мæ цы?!
Дыууæ уæхскæн дыууæ сæры
Нæ вæййы…

КУРЫН, МА КÆН ÆНКЪАРД

(Женяйæн)

Курын, ма кæн æнкъард,
Ды куы рцæуыс хъæмæ.
Кæс, куыд рæсугъд у цард,
Хур куыд калы тæмæн.

Ды куы вæййыс æнкъард,
Уæд мæ зæрдæ хъæрзы.
Де знæт цæссыгты тагъд
Уæд, мæ хъару хæссы!

Зонын, нал ис Гыцци,
Æмæ суазал нæ къæс.
'Мæ нæ уалдзыгон цин
Мигъ-ахсты бын нымбæхст!

Уæддæр ма кæн æнкъард,
О, мæ рæсугъд хо, цæй!
Зон, кæсы нæм нæ мад
Уæлæ арвы тыгъдæй.

Пецы бакæнæм арт,
Уадз, æрттива йæ зынг!
'Мæ йæ фæлмæн хæрзад
Сафа зæрдæты хъыг.

Рахæсс фынгмæ къæбæр,
Цæхх, бæгæныйы къус.
Ам – нæ цинты къæсæр,
Ам – нæ артдзæсты рухс.

Ам – Гыццийы хъæлæс,
Ам – йæ рæвдаугæ 'нгас.
Ам – йæ къахдзæфты уад,
Ам – йæ узæлд, йæ уарзт!

Курын, ма кæн æнкъард,
Ды куы рцæуыс хъæмæ,
Кæс, куыд рæсугъд у цард,
Хур куыд калы тæмæн

УАЛДЗЫГОН РАЙСОМ

Уалдзæг йæ хæрдгæ хæрздæфæй
Байдзаг кодта æппæт.
Æмæ зымæджы бæхæн
Нал – йæ кой, нал – йæ фæд.

Бахста уæлдæфы базмæ
Уалдзæг й' арвгъуыз тæмæн,
Æмæ зымæджы карзæй,
Нал аззади фæлм дæр.

Дуне ивы йæ хæлур,
Ирддзæст къуыбыр ысзынд.
Бур мыдыбындз мыдагур
Ысзыд!

Уалдзæг, уалдзæг! Дæ хуызтæ
Чи фæуыдзæн нымад?
Уалдзæг, уарзты рæхыс дæ!
Уалдзæг – дидинты Мад!

* * *

Зымæгон цъæх ирдгæ
Йæ уазал фæрсудзы.
Дæ ныхæсты судзаг
Мæ зæрдæйы судзы.

Цы марг у, цы хъæстæ?
Мæ уд дзы куыд дуды?!
Дæ хиндзæст цæстæнгас
Мæ чъылдыммæ худы.

Цхæх-ихсалд фæндаг мын
Мæ уæраг æрхæссы.
Пыхцыл миты тъыфыл,
Мæ былтыл нæ тæфсы.

Зымæгон цъæх уазал
Йæ ихтæ фæрсудзы.
Йæ их нывтæй байдзаг,
Мæ зæрдæйы рудзынг!..

…Цъæх-ихсалд, бырынцъаг
Фæндаг мæ фæсайы.
Ивазын хъуырыцъар
Лæгъстæйæ!..
Ды…
Райыс!

ЛÆППУЙЫ ФЫСТÆГ

Ты и раньше приходила нескоро,
А вот, не пришла и совсем.
Николай РУБЦОВ

…Афтид перрон!..
Нæ, не 'рцыдтæ ды.
Ме 'нхъæлмæ каст уыд уæгъды.
Цымæ айста йæ уæлныхты мæн
Фурд æрдæгсаст бæлæгъыл,
Афтæ бавнæлта
Зæрдæмæ маст
Знæт æнгуылдзысты цыргъ ныхтæй.
Цымæ, абухгæ фурды фæхаст,
Саст бæлæгъы пырхытæм.

Фонт!
Нæ базыдтай ме ууæнкæн аргъ.
Мæн, куыд фæндыд
Дæу уарзын?!.
Ныр ныххастай мæ риумæ цыргъаг.
Зæгъ, цæмæн уыд
Нæ базынд?!.

…О, цы ууæнкæй дыл
Бауæндыд уд?..
Уыд зæдæнгас дæ бакаст!
Ныр?
Дæ мæнгард мын
Карды цæф у, –
Риу йæ астæуыл афаст!..

...Афтид перрон!..
Нæ, не 'рцыдтæ ды,
Ме 'нхъæлмæкаст уыд уæгъды.
Цымæ айста йæ уæлныхты мæн
Фурд æрдæгсаст бæлæгъыл.

ИППÆРД БÆЛЦЦОНЫ БОНЫГÆЙ

Мæ аходæны хус къæбæр
Æхсынын дæр нæ куымдта.
Ныббар, кæд та мæ ме 'вæрæз
Дæ къæсæрмæ æрхуыдта!

Æнæмбæрст мын мыййаг, нæ уыд;
Мæхицæй дæ æфхæрын.
Мæ бахызт, ме сныхас, мæ уынд!
Дæ хъарм дзулæй кæй хæрын.

Ныббар! Ныббар! Ызнæт къавда
Куыд нал æнцад йæ уардæй?
Æмæ та дын дæ тыргъы дуар
Кæй бахостон мæ армæй.

…Дæ тар фæкаст, дæ саст ныхас
Мæн тары малмæ здæхта.
Тыхкъæвда здыхст, тæлфыд, нæрыд
Цæсты гагуыйæ ставддæр!..

ФÆНДЫДИС МÆ

Фæндыдис мæ,
Хæрам нæ астæу ма уа,
Нæ хæлардзинад
Адджын æмæ даргъ уа.
Æмæ нывæстон
Урс-цъæх нывтæй аргъау.
Фæлæ…
Фæтахт мæ цъæхдзæст аргъау
Маргъау!
Фæтахт мæнæй,
Цæмæй
Мæнæн æнкъард уа,
Цъæх уалдзæг нæ –
Мæ цардыуаг зымæг уа.
Мæн та?
Мæн та фæндыд,
Нæ хæлæрдзинад даргъ уа
Нæ уарзт нæ удтæн
Кувæндон уа,
Аргъуан…

* * *

Зымæгон бон йæ сындз уазал луары,
Бæгънæг бæлæсты цæнгтыл мит æрбадт.
Зынг-хур йæ буц цæст тар мигъты бын дары,
Æмæ та 'рынкъард хохаг хъæуы цард!

Фæйнæрдæм тымыгъ мит-хъæпæнтæ тауы,
Къуыззит кæны йæ зæрдæйы фæндон,
Йæхицæн иу æрлæууæн дон нæ ары,
Фыдных тымыгъ æгæнон у, уæндон!

Æмæ мын ме знæт зæрдæмæ æфтауы
Йæ сындз уазал, æнахуыр сагъæс, мæт.
Зымæгон арв нæ, нал зоны фæллайын
Æмæ нымбæрзта хъæуæй-хъæумæ фæд.

Æз, салд авгæй мæ цæст æддæмæ дарын,
Фæлæ у митæй ииуылдæр æхгæд.
Цæмæ дзы кæсын уæд? Цы хæрзæг дзы æнхъæлын?
Мыййаг, куы нæ фæзындзынæ ды, уæд?..

* * *

Къæвда уары. Тар лæбыры,
Дымгæ фæрсæгтæ цæвы
Æмæ йе знæт тарст хъæрзынæй
'Фтауы 'нахуыр рыст лæгыл.

Æз нымдзаст дæн талынг авгæй,
Зæрдæйæн ыстынг йæ рыст.
Уыцы сонт дымгæйы уадæй
Дардæй мæм дæ хъæлæс хъуыст.

Уым, цыргътигъджын хæхты сæрмæ
Суагъта арв зынгкалгæ фат.
'Мæ йæ æрттиваг цæхæрмæ
Цæстытыл дæ фæлгонц уад…

* * *

Тырнынц уæззау мигътæ æргъæвстæй,
Сæ буар та къуымбилау фист.
Мæнг фæд ма аззайы сæ фæстæ,
Кæны сыл урс дымгæ æхситт.

Уым хъæдæй иунæг бирæгъ ниуы,
Фæиппæрд йе 'мгæрттæй, мæгуырæг.
Ыстых ыл йе 'вæрæз, йæхиуыл
Кæуы. Ныффæсус и йæ хъуыр.

Ныффæлдæхт арф миты, ныргъæвсти,
Нæ йын у йе 'ххориаг æгъгъæд,
Йæ бирæгъ цæстыты цы мæт ис,
Гъе уый кæд чи бамбæрста, кæд?!

…Æмæ кæд бонмæ нал ис бирæ,
Кæд арв æрбацъæх уыдзæн тагъд,
Кæуы уæддæр йæхиуыл бирæгъ, –
Нæмы йæ 'науæрдонæй цард!..

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХÆЙРÆДЖЫТЫ ХАБÆРТТÆ

УЫЙ ДÆР ХÆДЗАЙРАГ У

Хъалæгаты Гæуысæн уыдис бинойнаг – Кочиты чызг. Цардысты «а» æмæ «о»-йæ. Гæуыс цы нæ куысты бацыдаид – алцы дæр ын æнтысти, алцæмæ дæр дæсны уыдис. Уалдзæг райдыдта, зæгъгæ, уæд-иу æй адæм фарстой, кæд æмæ кæм байтауой хор. Æмæ-иу никуы фæрæдыдысты. Афтæ – æндæр хъуыддæгты дæр.

Адæм дис кодтой, куыд дæсны, куыд зондджын у, уыл. Фæлæ æрмæст йæ мад зыдта, хъуыддаг цæй мидæг ис, уый. Гæуысæн ма æндæр бинойнаг дæр уыдис хæйрæджытæй, æмæ йын уый æххуыс кодта, алцы дæр ын амыдта.

Иу рæстæджы Кочиан ауыдта, сылгоймаг чындзы дзаумæтты уатæй куыд рацæйцыд, афтæ. Диссаг æм куыд нæ фæкаст, фæлæ сылгоймаг цыдæр æрбаци. Хæдзармæ (цæлгæнæнмæ) йе ‹фсинмæ бацыд æмæ йын хабар радзырдта.

– Æрсабыр у, уым диссагæй ницы ис. Кæй федтай, уый дæр нæ хæдзайраг у. Ды цы бынат ахсыс ацы хæдзары, уый дæр уыцы бынат ахсы, – дзуапп ын радта æфсин.

Уæд уый Гæуысæн загъта, мæ цæгатмæ цæуын, демæ нал цæрын, зæгъгæ.

Гæуыс æй æрсабыр кодта, æз æрмæстдæр дæу уарзын, зæгъгæ.

– Æмæ кæм вæййы, уынгæ дæр æй куы никуы кæнын? – бафарста ус.

Цы гæнæн ма уыдис Гæуысæн дæр, басасти, уыцы сылгоймаг хæйрæг у, зæгъгæ. «Дæ бæсты алцыдæр бакæны, нæ цард дæр хорз уый тыххæй цæуы, стæй арæхдæр ам нæ вæййы», – загъта лæг.

Ус дæр æрсабыр, фæлæ хæйрæджы никуы федта. Афтæмæй хъæздыгæй бирæ фæцардысты.

Радзырдта йæ 75-аздзыд Абайты Ленæ.
Ныффыста йæ Скъиаты Зоя,
Дзæуджыхъæу, 2009 аз.

ХÆЙРÆДЖЫ ÆВЗАЛЫТÆ

Ацы цау мын мæ сыхаг 80-аздзыд зæронд ус радзырдта. Йæ мадыхо цардис Пысылмонхъæуы. Иухатт сæм фæсæмбисæхсæв чидæр дуар бахоста. Ус рауад кæртмæ æмæ уыны: къулдуары æдде лæууы иу нæлгоймаг æмæ дзуры: «Хорз ус, бахатыр кæн, афтæ æнафоны дæ кæй тыхсын кæнын, уый тыххæй, фæлæ мæ де ‘ххуыс æхсызгон хъæуы. Мæ бинойнаг тынг тыхст у æмæ мæ дæумæ рарвыста. Æрмæст, дам мæ уый фервæзын кæндзæн».

Сылгоймаг талынджы нæ равзæрста, лæг чи уыд, уый æмæ сразы. Арæх-иу бахъуыд йе ‹ххуыс сывæрджын сылгоймæгты.

Хъæуæй гыццыл куы ауадысты, уæд сылгоймаг фæдызæрдыг, ацы лæг мæ кæдæм кæны, зæгъгæ. Фæлæ ма цы акодтаид. Æрæджиау бахæццæ сты иу хæлд сарайы цурмæ. Мидæмæ куы бацыдысты, уæд ус джихæй аззад: хæйрæг, хъæрзгæ, сывæллон арыныл ныллæууыд. Ус айтæ-уыйтæ нал фæкодта, феххуыс ын кодта.

Сывæллон райгуырд. Хæйрæг æй йæ къухтæм райста, йæ цæстытæ йын, хъæдын къусы цы дон уыдис, уымæй айсæрста. Ус уый куы федта, уæд уый дæр йæ иу цæст уыцы донæй асæрфта.

Йæ куыст куы фæци, уæд та йæ сарамæ чи æрбахуыдта, уыцы лæг йæ цуры фестад, загъта йын бузныг, зæгъгæ, стæй йын йæ фæдджийы ныккалдта æвзалытæ. Ус сæ исынмæ нæ хъавыд, фæлæ йæ цыдæр тых дзурын не суагъта.

Сылгоймаг рараст сæхимæ æмæ хъуыды кæны: «Ацы æвзалытæ мæ цæмæн хъæуынц, уæд та сæ акалин». Фæлæ та йæ цыдæр тых баурæдта. Сæхимæ æрбахæццæ æмæ йе ‹взалытæ тыргъы æркалдта. Бацыд уатмæ, æнæдзургæйæ схуыссыд йæ хуыссæны.

Райсомæй йæм йæ мад дзуры: «Рауай-ма тыргъмæ, мæнæ адон цы сты?» Сылгоймаг рауад æмæ уыны: цы 'взалытæ 'ркалдта, уыдон сыгъзæринтæ фестадысты.

Бинонтыл цард фæхæцыд. Фæлæ амонд адæймагмæ æдзух кæм худы! Иу сæрдыгон бон райсомæй раджы сылгоймаг сыхæгты чындзытимæ донмæ рацæйцыд. Кæсы, æмæ цæугæдоны былгæрон бады

иу сылгоймаг. Уайтагъд æй базыдта. Бахудт æмæ йæм дзуры: «Ам цы ми кæныс?» Йемæ чи уыд, уыцы чындзытæ худæгæй бакъæцæлсты, сæнттæ, дам, цæгъдыс. Дурыл цы сылгоймаг бадтис, уый та йæ хынцфарст акодта, цæмæй, дам мæ зоныс? Æмæ йын загъта, аргæ-арын ын куыд феххуыс кодта, уый. «Æмæ мæ уынгæ та куыд кæныс?» – ногæй та афарста хæйрæг. «Мæ иу цæстæй», – дзуапп ын радта сылгоймаг. Ды, дам, дæ сывæллоны цæстытæ цы донæй асæрфтай, уыцы донæй æз дæр сусæгæй мæ иу цæст асæрфтон æмæ, дам, адæм цы нæ уынынц, уый æз уынын. Йæ ныхæстæм ын хæйрæг фæмæсты, уыциу лæбурд æм фæкодта æмæ йын йе 'нгуылдзæй йæ цæст акъахта.

Уæдæй фæстæмæ сылгоймаг йæ иу цæстæй йеддæмæ иннæмæй æппындæр нал уыдта.

Радзырдта йæ 70-аздзыд Тарханаты Сафиат. Ныффыста йæ Дзуццаты Амыран, Дзæуджыхъæу, сентябрь, 1993 аз.

МÆГУЫР ЛÆДЖЫ ФЫРТ ДЗИБУККА ÆМÆ ХÆЙРÆГ

Цардысты мæгуыр лæг æмæ ус. Цæмæй цардысты, куыд цардысты, уый Хуыцау йеддæмæ ничи зоны, фæлæ иу бон ус фæрынчын æмæ йæ лæгмæ фæдзырдта:

– Мæнæй дын ницыуал пайда ис, нал фервæздзынæн, æмæ-иу нæ лæппу Дзибуккамæ дæ хъус фæдар.

Ус амарди. Лæг йæ мæгуыры къæбæртæй хаста Дзибуккайы. Лæппу куы бахъомыл, уæд иу бон йæ фыдмæ дзуры:

– Ауадз мæ балцы афæдзы æмгъуыдмæ. Кæд дæуæн, гъе мæхицæн исты фæпайда уаин, къуымы бадынæй сфæлмæцыдтæн.

Фыд уæлдай ницыуал загъта æмæ Дзибукка балцы араст. Цас фæцыдаид, чи зоны, фæлæ сфæнд кодта, фæндаджы был тар хъæды цы халагъуд уыдис, уым æхсæвиуат бакæнын. Бацыд халагъудмæ. Цъиуызмæлæг дæр дзы нæ баййæфта. Кæсы, æмæ фынджы сæр арынджы – ногæргæвст карчы фыд. Фæллад бæлццоны дæр ма хуыздæр цы хъуыд! Йæ хордзен дурыл æрæвæрдта æмæ стъолы фарсмæ æрбадт. Куыддæр дзидзамæ февнæлдта, афтæ йæм къуымæй сыкъаджын хæйрæг дзуры:

– Хорз лæг, дæ хæрын уал фæуадз. Цæй, хæснæгтæй ахъазæм.

Дзибукка сразы. Хæйрæг бæх æрбакодта æмæ дзуры бæлццонмæ:

– Ацы бæх æз ме ‘ккой дæс санчъехы ахæсдзынæн æмæ йæ фæстæмæ æрбахæсдзынæн. Ды дæр бафæлвар, æмæ мæ кæд амбулай, уæд дæу фæуæд.

Хæйрæг бæхы дæс санчъехы ахаста æмæ йæ, тыхулæфт кæнгæ, фæстæмæ æрбахаста. Дзибукка уый куы федта, уæд ын афтæ:

– Ацы бæхы ды де ‘ккойы тыххæй фæразыс, фæлæ йæ æз та мæ сагæхты ноджы дарддæр ахæсдзынæн æмæ йæ рогæн фæстæмæ æрбахæсдзынæн.

Йæхæдæг бæхыл абадтис æмæ йæ ссæдз санчъехы размæ атардта, ссæдз санчъехы та – фæстæмæ.

Хæйрæг дисы куыд нæ бацыдаид! Радта йын йæ бæхы æмæ та йын загъта:

– Цом, рагъмæ ссæуæм. Уым хизы мæ фосы дзуг, дыууæ дихы сæ фæкæндзыстæм æмæ сæ дыууæ комыл уæтæрмæ æртæрдзыстæм. Æрæййафдзæн нæ тыхджын тæрккъæвда. Æмæ кæд мæнæй къаддæр ныххуылыдз уай, уæд дзуджы ‘рдæг дæу фæуæд.

Дзибукка сразы. Уалынмæ арв æрттывдтытæ кæнын райдыдта, сау мигътæй райхъуыст сонт гæрæхтæ, уарын къæртайæ калæгау сæх-сæх кæны. Дзибукка рæвдз фелвæста йæ дзаумæттæ æмæ сæ залмы сыфты тыхтытæй йæ дæлармы бакодта.

Тæрккъæвда хæхты бирæ нæ хæссы. Цалдæр минуты фæстæ банцад, къæдзæхтыл æркъæдз арвæрдын. Дзибукка рæвдз-рæвдз йæ дзаумæттæ йæ уæлæ акодта æмæ фос уæтæрмæ батардта. Хæйрæг бæлццоны дарæс хусæй куы ауыдта, уæд джихæй баззад. Фембылд, уый куы бамбæрста, уæд йæ фосы æрдæг Дзибуккайæн радта. *Йæ* донласт дарæс аивта æмæ бæлццонмæ дзуры:

– Уæларв цæры мæ кæстæр хо. Хуртæ æмæ мæйтæ кæсынц йæ цæсгомæй, афтæ рæсугъд у. Кæд ын йæ къухмæрзæн æрхæссай, уæд дын æй усæн ратдзынæн, кæд нæ, уæд мæ цы амбылдтай, уыдон мын фæстæмæ ратт, стæй мæм æртæ азы æххуырстæй фækус.

Хæйрæджы кæстæр хо, æцæгдæр, бæстырæсугъд уыд. Курæг æм цыдис алы бæстæй, фæлæ никæмæн куымдта. Ноджы йæм уыдис æнахуыр зондахаст: æрмæстдæр, чи йæ амбылдтаид, ахæм усгурæн бакуымдтаид. Иннæты-иу уæйыгæн бахæрын кодта.

Цæуы Дзибукка æмæ хъуыды кæны: ныр куыд хъуамæ ссæуон уæларвмæ, цы хуызы бафтдзæн хæйрæджы хойы къухмæрзæн мæ къухы. Æвæццæгæн, ам хæйрæгæн æмбылды кæндзынæн. Уалынмæ дын кæсы, æмæ иу саг хохы зыхъхъыры ныффидар. Дзибуккайы куы ауыдта, уæд æм дзуры:

– Хорз лæг, фервæзын мæ кæн, æмæ дын æз дæр истæмæй феххуыс кæндзынæн.

Дзибукка саджы фервæзын кодта æмæ йын йæ балцы хабар загъта. Саг иуцасдæр ахъуыды кодта, стæй йæ ирвæзынгæнæгмæ дзуры:

– Хæйрæджы кæстæр хо кæм цæры, уырдæм зæххон лæг зынтæй æфты. Фæлæ дæ хъару æмæ дæхæдæг. Йæ хæдзарæй бынмæ уалæ къæдзæхыл æрзæбул фидар æндæхтæй быд урс бæндæн. Радугъ кæн, æмæ дæ æз мæ сыкъатæй фехсдзынæн бæндæны онг. Æмæ кæд бæндæныл фæхæст уай, уæд дæ хъуыддаг атылд – къухмæрзæн дæ къухы бафтдзæн. Куы нæ йыл фæхæст уай, уæд доны къусы сæфт фæкæндзынæ.

Дзибукка разгъордта. Саг æй йæ сыкъатæй хæрдмæ фехста, æмæ лæппу бæндæн къухæй ацахста. Бæндæныл бырын райдыдта æмæ уайтагъд уæларв балæууыд. Хæйрæджы хо йæм ракастис æмæ йæ мидæмæ бахуыдта, фынг ын æрæвæрдта, стæй йæ схуыссын кодта, баулæф, зæгъгæ. Дзибукка, иуæй, тæрсгæ кодта, иннæмæй та, къухмæрзæныл хъуыды кодта, æмæ йæм хуыссæг хæстæг нæ цыди. Иуафон сыстад, тамако схус кодта æмæ йæ хæйрæджы хойы былтыл æркалдта. Чызг тамакойы тæф куы сулæфыд, уæд æхснырсын райдыдта. Йæ къухмæрзæн систа æмæ дзы-иу йæ фындз амарзта. Иуафон афынæй, æмæ къухмæрзæн, йæ къæхты бын цы гауыз тыд уыд, ууыл æрхаудта. Дзибукка йæ амбæхста æмæ ногæй йæ хуыссæны схуыссыд.

Куы 'рбабон, уæд æй чызг фæрсы:

– Ардæм зæххон лæг тыххæйты куы 'фты, уæд дæу цы хур, цы къæвда æрбахаста?



Дзибукка йын дзуапп радта:

– Мæ фæндагæй фæиппæрд дæн, æмæ мæ ме 'дылы къæхтæ ардæм æрбахастой. Архайын фæстæмæ зæхмæ ныццæуыныл, фæлæ фæндаг нал зонын æмæ, кæд гæнæн ис, уæд мын æй бацамон.

– Хорз, баххуыс дын кæндзынæн, æрмæст ме 'рцыдмæ арт скæн, – загъта чызг æмæ кæдæмдæр ацыд.

Дзибукка арт кæны, фæлæ сугтæ нæ судзынц. Уæд дын æм сынтæджы бынæй баст уæйыг дзуры:

– Цы ми кæныс, лæппу, афтæмæй дын арт не ссудздзæн.

– Уæдæ куыдæй ссудздзæн? – сонт фарст акодта Дзибукка.

– Мæнæ мæ кæстæр æнгуылдз фæлыг кæн, уый туг сугтыл бакал, æмæ арт схæцдзæн.

Дзибукка уæйыгмæ байхъуыста, æмæ, арт куы ссыгъд, уæд æй фæрсы:

– Сынтæджы бын цæмæн дæ баст?

– Уæдæ цы кæнон, ацы чызг хæйрæджы хо у, æмæ йæ чи амбула, уымæн бакомдзæн, иннæты мæнæн бахæрын кæны. Мæнæн мæ бон æнæ адæймаджы тугæй цæрын нæу. Фæлæ уый æдзух къухы не 'фты, æмæ уæд сфæнд кодтон хæйрæджыты фæрцы цæрын. Базыдтой мæ æмæ мæ ам, сынтæджы бын ныр бастæй дарынц, адæймаджы туг мын нуазын кæнынц.

Дзибукка уæйыгмæ фæмæсты æмæ йæ хъамайæ æрбамардта, стæй къуымты азылдис æмæ ма диссагæй цы кæныс! Иу хатæны адæймаджы сæрыкъуыдыртæ – рагъамад. Иу зæронд гуыбыр ус фæсдуар бады æмæ кæуынæй йæхи мары. Дзибукка уый куы ауыдта, уæд æй фæрсы:

– Цæуыл кæуыс, мæ мады хай?

– Уæдæ цы кæнон, мæ хур. Ацы адæмы иууылдæр уæйыг бахордта. Абон йе 'фсымæр фæзындзæн æмæ уымæн та мæн бахæрын кæндзæн.

– Æмæ хæйрæджы хо уыдæттæм афтæ куыд кæсы?

– Хæйрæджы хойæн йæ бон ницы у. Искуыдæм куы ацæуы, уæд фæзыны уæйыджы æфсымæр æмæ адæмы йæ баст æфсымæрæн бахæрын кæны.

– Æмæ уæйыг баст цæмæн у?

– Баст уымæн у, æмæ йыл хæйрæджытæ не 'ууæндынц.

– Мауал тæрс баст уæйыгæй, æз æй хъамайæ амардтон.

– Уæдæ дæхи хъахъхъæн йе 'фсымæрæй, уый дын йе 'фсымæры мард нæ ныббардзæнис.

Цас рæстæг рацыд, чи зоны, фæлæ иуафон баст уæйыджы æфсымæр æрцæйцыд, æмæ зæронд ус Дзибуккамæ дзуры:

– Дæхи бааууон кæн, æрцæуы баст уæйыджы æфсымæр æмæ дæ бахæрдзæн.

Дзибукка æддæмæ рауади æмæ уæйыгимæ сæхи кæрæдзиуыл ныццавтой. Куы сæ иу фæбынæй вæййы, куы – се 'ннæ. Лæппу куыддæртæй абырста уæйыджы æмæ йæм, йе 'фсымæры цы хъамайæ барæхуыста, уый фелвæста. Уæйыг ын лæгъстæ кæнынмæ фæци:

– Маргæ мæ ма акæн, цы мын зæгъай, уый бакæндзынæн.

– Уæдæ де 'фсымæр кæй бахордта, уыдоны фæстæмæ райгас кæн.

– Мæнæ мæ астæуккаг æнгуылдз фæлыг кæн, йæ туг ын доныл æртадз æмæ сыл уый бапырх кæн, æмæ райгас уыдзысты.

Зæронд ус къус бадардта уæйыджы æнгуылдзмæ. Туг дзы рауагътой, доныл æй æркодтой æмæ дзы сæрыкъуыдыртæ бапырх кодтой. Адæм райгас сты. Дзибукка мæсты каст бакодта уæйыгмæ, нæ йын ныббарста адæмы тæригъæд æмæ йæ хъамайæ барæхуыста.

Уалынмæ дын хæйрæджы хо дæр сау дарæсы æрцæуы. Дзибукка зæронд усы афарста:

– Сауты цæмæн æрцæуы хæйрæджы хо?

– Цæмæн куы зæгъай, уæд мæн хъуамæ уæйыг бахордтаид æмæ уый нæ фæндыд, тæригъæд мын кодта.

– Уæдæ мæнæн та афтæ цæмæн загъта, ме 'рцыдмæ, дам-иу, арт скæн?

– Уымæн æмæ дын æмбарын кодта, уæйыгыл куы нæ фæтых уай, уæд дæ хæргæ кæй кæндзæни, уый.

– Æмæ адæм хæйрæджы хойæ уæд цæмæн хъаст кæнынц, кæд ахæм хорз сылгоймаг у, уæд?

– Зæххон адæм нæ зонынц, ам, уæларвы, цы хабæрттæ цæуы, уыдон.

– Ӕмӕ мӕ арт та цӕуылнӕ сыгъди?

– Уый та уымӕн, ӕмӕ ды зӕххон лӕг дӕ. Зӕххон тугӕй цардис хӕйрӕг, ӕмӕ хӕйрӕджы арт дӕуӕн никуы ссыгъдаид.

– Кӕд раст дзурыс, уӕд мӕ хӕйрӕджы хо иунӕгӕй цӕмӕн нывуагъта?

– Фӕлваргӕ дын кодта дӕ лӕгдзинад.

– Цӕмӕн?

– Уымӕн ӕмӕ дӕ бауарзта.

Хӕйрӕджы хо мидӕмӕ бахызт, уӕйгуыты мардӕй куы ауыдта, уӕд мидбылты бахудт ӕмӕ Дзибуккайы йӕ хъӕбысы ныккодта.

Ацы хабар хӕйрӕгмӕ куы фехъуыст, уӕд уый дӕр Дзибукка ӕмӕ йӕ хойы уарзондзинадыл дыууӕ нал загъта.

Дзибукка хӕйрӕджы хойы рахаста ӕмӕ сӕхимӕ рафардӕг, скодтой чындзӕхсӕв ӕмӕ цӕрынтӕ райдыдтой хъӕлдзӕг ӕмӕ ӕнӕмастӕй.

Радзырдта ӕмӕ йӕ ныффыста 68-аздзыд
Скъиаты Зоя, Дзӕуджыхъӕу,
2009 аз.

ХӔЙРӔДЖЫ МАСТ

Доны фаллаг фарсы хъӕуккаг Сакъойӕн бирӕ бинонтӕ уыдис. Цотӕн се ‹ппӕтӕн бинонты хабар бакодта.

Кӕстӕр фырт Болатӕн ракуырдтой сӕ сыхаг чызг Зӕлийы. Тынг хӕрзконд, фӕлмӕндзураг, хъӕлдзӕг адӕймаг. Йӕ дыууӕ дзыккуйы дӕр чызджы аргъ уыдысты.

Бинонтӕ сӕхӕдӕг сӕ ног чындзы цинӕй рӕзыдысты. Цас рацыдис, фӕлӕ Болат ӕнкъард кӕнын райдыдта. Нал хӕргӕ кодта, нал дзыхӕй дзырдта. Бинонтӕ мӕты бацыдысты, уӕдӕ цы кӕны, зӕгъгӕ. Куынӕуал ӕй уагътой, уӕд сын радзырдта: «Мӕ бинойнаг Зӕли ӕмбисӕхсӕв цыдӕр фӕвӕййы. Ӕз ӕй фембарын, фӕлӕ мӕ бон райхъал уӕвын нӕ вӕййы. Бонырдӕм та йӕ бынаты фӕхуыссы. Бафӕрсын ӕй, цы фӕвӕййыс, зӕгъгӕ, фӕлӕ нӕ сӕтты. Дӕ фыны, дам, цыдӕр фенис!»

Бинонтӕ дӕр фиппайын райдыдтой, чындз иуӕй-иу хатт иу ранмӕ кӕсгӕйӕ кӕй баззайы, йӕ мидбылты цыма кӕмӕдӕр фӕхуды. Цы кӕны, зӕгъгӕ, дӕсныйы бафарстой, ӕмӕ сын уый афтӕ: «Уӕ чындзӕн хӕзгул ис хӕйрӕджытӕй, фӕлӕ йӕ сымах нӕ уынут. Ӕхсӕв дӕр уымӕ ацӕуы. Бавдӕлут, ӕмӕ уӕ чындзӕн зӕгъын кӕнут йӕ хӕйрӕджы ном. Уӕд хӕйрӕгӕн йе сӕфт ӕрцӕудзӕн».

Бинонтӕ чындзы куынӕуал уагътой, уӕд сразы. Ӕмӕ куыддӕр йӕ хӕйрӕджы ном сцӕйдзырдта, афтӕ йын уый йе 'ртӕ ӕнгуылдзӕй йӕ сӕр ахафта, ӕмӕ дӕ фыдгул дӕр афтӕ – сӕр лӕгуынӕй аззад.

Афтӕ лӕгуынсӕрӕй фӕцардис.

Радзырдта йӕ 90-аздзыд Айларты Галӕ.
Ныффыста йӕ Дзуццаты Хасан, Ставд-Дуртӕ,
2006 аз.

ФОНДЗ ӔФСЫМӔРЫ ИУНӔГ ХО

Фондз ӕфсымӕрӕн уыдис иунӕг хо. Тынг рӕсугъд, сӕрӕн, хӕларзӕрдӕ чызг. Йе ‹фсымӕртӕ йӕ ӕгӕрон бирӕ уарзтой, хъахъхъӕдтой йӕ цӕсты гагуыйау, йӕ хӕрд, йӕ ацыдыл ын нӕ хъӕцыдысты, буц ӕй дардтой.

Сӕ фыд куы мардис, уӕд бадзырдта йӕ фырттӕм ӕмӕ сын загъта:

– Уӕ хо рӕсугъд чызг у, куы ‹рцӕуа йӕ рӕстӕг, уӕд ӕм бирӕ курджытӕ цӕудзӕн. Фӕлӕ йӕ сымах ма фӕдарут, фыццагдӕр ыл чи сдзура, уымӕн ӕй ратдзыстут.

Лӕппутӕн уыдис хорз хӕлар, кӕсгон ӕлдары фырт. Ӕмӕ фыццаг уый ӕрбаминӕвар кодта. Ӕмӕ *йӕ*, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, уымӕн радтой.

Чызджы ма сӕхи хъӕуӕй дӕр иу лӕппу уарзта. Чызг чындзы куы ацыдис, уӕд уый йӕхицӕн бынат нал ардта, тыхстис, йӕ зӕрдӕ рыстис.

Иубон ыл хӕйрӕг амбӕлд ӕмӕ йӕ фӕрсы:

– Цӕй, дӕхи цы хӕрыс, ӕз ӕй йӕ лӕгӕй ахицӕн кӕндзынӕн,

ærmæст-иу мæнмæ хъус, æз дын куыд амонон, афтæ кæндзынæ. Фæлæ мын уый тыххæй дзырд ратт, куы амæлай, уæд дæ уд мæн кæй уыдзæн.

Лæппу сразы ис. Мардæй ма мæ уд цæмæн хъæудзæн, зæгъгæ йæ ауæй кодта хæйрæгæн.

Уæдæй фæстæмæ лæппу арæх æмбæлдис æфсымæртыл, æмæ йын хæйрæг куыд амыдта, афтæ хъаст кодта сæ сиахсæй. Уæ хойы, дам уын нæмы, фосимæ йæ бакæны æхсæв, йæхицæн дзы кусæг сарæзта. Æмæ цы нæ дзырдта ардауынæй сæ сиахсæй!

– Цом-ма, æмæ уыцы куыдзы хъыбылæн йæ куыст бакæнæм, нæ хойы та нæ хæдзармæ ракæнæм, – загъта æфсымæрты хистæр. – Чи зыдта, æмæ ахæм хæрæг разындзæн?

– Йæхи куыд уæздан дардта, стæй нæ хойы зæрдæмæ дæр цыдис, – загъта кæстæр æфсымæр.

Сæхи срæвдз кодтой æмæ сæ хойы бæрæггæнæг Кæсæгмæ абалц кодтой. Æрдæгвæндагмæ куы бахæццæ сты, уæд та уыцы лæппу сæ размæ фæцис.

– Мæгуыр йæ бон уæ хойæн! Йæ лæг та йæ знон ехсæй ахæм над фæкодта, æмæ сыстынхъом дæр нæу. Æнæхъæн къуыри йын хæринаг дæр нæ радтой. Æз ныр уырдыгæй цæуын, сæ сыхаг мæ мадыхо у.

Иучысыл ма куы ауадысты, уæд сыл сæ сиахс амбæддис. Бацин сыл кодта. Бæхæй æрхизон куыд загъта, афтæ йæ æфсымæртæй иу фехста, æмæ бæхæй æртылди.

– Уый та дын нæ хойы æфхæрд, – загътой æфсымæртæ.

– Сымах уал ам фæлæуут, – загъта сæ кæстæр, – æз цæуон, нæ хойы ракæнон.

Лæппу бахæццæ йæ хойы хæдзармæ. Хо йæ куы ауыдта, уæд йæ размæ разгъордта, йæ хъæбысы йæ ныккодта. Дари дарæсты, хъæлдзæг, цæхæртæ калдта. Лæппу йын хабар радзырдта, загъта: «Цом ныртæккæ нæхимæ».

– Хуыцау уын æй ма ныббарæд! Æз тынг амондджын уыдтæн. Уæ сиахс мын мæ къух уазал доны атулын дæр нæ уагъта, тынг бирæ уарзтам кæрæдзи. Ныр цом, æмæ йæ кæм амардтат, уырдæм мæ фæхæццæ кæн, иу хатт ма йæ фенон.

Йæхæдæг йæ роны кард бамбæхста. Цы гæнæн ма уыд æфсымæрæн дæр. Бахæццæ йæ кодта йæ лæджы размæ. Чызг мардыл ныддæлгом ис. Стæй кардæй йæ зæрдæ фæрæхуыста æмæ амард. Сæхи фæхостой æфсымæртæ. Стæй, цы лæппу сæ ардыдта, уый, куыд фæцæйилыгъди, афтæ йæ ауыдтой. Адон дæ бæллæхтæ сты, зæгъгæ йæ фехстой. Куыддæр йæ уд систа, афтæ йæм хæйрæг фæлæбурдта æмæ йæ зындонмæ аскъæфта.

Радзырдта йæ 68-аздзыд Мæрзаты Ленæ.
Ныффыста йæ Дзуццаты Хасан, Дзæуджыхъæу,
2009 аз.

НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН

МÆРГЪИТЫ Венерæ

ХЪУГ

Уынгæй бауасыд нæ хъуг,
Мæгуыр, нал быхсы йæ уд.
Фæздон ма тыххæй хæссы,
Радуцут, дам, тагъд æхсыр!

Кæртæй ракасти нана,
– 'Рбацыди годо, кæс-ма.
Бакодтон дын, бецау, дуар,
Дуцын дæр та уадз мæ бар.

Рахаста нана къæрта,
– Годо, азарин уæд та?!
Хъæлдзæг зарджытимæ ныр,
Баиу æхсыры сыр-сыр.

ХÆФС

Цадæй дын мæм хæфс ыскаст
Хъоппæг цæстытæй æваст.
Скъуыд дзабырау дзых – ивæзт,
Марадз, кæд ныкъулы цæст.

Стыхстæн, дам, дæуæй æгæр,
Бындзытæй дæр зилы сæр.
Иунæг гæпп ыскодта хæфс,
Æмæ къогъойыл фæхæст.

СУСÆГХОР

'Рбасенк ласта цæрдæгæй
Нæ бур гæды мæ рæзты.
Бахъав-бахъав кæнгæйæ,
Æрвиты та йæ рæстæг.

Зæрдæхсайгæ кæстытæй
Сусæг фæндтæ ныввæнды.
Фынгыл – дзидза кæрстытæй,
Дары, бæгуы, йæ зæрдыл.

Тынг цæрдæг у нæ гæды,
Хинæйдзаг 'мæ амалджын.
Дыууæ хатты фæд-фæдыл
Фыдызгъæлæй фæхайджын.

НАНА ÆМÆ ДЗИБАТÆ

– Райгонд дæн мæ дзибатæй! –
Дзуры та нана.
Куы ахæриккой хибарæй
Ацы хатт, уæд та?!

– Дзиба, дзиба, дзибатæ! –
Басидти хъæрæй.
Разгъорут уæ хицаумæ
'Нæзивæгæй, цæй!

Зонут æй: фæхынцынмæ
У нана рæдау.
Уæд ызмæст йæ гыццылтæн
Не ссардзæни, ау?!

ЗАРАГ ГИНО

Зарджытæ мысынмæ
У Гино фыддæсны.
Асенк та Быбысмæ,
Цинтæ йын фæхæссы.

Арæх ын фæзары, –
Уа сын хъæлдзæг иумæ.
Йе 'нувыд хæлары
Гино уарзы бирæ.

ДЗИБАТÆ

Æз æххуыс кæнын нанайæн,
Иумæ дзибаты нымайæм.
Радтам сын ныр та хæринаг,
Сты гыццыл муртæ, нæ цинад.

Скатай уæд сæ мад фыр мæтæй,
Аккуырсут, дам, тагъддæр кæртæй.
Сфæлмæцыди тынг нæ цинтæй,
Айсут, дам, уæхи мæ цъиутæй!

ХОСДЗАУ

– Ратт мæм, цæй, баба, дæ цæвæг, –
Аххуыс дын кæнон.
Ракæрдын фæлмæн цъæх кæрдæг
У мæ рухс фæндон.

'Нахъом дæн нырма дæ цæсты.
Нал дæн саби æз.
Акусон, æри, дæ бæсты,
'Ххуыс кæнын – мæ хæс.

Фыд фæхъæлдзæгхуыз, æрлæууыд,
Иудзæвгар фæхъус.
Ныфсджын кæй у фырт, æууæнды,
У дзы зæрдæ рухс.

– Лæппу, уæдæ айс дæ цæвæг
Æмæ кæрд фæрнæй.
Сомбон, мæн уырны, аккаг лæг
Рауайдзæн дæуæй!

ЛÆВАР

Фыццагкъласон Мæдинæ
Райгæ згъоры сæхимæ.
Æривгъуыдта нæ рæзты,
Фондз та мадæн фæхæссы.

Дыууæ фондзы – ызнон дæр,
Цинæн нал уыд кæрон дæр.
Скодта ногæй йæ лæвар
Бæрæгбонхуыз сæ хæдзар.

ПЛИТЫ Татьянæ

СЫРХ ЗЫРЗЫРÆГТÆ

Аргъау

Раджы заманы Уæлладжыры комы хæхрæбын уыди иу хъæу. Йæ алыварс зади диссаджы хихджын хъæд. Йæ фарсмæ калди Урсдоны дон. Йæ цæрджытæ уыдысты саламджын, уазæгуарзон. Сæ хистæртæ – намысджын æмæ æгъдауджын. Сæ лæппутæ – æхсарджын æмæ уæздан. Сæ чызджыты рæсугъддзинады кой хъуысти æнæхъæн дунейыл. Раст ма-иу сæм курджытæ цыдысты сыхаг бæстæй дæр.

Иуахæмы къулбадæг ус фехъуыста уыцы хабар. Дагомы ,зæгъгæ, ахæм рæсугъд чызджытæ ис, æмæ раст цыма хуры тынтæй ныв сты. Уыдоны фенын æй бафæндыд. Йæхинымæр ахъуыды кодта: уыцы чызджытæн сæ хуыздæры уынд æмæ æрыгондзинад мæхицæн райсдзынæн.

Цас рацыди ууыл, чи зоны, фæлæ иу сæрдыгон изæр къулбадæгус æрцыди уыцы хъæумæ , йæхиуыл скъуыдтæ дарæс скодта,афтæмæй. Фыццаг кулдуар бахоста. Ракасти йæм хæдзары хицау æмæ йæ мидæмæ бахуыдта. Йæ разы йын æхсæвæр æрæвæрдтой æмæ йын сыгъдæг дарæс радтой. Къулбадæг ус фысымтæй тынг бузныг фæци. Æхсæвæрæй йæхи дзæбæх куы федта, уæд райдыдта бинонты фæрсын хъæуы хабæрттæй. Æппæтæй тынгдæр æй фæндыд хъæуы рæсугъддæр чызджы тыххæй базонын. Æмæ базыдта: уый у Заринæ, тагъд рæстæджы Сосланимæ чындзæхсæв кæмæн уыдзæн уый. Йæ дзыккутæ раст æхсæвыгон арвы хуызæн сатæгсау уыдысты, йæ бахудт та – хуры бахудты хуызæн ирд.

Нал ардта къулбадæгус йæхицæн бынат. Æхсæв-бонмæ хъуыды кодта, куыд райса Зæринæйы рæсугъддзинад. Æмæ райсомы 'рдæм йæ сæры сывзæрд иу хъуыды: чызджы доны былмæ расайдзæн, йæ дзыккутæ йын алыг кæндзæн æмæ сæ йæхи дзыккутимæ сбийдзæн. Æмæ суыдзæн æрыгон æмæ рæсугъд. Чызджы та æхсæрдзæны ныппардзæн.

Куыддæр хур хæхты сæрæй ракаст, афтæ къулбадæг ус бузныг загъта бинонтæн æмæ хъæуы 'рдæм ацыд.

Хъæумæ куы рбахæццæ и, уæд ауыдта, чызджытæ доны рдæм кæй фæцæйцыдысты. Йæ фысимты радзыдмæ гæсгæ базыдта Зæринæйы. Йæхи куырмæфсон скодта æмæ чызгмæ дзуры: «Хорз чызг, æхсæрдзæнмæ ма мын фæндаг бацамон». Уый зæронд усæн фæтæригъæд кодта æмæ йемæ æхсæрдзæнмæ ацыди.

Куы рбахæццæ сты доны былмæ, уæд та йæм зæронд ус дзуры: «Дæ хорз хорз у, фæлæ ма мын иу хатт балæггад кæн. Цалдæр сырх зырзырæджы ма мын æртон». Чызг бадис кодта, цæмæн хъæуынц куырм усы дидинджытæ, фæлæ ницы загъта. Куыддæр æргуыбыр кодта, афтæ йын къулбадæг ус йæ дзыккутыл ныххæцыд, хæсгард фелвæста, фæлæ дзыккуттæ алыг кæна, зæгъгæ, афтæ хъæдæй фæзынд Сослан. Лæппу уайтагъд усы къухтæй фелвæста хæсгард, æмæ йæ æхсæрдзæны ныппæрста. Къулбадæг ус арт-пиллон калдта фыр мæстæй æмæ лæппуйы ралгъыста, цæмæй Зæринæйы мыггагмæ ферох кæна, хъæуы чызджытæ та иуулдæр сырх зырзырæгтæ куыд фестой.

Лæппу ферох кодта Зæринæйы. Цæсты фæныкъуылдмæ хæхрæбын фæзынд рæсугъд быдыр сырх зырзырæгтимæ.

Куы æризæр и, уæд ныййарджытæ райдыдтой агурын сæ чыз-джыты, фæлæ сæ кой, сæ хъæр дæр никуыцæй зынд.

Цал сæрды раивта уæдæй нырмæ, чи зоны, бирæ цæссыгтæ фæкалдтой ныййарджытæ дæр, хъæуы цæрджытæ дæр, æмæ фыр мастæй чызджыты ныййарджытæ дуртæ фестадысты. Уæд баныхас кодтой, хъæуы ма цы цæрджытæ баззади, уыдон, – ацы æлгъыст бынатæй сыстын.

Бирæ азтæ рацыди. Ног хъæуы иу фæлтæр иннæйы раивта, уы-дон та æртыккаг, цыппæрæм фæлтæры. Æмæ рахъомыл и Сосланы байзæддаг. Йæхи хуызæн бæрзонд,æхсарджын лæппу. Æмæ ууыл дæр сæвæрдтой ном Сослан.

Иуахæмы лæппу райдыдта йæ фыны уынын цъæх-цъæхид бы-дыр сырх зырзырæгтимæ. Райсомæй-иу куы райхъал, уæд та-иу йæ цæстытыл ногæй уадысты.

Уыцы хъæуы иу зæронд лæг уыди, цыди йыл сæдæ азы. Иуæй-иу хатт-иу йæхи ном дæр нал хъуыды кодта. Куы та-иу диссаджы рагон хабæрттæ дзырдта, йæ фыдæлтæй кæй фехъуыста, ахæмтæ. Дзырдта-иу Дагомы, кæддæр, фыдбылызæй лидзгæйæ, цы хъæу ныууагътой, уый тыххæй. Фæсивæд сфæнд кодтой уыцы хъæу фенынмæ балцы ацæуын. Сæ бæхтæ баивтыгътой æмæ ацыдысты.

Куы бахæццæ сты, уæд кæсынц æмæ хъæуы лæууынц дуртæ, раст адæмы хуызæн, цыма сæ сæртæ æркъул кодтой, афтæмæй. Диссаджы рæсугъд хихджын хъæд. Æмæ быдыр... Цъæх-цъæхид быдыр сырх зырзырæгтимæ... Сослан æдзынæгæй баззади. Йæ зæрдæ цыдæр æнахуыр æлхысчъытæ ыскодта, раст цыма йæ туг йе уæнгты ныллæууыд, уыйау. Касти æмæ касти быдырмæ, дис-саджы рæсугъд быдырмæ.

Лæппутæй йæм чидæр бадзырдта, цæугæ кæнæм, зæгъгæ, æмæ фæстæмæ ацыдысты.

Бынтон нал ардта дунейыл бынат йæхицæн Сослан.Уыцы быдыр æй йæхимæ æлвæста. Уыцы сырх зырзырæгтæ йæм цыма адæймаджы хъæлæсæй дзырдтой.

Бафæллад йæ хъуыдытæй æмæ сфæнд кодта сыхаг хъæумæ дæснымæ ацæуын.

Куыддæр къæсæрæй бахызти, афтæ йæм дæсны дзуры: «Сослан, æнхъæлмæ дæм кастæн. Зонын æй, цæй фæдыл мæм æрбацыдтæ, уый. Хъуамæ зонай: цы зырзырæгтæ уыныс дæ фыны, уыдон сты æрыгон чызджытæ æмæ се 'хсæн ис, хъысмæтæй дæм цы мойаг хауы, уый. Рæсугъд Зæринæ». Уыцы ном куы фехъуыста лæппу, уæд йæ удыл раст цыма базыртæ фæзынди, æмæ цыма цъæх арвы бын зылди.

Дæсны дарддæр дзырдта: «Афæдз иу хатт, сæрды астæу, мæй æппæтæй бæрзонддæр цъитийы сæрмæ куы 'рлæууы, уæд зырзырæгтæ фестынц чызджытæ, æмæ та райсомырдæм свæййынц дидинджытæ. Хъуамæ æрбацæуай уыцы æхсæв, æмæ дæ чызг хъуамæ базона, – уæд къулбадæг усы кæлæнтæ фесæфдзысты, йæхæдæг та фестдзæн зæронд бæлас».

Дæсны йын куыд бацамыдта, афтæ ацыд Сослан Дагоммæ.

Куы 'рталынг и, уæд мæй хохы фæстæйæ сдардта йæ бур сæр. Ныррухс и быдыр. Зырзырæгтæ дымгæмæ цыма кафгæ кодтой, афтæ змæлыдысты, сæ дидинсыфтæ ты сырх къæбаты хуызæн пæр-пæр кодтой.

Сослан уыцы æрдзы нывмæ æдзынæгæй касти. Нæ йæ бамбæрста, дидинджытæ чызджытæ куыд фестадысты. Йæ зæрдæ раст цыма ныртæккæ фæндыры тæнты скъуыд акæндзæн, афтæ йæм касти. Ауыдта дыууæ сау цæсты, дыууæ сау денджызы. Цыма сæ рагæй дæр зыдта, афтæ йæм каст. Чызджы цæсгом афæлурс, æмæ арф кацæйдæр йæ риуæй схауди: «Сослан! Цас дæм æнхъæлмæ кастæн!».

Фесты хинтæ. Къулбадæг ус зæронд бæлас фестад.

Дагомы дуртæ райгас сты, æмæ ныййарджытæ сæ чызджытыл цинтæ кодтой.

Сослан адæмы акодта йæ хъæумæ. Радзырдта хъæубæстæн хабæрттæ.

Сослан æмæ Зæринæйæн ахæм чындзæхсæв скодтой, æмæ ма ныр дæр йæ кой фæкæнынц.

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ТОМАЙТЫ МИСУРХАН

(1940 аз)

Томайты Мысырбийы чызг Мисурхан райгуырди 1940 азы 13 сентябры Узбекистаны. Бинонтæ Ирыстонмæ сыздæхтысты 1946 азы. Мисурхан литературæйы фыццаг къахдзæфтæ кæнын райдыдта 16-аздзыдæй. Дæсны уыд нывтæ кæнынмæ дæр. 1960 азы ахуыр кæнынмæ бацыд Педагогон училищемæ. Уыцы рæстæг мыхуыры цыдысты йæ уацмыстæ. Йе сфæлдыстадæн чиныгкæсджытæ хорз аргъ кæй скодтой, уый йæ сразæнгард кодта Мæскуыйы Максим Горькийы номыл Литературон институты ахуыр кæнынмæ.

Уый фæстæ куыста газет «Рæстдзинад»-ы.. 1972 азы сси Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературон музейы наукон кусæг. 1984 азы та йæ снысан кодтой музейы сæргълæуузгæй.

Мыхуыры йын рацыд къорд чиныджы: «Къахвæндаг», «Адæймаджы фæд», «Кадæггæнæг Томайты Мысырби», «Адæймагæй адæймаджы æхсæн»...

ФЫРТ

Радзырд

1

Уыд мæйрухс æхсæв. Хъæу ныссабыр, æрмæст ма пырындзы хуымты æнæрæнцойæ уасыдысты хæфсытæ. Рог дымгæ узæлыд зæххыл. Бæрзонд обауæй чидæр кæмæдæр куыд хъæр кодта, уый æрбайхъуыст дардæй. Уый дæр ын дзуапп радта, æмæ та бæстæ ныссабыр. Кæмдæр чызджытæ ныззарыдысты, дойрæйы цæгтæ бадзæгъ-дзæгъ кодтой, æмæ зæрдæ бахъæлдзæг, фæлæ та зарæг дæр фæцис, æмæ æрдз ногæй бамынæг. Чысыл раздæр æй чи баауон

кодта, уыцы тар мигъы бынæй цалхыдзаг мæй ратылд æмæ хуымтæ ныррухс кодта.

Æнтæф боны фæстæ дæр агъуысты æнуд уыдис, æмæ æз нал æмæ нал фынæй кодтон. Мæ зæрдыл æрлæууыд Мухтар. Æвæццæгæн, мæйрухс æхсæв кæй уыд, уый тыххæй. Ахæм æхсæвты-иу Мухтар цагъта дойрæйæ…

2

Мæ алыварс цы цæуы, уый æмбарынхъом куы фæдæн, мæ фыды сагъæсæй дзаг цæстæнгас уæдæй фæстæмæ райдыдтон иртасын.

Иухатт мæ мады бафарстон:

–Нана, баба æдзух афтæ æнкъард цæмæн вæййы?

– Æнкъард? Уый дæумæ афтæ кæсы, мæ хъæбул, – дзуапп радта мад æмæ тыхджындæр æрæууæрста, сапоны фынкæй тасы чи нал зынд, уыцы дзаумæттæ.

– Нана, – баййардтон æй æз, – уæдæ Азизæйы фыд афтæ æнкъард цæуылнæ вæййы? Уый ма немæ дæр куы фæхъазы, стæй нæ уæрдоны дæр фæралас-балас кæны.

– Хорз, хорз, ауай мæ хур, ахъаз Азизæимæ. Кæд дæуæн дæр дæ фыдæн Хуыцау фырт балæвар кæна, уæд уый дæр схъæлдзæг уыдзæн.

Мад мæм комкоммæ ныккаст, цымæ йæ бамбардзынæн æви нæ, уый базонын æй фæндыди, стæй арф ныуулæфыд æмæ мæ йæ хъæбысы æрбакодта.

Азизæ æцæгæй дæр, мæнмæ æнхъæлмæгæсгæ, лæууыд дуармæ. Уый уыд ме 'мгар узбекаг чызг. Йæ мады халдих. Уыйау Азизæйæн дæр уыд бæрзонд сау æрфгуытæ æмæ сау дæргъæлвæст цæстытæ. Доны былмæ азгъордтам, фæлæ æз иннæ хæттытау хъæлдзæг нæ уыдтæн. Азизæ цы нæ фæкодта, цы кæнын, уый базонынæн, уæддæр ын ницы загътон.

Изæры мæ фыд куыстæй куы 'рбацыд, уæд, даргъ бандоныл цы сæгъдзарм тыд уыд, ууыл йæхи æруагъта. Афтæ æрхуыссаг-иу уыд, йæхи-иу куы ныхсадта, йæ дзаумæттæ-иу куы раивта, уæд. Тракторыл кусын æнцон нæ уыд хуры къæйймæ.

Цыма фанерæй арæзт царыл исты агуырдта, уыйау æм нымдзаст, æмæ ма-иу рæстæгæй-рæстæгмæ йæ цæстытæ фæныкъуылдта, уый куы нæ уыдтаин, уæд афтæ зынд, цыма улæфгæ дæр нæ кодта. Мæнмæ афтæ каст, цыма, райсомæй мæ мадæй цы фехъуыстон, ууыл хъуыды кодта, æмæ мæхинымæр загътон: «Æз æй æмбарын, дæ хъуыдытæ цæуыл сты, уый...»

Фæлæ мæ фыд куыд бамбæрстаид мæ хъуыдытæ? Цалынмæ фынгыл нæ мад хæринаг æрæвæрдта, уæдмæ фæхуыссыд æнæистысдзургæйæ, стæй рабадт.

Иубон нæ фыд йæ куыстмæ куы ацыд, мæ хистæр хо та – скъоламæ, уæд мæм мæ мад бадзырдта иннæ уатмæ:

– Азæ, сыстадтæ?

– О.

– Суг чи фæуæй кæны, уыцы сидзæр лæппуйы нæ зоныс?

– Зонын.

– Нæ зæрды дзы фырт скæнын ис, – загъта æрæджиау мад, цыма, уыцы уысм æмбæлы уыцы хъуыддаг бакæнын æви фæстæдæр, ууыл асагъæс кодта.

Изæры нæ фыд уыцы лæппуйы йемæ 'рбакодта. Цыдаид ыл фынддæс азмæ 'ввахс. Фыр æфсæрмæй нæм скæсын дæр нæ уæндыд æмæ йæхи ныггуыбыр кодта.

Мах уыцы изæрæй хъæлдзæгдæрæй никуы федтам нæ фыды. Амондджынæй йæ мидбылты худт. Хъазæн ныхæстæ кодта.

– Гъы, куыд дæм кæсы де 'фсымæр? – бафарста мæн æмæ мæ йæ хъæбысмæ систа. Мæ фыды дæрзæг уадулыл мæхи бакъул кæнгæйæ, кастæн, æфсымæр мын кæй схуыдта, уыцы лæппумæ.

– Хонгæ та йæ куыд кæндзынæ?

– Мухтар-акя[1], – загътон æз.

Фыд та ныххудти. Мухтар ноджы тынгдæр ныфсæрмы ис.

– Раст зæгъыс, мæ гыццыл чызг, де 'фсымæр дæуæй бирæ хистæр у, æмæ йæм хъуамæ афтæ дзурай, – сразы мæ ныхасыл фыд.

Дыккаг бон нæ мад лæппуйæн дзаумæттæ бахуыдта. Скодта йыл урс хæдон æмæ сау сатинæй цыбыр хæлаф. Саулагъз цæсгомæн

[1] Акя – афтæ дзурынц узбекægтæ хистæр нæлгоймæгтæм

цæхгæр æууæлтæ лæвæрдта урс нымæтхуд. Уый бынæй æрпырх сты сатæгсау къæбæлдзыг сæрыхъуынтæ.

3

Мæ мад æмæ-иу мæ фыдæй арæх хъуыстон: «Рæхджы нæ райгуырæн Кавказмæ цæуæм...» Мæнæн дæр уыцы кой адджын уыд, æмæ æнхъæлмæ кастæн, мæнæ ныр уырдæм цæуæм, зæгъгæ, кæд зæгъдзысты, уыцы бонмæ. Рудзгуыты акомкоммæ цы стырсыфджын дидинджытæ зад, уыдоны сыфтæй-иу æрсастон æмæ-иу дзы, мæхицæн хурæй аууон кæнгæйæ, тæвдæй къæхтæ кæуыл нæ лæууыдысты, уыцы фæндагыл араст дæн, æз Кавказмæ цæуын, зæгъгæ.

Цы уадаид, цымæ, мæ цæстытыл? Цавæр хъæрмад-иу равзæрд мæ зæрдæйы, райгуырæн бæстæ мын чи нысан кодта, уыцы ныхас дзургæйæ? Уымæн ныхæстæй зæгъæн нæй. Æрмæст зæгъдзынæн уый, æмæ уыцы цин хуымæтæг кæй нæ уыд; æз рагацау уарзтон, кæуыл никуыма ’рлæууыдтæн, уыцы фыдæлты зæхх, æмæ йæм ме ‘нахъом зæрдæ дæр бæллыд.

Нæ мад радзырдта нæ балцы тыххæй Мухтарæн дæр. Лæппуйы дæр фæндыдис махимæ ацæуын æмæ нæ-иу афарста: «Тагъд ацæудзыстæм Кавказмæ?»

Рацыд афæдз. Мухтар сахуыр махыл, æмбарын нын райдыдта не ’взаг дæр, æрмæст дзургæ зынæй кодта. Фыццагау хаста бæмбæджы хæтæл сугæн, æрмæст уæйæн нæ, раздæр йæхицæн къæбæр амал кæнынæн куыд хаста, афтæ, фæлæ – нæ хæдзармæ. Суанг-иу изæрмæ хызта арф хъамылты нæ хъуджы, стæй-иу æрцыд цъæх-цъæхид кæрдæджы дæлармимæ.

Фыццаг хил рамбæрзта лæппуйы саулагъз цæсгом. Алцæмæ дæр – арæхстджын, зивæг нæ зыдта, æрмæст, цы нæ йын фæкодтой нæ мад æмæ нæ фыд, скъоламæ бацæуын сын нæ бакуымдта. Кæддæр кæйдæр фæрцы кæсын æмæ фыссын базыдта æмæ ууыл æгъгъæд загъта ахуырæн.

Цалдæр мæйы фæстæ нын иу хъыг хабар нæ бинонты сабыр цард базмæста. Нæ хъæуы цард, дард хæстæг Мухтарæн чи æййæфта, ахæм сылгоймаг. Иубон сæ рæзты куы æрцæйцыд Мухтар, уæд

æй бахуыдта, дæ дзых алтъамитæй ауазал кæн, зæгъгæ. Йæ цард, йе 'нæниздзинадæй йæ бафарста, стæй йын бафæдзæхста, махимæ цæуыныл куыд нæ сразы уа, афтæ.

Уæдæй фæстæмæ Мухтар цыма къæссавæлдæхт фæци.

Иубон нæ мад нæ фыдæн йæ куыстмæ аходæн ахаста. Фæстæмæ цæугæйæ фæндагыл фембæлд Мухтарыл.

Лæппу уыди хъæлдзæг, мынæг хъæлæсæй цавæрдæр зарæг зарыд. Нæ мады дони иннæ фарсмæ хъуыд йæ файнустмæ ауайын, æмæ, Мухтары куы федта, уæд бацин кодта. Йæ хæссинаг æм радта æмæ йæ нæхимæ рарвыста, йæхæдæг ацыд.

Фæстæмæ куы æрбаздæхт, уæд дуарыл рахæцыд, фæлæ дуар мидæгæй æхгæд разынд. Мадмæ диссаг фæкаст уый, æмæ йæ къахæй дуар бакъуырдта. Къæпсыр схаудта, æмæ дуар байгом. Мухтар тарстхуызæй лæууыд хæдзары астæу. Мад фæкомкоммæ сынтæджы змæстмæ. Мухтар удаистæй кастис нæ мадмæ, цас йæ бон уыд, уыйас æнцад куы уыдаид, ууыл архайгæйæ, фæлæ йыл йæ цæстытæ комдзог рацыдысты – Мухтар сайæн митыл ахуыр нæ уыд.

«Уый циу?» – хъуыды кодта мад, фæлæ хъуыддаг хорз бамбæрста...

Лæппуйы уæхсчытæ ныггуыбыр сты, цыма сæ раст йæ давæггаг бамбæхсынмæ хъавыд, уыйау йæ сæр æруагъта æмæ сагъдауæй лæууыд. Мады зæрдæ фехсайдта, ам фыдæвзаг ис æмæ йын йæ ныронджы хæларзæрдæ Мухтары фæрæдийын кодта, зæгъгæ.

– Цы куыстай?.. Дæ къухы та цы ис? – нæ мад ын йæ цонгмæ фæцæйæвнæлдта, фæлæ лæппу йæ цæстытæ доны разылдта æмæ йæм æнкъардæй скаст, стæй æхца стъолыл æрæвæрдта.

Мад йæхи фæтар кодта:

– Цæмæн дæ бахъуыдис æхца?

Мухтар ницы дзырдта.

– Æз дæу фæрсын, – йæхи бынтондæр фæтызмæг кодта мад.

Мухтар скуыдта.

– Ныббар мын!.. Ахæм ми никуыуал бакæндзынæн. Куыд хорз мын уыдыстут, уый зонын, зонын, фæлæ... Мæ хæстæг мæ... Ныббар мын! – йæ цæссыг калдта лæппу. Куыдта нæ мад дæр.

«Ныр ацы хабар не схъæр кæнин, фæлæ лæппу афтæ æвзæр ахуыр куы фæуа æмæ дзы къæрных куы рауайа, уæд та? Куы йæ зæгъон, уæд та йын махмæ бынат нал уыдзæн», – сагъæссаг фæцис мад.

Мухтар дæр бон-изæрмæ йæхицæн бынат нæ ардта.

Дзæгъæл бадтæй куы сфæлмæцыд, уæд-иу æлыгæй чындзытæ аразынил фæци, фæлæ йын уыдон дæр ацы хатт мæстæймарæгау хорз нæ уадысты. Уæддæр дзы, æз цалынмæ скъолайæ цыдтæн, уæдмæ иу скодта. Æз тынг бацин кодтон Мухтары лæварыл:

– Гъа, мæ гыццыл хо, уый дын де 'фсымæры лæвар. Æндæр дын цы ныууадзон, уый нæ зонын. Ма йæ асæтт. Мухтар уыд рыстхуыз, стæй мын ахæм чындзытæ бирæ хæттыты скодта, фæлæ сæ ма асæттон, уымæй мæ никуы фæдзæхста. Куы мын асæтта, уæддæр та мын Мухтар æндæр чындз сараздзæн, уый зыдтон, æмæ сыл никуы тыхстæн. Фæлæ ныр Мухтары ныхæстæм мæ зæрдæ фехсайдта, æмæ йæ афарстон:

– Æмæ искæдæм цæуыс, Мухтар-акя?

– О, цæуын...

– Цæмæн зæгъыс афтæ, Мухтар-акя? Ау, махмæ дын æвзæр у?..

– Нæ! Сымахмæ мын æвзæр нæу... – загъта лæппу æмæ иуварс ацыд.

Цы бамбарын мын хъуыд, Мухтары цыдæр маст бацыд, уый, æмæ та йæ ныхæстæ ногæй мæ хъустыл ауадысты: «Сымахмæ мын æвзæр нæу».

Тынг тæригъæддаг мæм фæкаст Мухтар, æмæ скуыдтон.

Нæ фыд йæ куыстæй куы 'рбацыд æмæ Мухтары æнкъардæй куы федта, уæд батыхст:

– Цы кæныс, лæппу, рынчын дæ, мыййаг?

– Нæ, рынчын нæ дæн.

Фыд æй дарддæр ницæмæйуал бафарста, афтæмæй мидæмæ бахызт.

Мад дæр æнкъард уыд, æмæ йæ фыд куы бафарста, цы кæны, уымæй, уæд ын хъуыддаг радзырдта.

Фыд Мухтармæ фæдзырдта, æмæ уатмæ бацыдысты. Æддæмæ хъуыст фыды сабыр, фæлæ тызмæг ныхас. Мухтары хъæлæс нæ

хъуыст. Æвæццæгæн, æппындæр ницы дзырдта. Ныхас куы фести, уæд фынджы уæлхъус æрбадтысты, фæлæ сæ мæстæлгъæдæй хæринагмæ ничи æвнæлдта. Мухтар бадт нæ фыды дæле, фæлæ иннæ хæттытау фыд йæ хæйттæ не 'вæрдта лæппуйы тæбæгъы, нæ йæ фарста, кæд ма йæ зæрдæ исты зæгъы, уымæй. Фыд систад. Мухтар ма йæм, æвæццæгæн, æнхъæлмæ каст исты хуыздæр ныхасмæ, фæлæ фыды цæстæнгас нæ аивта: уыд тар æмæ тызмæг. Иннæ уатмæ бахызт, цыма, куы йын фæтæригъæд кæна, æндæр зонд æм куы 'рцæуа æмæ йæ куы баурома, уымæй тарст. Æмæ цы рауайдзæн лæппуйæ, чи зоны? Абон ахæм ми чи бакодта, уый цæмæй бæрæг у? Нæ, раст лæгæй фæцард, æмæ йæм Мухтарæй исчи афтæ бацамона, ацы лæгæн давæг фырт и, зæгъгæ, фæлтау…

Бæргæ дзы ныфсытæ æвæрдта йæхицæн, хорз лæппу у Мухтар æмæ мын фырт уыдзæни... Фæлæ нæй, уæд – нæй.

Лæппу махыл йæ цæстæнгас ахаста, стæй, йæ зæрдæниз æмбæхсгæйæ, дуар бакодта æмæ æддæмæ ахызт.

Нæ мад йæ цæстысыгтæ æркалдта, æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма йæхи тыххæйты урæдта, цыма ныртæккæ Мухтары фæдыл адзурдзæн: «Фæстæмæ раздæх, лæппу!»

Уыцы рæстæг мæ зæрдыл æрбалæууыд, Мухтары нæ фыд цы бон æрбакодта, уый...

Мухтар йе 'ргом сарæзта уæлмæрдты 'рдæм, æвæццæгæн, йæ мад æмæ йæ фыды ингæнты раз бадын фæндонæй.

4

Бонтæ æмæ мæйтæ кæрæдзи ивтой. Цыд рæстæг, æмæ нæ гыццылгай Мухтар рох кæнын байдыдта. Æрмæст ма нæ зæрдыл хорз лæууыд, ногæй та суг чи хаста æмæ чи уæй кодта, уый кæддæр нæ бинонтæй кæй уыд, уый. Æндæргау-иу æхсæвыгон æрбахызт нæ кæртмæ. Чи зоны, æмæ-иу нæм рудзынгæй дæр каст æмæ хъуыста, йæ кой-иу куыд ракодтам, куыд-иу æй æрымысыдыстæм, уымæ. Райсомæй та-иу нæ мад сугдоны раз раййæфта бæмбæджы хæтæлты стыр баст æмæ-иу йæ цæстытæ доны разылдта.

Иуизæр та ме 'мбæлттимæ æмбæхстытæй хъазыдтæн. Агургæ

хъуамæ æз кодтаин. Мæ цæстытæ бацъынд кодтон, æмæ, куыддæр нымайын райдыдтон «иу, дыууæ, æртæ...», афтæ кæйдæр хъæлæс айхъуыстон. Ракастæн, æмæ чысыл фалдæр ауыдтон Мухтары. Махæй куы ацыд, уæдæй фæстæмæ йе уæд фыццаг хатт уыдтон.

Æз лæугæйæ аззадтæн мæ мидбынаты, бацæуон æм æви нæ, ууыл хъуыды кæнгæйæ, уæдмæ мæм Мухтар фæдзырдта:

– Азæ, рауай-ма ардæм.

Æз æм бацыдтæн.

– Цы кæныс, Мухтар?

– Цæмæн – Мухтар, Мухтар-акя нæ фæлæ?

Æз фефсæрмы дæн.

Загътон:

– Уымæн æмæ ды ме 'фсымæр нал дæ, махæй ацыдтæ...

Мухтар мæм æнкъардæй бахудт:

– Гъа, уæдæ, мæнæ ацы рæсугъд чызг дæхицæн ахæсс, – æмæ та мын æлыгæй арæзт чындз радта.

Лæппуйæн йæ цæсгом уыд, махæй цы бон цыдис, уыцы боны хуызæн, æнкъард æмæ рыстхуыз. Æз тынг бацин кодтон мæ ног лæварыл æмæ йæ райстон.

Мухтар ацыди, фæлæ ма æз уæддæр лæууыдтæн æмæ йæ фæстæ кастæн. Цас дарддæр кодта, уыйбæрц мын зындæр уыд, æмæ мæм мæ зæрдæ дзырдта, цыма æппындæр кæрæдзи никуыуал фендзыстæм. Æмæ хъуыддаг уæвгæ дæр афтæ рауад: тагъд рæстæджы мах рараст стæм нæ райгуырæн бæстæм, æмæ, кæуыл сахуыр стæм, уыцы зæххæй уæлдай нæ алкæй зæрдæ дæр рыст нæ фыдæнхъæл бинойнаг Мухтарыл. Фæндаджы фæрстæм дæр ма бæргæ кастыстæм, фæлæ Мухтар уым никуы зынд. Чи зоны, æмæ йæ æндæр бинонтæ барæвдыдтой, æмæ уыдонмæ æрфысым кодта, кæнæ та искæмæн мыздыл йæхицæн къæбæр самал кæныны фаг æмбырд кодта бæмбæджы хус хæтæлтæ…

1958 аз

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

● **28 июны** Ирон адæмы геноциды 100 азы бонмæ ирон интеллигенцийы минæвæрттæ бабæрæг кодтой, Бургустанмæ 1920 азы фæцу æмæ ма 'рцуйы фæндагыл Ирыстонæй цы 1550 цардбæллон хъæбулы фæцыд, уыдоны номыл цыртдзæвæн Бургустаны. Сæвæрдтой йыл дидинджытæ æрымысыдысты сын сæ рухс нæмттæ.

Бургустан. 2020 аз

● **1 июлы** Уæрæсейы Федерацийы цæрджытæн сæ фылдæр схъæлæс кодтой УФ-йы Конституцимæ бахæссинаг ивддзинæдтыл.

● Рауагъдад «Ир» джиппы рауагъта УФ-йы сгуыхт æмæ РЦИ-Аланийы адæмон артист Тылаттаты Бексолтаны мысинæгты чиныг «Царды фæндæгтыл».

● **11 июлы** Стыр Уæлахизы 75 азы кадæн Джызæлмæ хæстæг фæндагыл байгом Барбашовы фæзы мемориалон музейы дыккаг хай.

«Мах дуг»-ы равдысты цы къамтæ ис, уыдон ист сты Ирон театры æвæрæнтæй.

* * *

Шеф-редактор Н.С. ДЖУСОЕВА
Корректор А.К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка М.Т. БАГАЕВ
Специалист по информационным ресурсам А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакцийы куысджытæ авторы хъуыдыимæ алкæд разы нæ вæййынц.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО—Алания 362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор — 25-09-64;
отдел поэзии, корректор — 25-09-74; бухгалтерия, компьют. — 25-22-47.

Подписано к печати 16.07.2020 г. Формат издания 60х90 1/16. Бум. офсет. №80г./м². Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1800 экз. Заказ №259. Цена свободная. Выход из печати 27 июля 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.